Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

**Сабигат МухIамадова:**

*“ГIасрабазул гъатаз бахчизабичIеб Паркъолеб хутIана Шамилил хвалчен”*





3/2022

май - июнь






ГЬУДУЛЛЪИ

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Агенство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана
1952 соналда
Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году
Расулом Гамзатовым

**3**

**2022**

**май - июнь**

**Государственное бюджетное
учреждение Республики Дагестан
«Редакция республиканских
литературных журналов
«Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул
редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургъалова,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## Номералда руго:

### РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

Дица кечI ургъуларо, дица кечI гьабуларо……………………………………………3

### ГIЕРЕТI ЦIУРАБ ГIОЛАРЕБ, РОКЪОБЕ ЩВЕЗЕ ККОЛЕБ

**МухIамад АхIмадов.** Меседил къатIраби – рокьул рагIаби……………………………5
**МухIамад ПатахIов.** РекIел хинлъиялъ хаслъи кьурай шагIир……………………9
**Сиражудин ХIайбулаев.** Поэзиялъул нухда…………………………………………14
**МухIамад МухIамадов.** ГIадамасул рекIел хIал рагьулеб тIехь……………………16

### МАГIАРУЛ ХАЛКЪАЛЪУЛ КЪВАКIИ БОРЦИНЕ, ДУР БИЦАНИ ГIОЛА, КIУДИЯВ ИМАМ

**Сабигат МухIамадова.** ГIасрабаз къваридго борхатаб кьуру, ЩибгIаги дуй ккараб гьедин гIодизе……………………………………………………………19

### МАКЬИЛЪГИ БИХЬУЛА ЛЪЛЪИТIАКЬО МЕГIЕР

**Наби ГIисаев.** РогьелгIан гвангъарал дир анищазде…………………………………42

### ГУРЕЛ ДАГIБАЯЗДА РУГЕЛ ГIАДАМАЛ, ЩАЙ ХИНЛЪИ ТОЛАРЕБ ХАДУР ГIОЛЕЗЕ?!

**МахIмуд-Апанди МухIамадов.** Абула их бугин рокьул завалин, Замана цIеханищ нилъер гIищкъуялъ!…………………………………………………………56

### КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

**Манарша ГIисаева.** Мухтарил магIил ахир *(поэма)*……………………………………63
**Шамай Хъазанбиева.** Къисматалъул расенал………………………………………75
**Шамил МухIидинов.** БетIергьанас гьаб гIумру хIалбихьилъун кьун буго....83

---

*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №3 2022 г.**
*май - июнь*
*На аварском языке*

Выход в свет 15.06.2022 г.
Тираж 750 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 1221 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

## ДИЦА КЕЧІ УРГЪУЛАРО, ДИЦА КЕЧІ ГЬАБУЛАРО

*Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал! Мунагьал чураяв магIарулазул шагIир МухIамад ПатахIов вукIана, кIудияв рагIул устар гуревги, роцен битIарав литературоведги. Гъунар бугебги гьечIебги мухъ батIабахъизе лъалаан гьесда.*

***Дица кечI ургъуларо, дица кечI гьабуларо,***
***УргъичIого, бачIа гьеб, бадибе магIу гIадин, –***

*гьедин хъвана нилъер ХIамзатил Расулица. «ГьечIев поэтасул вечер букIана, ЛъугьинчIел кучIдузе гьурра ахIана», – абурал рагIаби хъвана МухIамад АхIмадовас, кодоре росизе гIоркьал гурел, гIодор лъезе тIину гурел «асаразул» хIакъалъулъ.*

*Жеги «Дир Дагъистаналда» мисал буго цо «хъанда-шагIирасул» хIакъалъулъ. Чанго сагIаталъ гьес кечI ахIанила: «Тирулеб, сверулеб гьобоги буго, тирулеб, сверулеб гьобоги буго», – ян абун. Цинги гьеб залалъув цохIо живго хутIун вуго гьев, гIадамалги ун.*

*Рихьула чIахIиял хIарпаз понцIозарурал «тIахьал», цоцазде реццалъул учузал, тIадагьал, релъи речIчIулел, гьодорал мухъаз кьабгIун цIезарурал. Базаралъул бокIнилъ ричулел гьурщаби гIадин, сценаялдасан «фанераялъ» ахIизеян яги цоги жалазде данде ккезабун, «план» бахъун, нусго тIехь бугилан керен бухизе «хъвалеб жоги» адабият гуро. Адабият буго цIакъ тIадегIанаб, къанагIатал гIадамазе гурони жиб рагьулареб Аллагьасул къудрат. Щивас тIад гьир лъолеб гьод хIулараб хIама гуро поэзиялъул айгъир букIунеб. Гьединал «авторасе» бокьаниги, бокьичIониги – гьеб жо литература гуро, гьеб жоялда литератураян абуни, хIакъ букIина ва классикал хабалъ кьурила.*

*«ГъудуллъиялЪул» цебесеб номералдаса чанги лъим гIораз ральдахъе хъамун ана. Улкаялда цадахъ Дагъистаналъул хъвадарухъабазги кIодо гьабуна 9 Май – КIудияб бергьенлъиялъ 77 сон тIубай. ЦIияб фашизмалда данде рагъулаго, Украинаялда къадаралде щвана чанги магIарул бахIарчи. Аллагьас гьезие ахират лъикIаб кьун батаги ва бергьенлъиялда гьеб операция рагIалде бахъаги.*

*Гьединго исана маялда лъикIаб тадбир тIобитIана Гъизилюрт районалда. «Гъудуллъи» журналалъ 70 сон тIубаялде гьабураб хъвадарухъабазулгун букIараб дандчIваялда жигараб гIахьаллъи бихьизабуна гьеб районалъул нухмалъулев Рустам Татархановас. Нилъер адабияталъул журналалъе подписка гьабизе квербакъана Рустам*

*Татархановас. Редколлегиялъул ва магIарулазул рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабулеб буго Рустам Татархановасе ва Гъизилюрт районалъул администрациялъе Дагъистаналъул адабияталде, мацIалде ва цIаралде бугеб лъикIаб бербалагьиялъухъ! Аллагь разилъаги! Гьарула гIумрудулъ ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби! Гьеб сапаралда гIахьаллъана Дагъистаналъул халкъияв шагIир ва халкъияв бахIарчи ТIелекьа КъурбанмухIамад МухIамадов, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул авар секциялъул нухмалъулев Рулдаса Ибрагьимил МухIамад, Дагъистаналъул литературиял журналазул бетIерав редактор Гьонодаса Мурад АхIмадов ва гьал мухъазул автор. Аллагьас хъван батани, хIисабалде босун буго гьединал сапарал ва дандчIваял хадурккунги тIоритIизе.*

*Дагъистаналъул хъвадарухъабазул асарал росана Владикавказалда исана къватIибе биччараб Россиялъул жакъасеб адабияталъул антологиялдеги. МагIарул хъвадарухъабазул асаразда гъорлъ гьенир руго Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасул кучIдул ва гьал мухъазул авторасул «ХIаригабурлъухъ» къиса.*

*Исанасеб сон ккола Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиевалъ 90 сон тIубалеб лъагIел. Гьелда ва цогидал нилъер рагIул устразабазул юбилеязда хурхарал тадбиралги унел руго республикаялда ва гьеб бахун къватIирехун. Аллагьас лъикIаб хъван батаги, лъикIаб бихьаги, лъикIаб рагIаги, нагагьаб балагьалдаса цIунаги. Амин.*



## МЕСЕДИЛ КЪАТIРАБИ - РОКЬУЛ РАГIАБИ

Ахирал соназда аваразул поэзиялда раккарал руччабазул цIараз битIахъе цIад базабулеб бугилан ккола.

Руго гьезда гьоркьор гьунар бугелги гьечIелги, рачIунелги унелги, унаго хутIаралги, машгьуралги лъаларелги, кире аралали лъачIого тIагIунелги, тIадегIаналги.

Поэзия захIматаб иш буго. Нилъеда лъала, дунялалъул поэзиялда цIакъго дагьал гурони гьечIо поэзиялда нахъе хутIарал, наслабаз цоцахъе кьун цIунарал руччаби-поэтессабазул цIарал: Э.Диккенсон, Г.Мистроль, гIурус поэзия босани- А. Ахматова, М. Цветаева Дагъистаналъул поэзиялъул чIухIилъун лъугьана ГIанхил Марин ва Курклиса Щаза.

Гьедин бугеб мехалъ, божилъи гьечIого босула кодобе руччабазул поэзиялъул щибаб тIехь.

Дида лъала руччабазул поэзия гьечIин, гьеб цо бугин, гьеб бихьиназ ургъараб бугин, нилъее бокьаниги бокьичIониги, руччабазул поэзия руччабазул буго, бихьиназул поэзия бихьиназул буго, гьел цIаги лъингигIан, цоцаздаса батIиялги руго.

Дие жакъа бицине бокьун буго жиндирго хатIги нухги бугей, ахIи-хIур гьечIей, сабурай, цогидал гIадин гIемер цее яхъунарей, кIвараб хIалалъ, ракIбацIцIадго жиндирго гьунаралъухъги гIенеккун гIумру гьабулей магIарулай Сабигат МухIамадовалъул хIакъалъулъ.

Гьелъ жиндирго тIоцебесеб тIехьалда цIар лъун букIана "Кьурда тIегь"- илан. Гьеб цIаралда данде кколел, гьелда рекъарал кучIдулги хъвала Сабигатица.

Кьурда тIегьалъул букIуна жиндирго цо хасаб берцинлъи, ганчIилъе кьалбалги риччан балагьула гьелъ берцинлъи цIунизе лъин.

Пикрабазул кьалбалги заманаялъулъе риччан хъварал къокъал кучIдул руго Сабигатил-кIиго мухъ, ункъго мухъ, микьго мухъ, анцIила кIиго мухъ.

Къокъаб кечI хъвазе бишун захIматаб буго. Гьелъул букIине ккола рагIабаз бикIараб, накъишлъун лъугьараб гъваридаб магIна. МагIарул поэзиялъе, халкъияб поэзиялдасаго байбихьун, хасиятал руго гьединал кучIдул.

Сабигатица жиндирго кучIдузе гьадинаб къимат кьолеб буго:

**ЧIухIун ралагьулел гьал дир беразул**
**Бальгояб магIуцин гурищ гьал кучIдул.**
**ХIал лъазе толареб дир роххелалъул**
**Бахчараб гьимицин гурищ гьал кучIдул.**

Гьедин батани, лъикI буго. ЛъикIлъи балагьизе бокьун буго диеги, квешлъиялъул цIураб дуниялалда, Сабигатил кучIдузулъ.

Буго гьеб гьениб. "Щай чи гIедегIулев квешав вукIине",-ян гьикъулеб буго гьелъ. Жакъасеб къоялъе къваригIараб, гIадамазе хIажатаб суал ккола гьеб.

Гьелда ракIалда щолеб буго эбелалъул малъи:

**Квешлъи гъабурасе бецIуге, дир яс,**
**Сверула гъаб дунял…Аллагь тIад вуго.**

Гъединал ракIалдещвеяз, ракIалда чIолел рагIабаз, рагIизе бокьулеб каламалъ,камилаб пикруялъ бечед гьарула кучIдул. Жийго эбеллъун яхъараб мехалъ Сабигатица абулеб буго: "Дунго гIагийищ гьай гьитIинай яс"-ян. ГьитIинай ясалдаги ракIалде щвезе те эбелалда ракIалде щвараб:

**Рорхатал мугIруздехун балагьизе кIоларо,**
**Борхатаб намус дица бацIцIад цIунун гьечIони.**

Сабигатил кучIдузулъ кенчIолел ратула кидаго пикрабазул хIенхIал, гьел хIенхIазда цIа рекIинабун бажарани, божула, боржина гьелъул кечI борхалъуде, гьелда ракIчIезе бачIуна. Гьелъул калам чIванкъотIараб, ритIухъаб, гIадатаб букIуна:

**ГIеретI цIураб гIолареб, рокъобе щвезе кколеб,**
**Рокьи ккараб гIолареб, гьеб цIунизеги кколеб.**

Жиндирго рокьулги, кьалулги, гIолохъанлъиялъулги, гIищкъуялъулги, арал къоязулги, къваридал ва талихIал лахIзатазулги пикрабазда, жиндирго лъимадулги, жиндирго гIумруялъулги кинидеги къулун кечI ахIулей йиго Сабигат МухIамадова.

Гьелъ, лъимер гIадин, цIунулеб буго жиндирго рокьул асар, асирлъулей гьечIо хъачIлъиялъе. Гьелъулъ буго бальгояб хIеренлъи, сабурлъи, сихIкъотIи, гIадада бокьараб батиларо шагIиралъе кьурда тIегьараб тIегьалъул сипат-сурат. Гьале гьелъул жиндирго сурат:

**Дуца тананиги, гIодиларо дун,**
**Дуй хъвараб кечIалда къвал бан кьижила.**
**Дуца чIван лъуниги, чIеларо дир ракI,**
**Дур цIар ахIизелъун хIалтIизе чIела.**

Рокьул кечIалъ рекIел каваби рагьизе, гьелъул гъасда рокьи кканщинал хинлъизе, цIорой кIочене ккола:

**Дур гурони рагIи рагIуларей дун**
**ГIицIаб авлахъалда гъветIлъун хутIана.**
**Дуде гуронани руссинчIел берал,**
**ЧIинхал лъадалъ гIадин, магIилъ тIерхьана.**

Гьадинал махщалида хъварал мухъазул маххал гьарулел руго Сабигатица. Гьелдаса роххизе бачIуна.

Сабигат МухIамадовалъул кучIдузулъ буго магIарулалъул ракIги, рекIараб цIаги, рокьул асарги, аслияб пикруги, эбелалъулаб рахIатхвейги, рахIмуяб хIалимлъиги; хIалихьалъиялдаса рикIкIалъиги, хIалхьи гьечIел хиялалги, халкъалда бугеб божиги, боржине къачIараб цIум гIадаб пикруги:

**Дур рахъалде щолищ щенон балеб цIад,**
**Цо къатIра дун анищ тIинкIизе дуде,**
**Щибилеб, хирияв, рорхатал мугIруз**
**Йорхун кIалъагеян буго малъулеб.**

Рорхатал мугIруз йорхун кIалъагеян малъараб мехалъ, хъварал кучIдузулъ букIуна гьеб дица цебехун рикIкIанщинаб. Амма гьеб цIунизе ва гьелъул къимат гьабизе лъай-гьеле поэзиялъул аслу.

Сабигатил кучIдузулъ гьечIо гIадалаб ахIи-хIур, хIажат гьечIеб хъуй. ХIеренго гьелчолеб, пикраби ахIулеб хIорил рагIалда чIун вугев гIадаб гIажаибаб асар гьабула гьез. ТIабигIатгун рекъараб бакъан бачунеб батула гьелъул рекIеца:

**ГIисинккун бала цIад, цIилъун ина тIегь,**
**ТIадагьал пикраби гьородахъ ина.**

Гьородахъ унел тIадагьал пикраби хIажат гьечIо Сабигатие, гьелъ рагьулел руго жиндирго ракIги яхIги гIадамазе рагьулел гIакъилал пикраби:

**Мискинаб рокъове щиб жо босизе**
**ВачIарав мун дихъе, бечедав цIогьор,**
**Гьаниб гьечIо месед, рокьи гурони,**
**Гьаниб гIарац гьечIо, намус гурони.**

Нилъер гIумруялда рекъарал рагIаби ратун руго, магIарулалъе хIажатаб пикру буго гьеб.

Сабигатил кучIдул гIемерисел рокьул хIакъалъулъ руго. Рокьуда сверухъ сверула мацIалги моцIрол канлъиги, цIвабзазул кунчIиги чIегIераб бецIлъиги, бацIцIалъиги чороклъиги, берцинлъиги сурукълъиги.

Амма рокьул кечI, хасго Сабигат гIадай яцIцIадай шагIиралъ хъвараб, кидаго бацIцIадаб букIуна, гьелъул кьерхарал зобал роцIцIарал ругилан ккола, куркьбал рекараб мехалъги гьеб боржуна, магIу чваххулеб мехалъги гьимула.

Гьединлъидалин бачIунеб лъиданиги лъазе кIолареб гIадаб рекIел божиги пикрабазул жанги.

**Меседил къатIраби- рокьул рагIаби**
**КъанагIат гурони рагIуларей дир**
**Урхъиялъул гIеретI тIасан чвахулин,**
**ГIенеккун чIечIого, абе цо рагIи.**

Урхъиялъул гIертIиниб гIемераб буго бацIцIадаб рокьул лъим, къечаралщинал ахIулел руго Сабигатица гьелда хIохь базе, хIажатазда гьарулеб буго, гьудуласда гьикъулеб буго рокьул магIна, рагIабазул сидул тIогьийги яхун сверухълъиялда рагIизабизе:

**СихIкъотIиялъ буго сабру ахIулеб,**
**ТалихI кьелин буго гьаракь рагIулеб.**

**ГІумру - гІумру гуро, гьеб гІищкъу буго,**
**Сонал - къоял гуро, бараб къвал буго.**

Гьезулъ буго цо нилъ кодоре росулеб ракI рагьи, гьереси бицунгутIи, бугеб хIал хIехьезе кIунгутIи, бухIараб хIухьел угьи.

Угьдулел рагIабазул гьаракь гьаниб рокьул гьаракьалде сверула, рокьул гьаракь угьдулел рагIабилъун лъугьуна:

**Дир бакъ тIерхьиналде, Аллагь, кье цо къо,**
**Къаданив гьудулгун берал къанцизе,**
**ГIумруялъ абичIеб хIеренаб рагIи,**
**РакIалда хутIаян, гьесухъе кьезе.**

Сабигат МухIамадовалда лъикI лъалеб буго рагIул магIна батизеги, батаралъул къимат гьабизеги, магIарулалъул букIунеб рокьи рагьизеги:

**Дир рокьи карандаса жеги къватIиб лъугьинчIо,**
**Дир рокьиялъ чиясе квешлъи жеги гьабичIо.**

Дие бокьун буго гьадинаб кечI хъвазе кIолей шагIиралъул гьунар бугилан абизе:

**КIиго накъищ цебе ккун херлъарав устар вуго,**
**ГъалатIазул цо накъищ, цебего гьас бахъараб.**
**Гьебги, махщел бачIиндал, бахъаралда данде ккун,**
**ГъалатIазул замана нахъ свереян гьарулев.**

Дир ракIчIола магIарул поэзиялда рагIичIездаги рагIизе букIин цIияб цIар - Сабигат МухIамадова.

***МухIамад АХIМАДОВ,***
***Дагъистаналъул халкъияв шагIир.***



## РЕКІЕЛ ХИНЛЪИЯЛЪ ХАСЛЪИ КЬУРАЙ ШАГІИР

**Дихъа бажаричІо лъикІлъи гьабизе,**
**Дий лъикІлъи гьабурал церехун ана.**
**Дихъа бажаричІо квешлъи гьабизе,**
**Дий квешлъи гьабурал нахъа хутІана.**

Гьединал жугьабигун ячІун, дунги йигин дунялалда, диеги бокьун бугин гІадамазда дирго гьаракь рагІизабизеян абуна ункъоабилел соназул авалалда, гьанже жий магІарулазда лъикІго лъалей шагІир ЦІумада районалъул Инхокъвариса Сабигат МухІамадовалъ. ЛъикІлъи гьабуразеги гьабичІезеги Сабигат кидаго хІадурай йикІин ва квешлъи гьабуразе квешлъиялъул рецІел кьезе гьелда ракІалдацин кколареблъи лъикІ лъала дида. Лъала-жийго Сабигат дида лъикІ лъалелъул. 1980 соналда ниж цадахъ ккана республикаялъул культураялъул училищеялда цІализе, цадахъ рахъана адабияталъул нухде сапаралъ. Гьелдаса нахъе араб 26-27 сон гІемерищ-дагьищали лъаларо, лъай-хъвай лъикІаб гьудуллъи-божилъиялдеги сверана нижер, гьеб ракІал журараб, бацІцІадаб гьоркьоблъи, гьоркьоб гьогьенги тІад хІурги ккечІого цІунунги хутІана. Сабигат йиго рекІелъ иманги бугей, инсанлъиялъул лъикІалщинал хасияталги жиндилъ рессарай, кинаб къо тІаде бачІаниги, накІкІил гъветІалъ кьергІанги гІамалги хисуларей, сабурай магІарулай. Гьединго сабурго, щибго ахІи-хІур гьечІого, жиндирго хатІгун, жиндирго нухгун, жиндирго гІамалалда релълъараб гІодое йиччайгун ячІана гьей адабияталде гьоркьоеги. Гьадаб байбихьуда рехсараб ункъжугьаялдасанго бихьулебги бичІчІулебги букІана цІияб пикруялъул цІияй шагІиралъ магІарул шагІирзабазул гъасда жиндирго бакІ кквезе букІин, гьелъ жиндирго рагІи абизе букІин. Дагьал рагІабазулъ гІемераб магІна лъезе кІвей, гьитІинабго ункъжугьаялда жаниб кІудияб пикру рагьизе бажари бачІинахъего загьирлъана С.МухІамадовалъул асаразулъ. Гьеб бихьун, 198І соналда букІараб Дагъистаналъул гІолохъанал хъвадарухъабазул мажлисалда нилъер халкъалда гьоркьоб цІарал машгьурлъарал шагІирзабаз лъикІаб къиматги кьун букІана Сабигатил кучІдузе. ВЛКСМалъул Дагъистаналъул обкомалъ ХІурматалъул грамотаги кьун букІана доб мехалда гьелъие.

С.МухІамадовалъул тІоцересел кучІдул рахъана "БагІараб байрахъ" газеталдаги "Гъудуллъи" журналалдаги, хадуб "Чвахало" абураб гІахьалаб тІехьалдаги. Жиндирго хасаб "Кьурда тІегь" абураб тІехь шагІиралъ къватІибе биччана 1992 соналда.Гьеб заманалде гьелъ лъугІизабун букІана ДГУялъул филологияб факультеталъул библиотекаразул отделениеги. Газетал-журналазда ва гІахьалал тІахьазда рахъарал кучІдузухъ балагьун шагІирасе къимат кьезе бигьаго букІунаро. БатІияб суал буго хасаб тІехь. "Кьурда тІегьалъухъ"

балагьун борцине творчествоялъул хадусеб къисматалъулги. Гьеб тIехьалда С.МухIамадова цIалдолезда цее яхъуней йиго цересезде дандеккун пикраби цIубарал, магIна бечедал, рагIи камилал кучIдулгун. Гьеб тIехь къокъал кучIдуздасан гIуцIун буго. Гьадин абулеб буго "Поэт" абураб тIехьалда бахъараб, С. МухIамадовалъул творчествоялъул бицараб макъалаялда Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас "Кьурда тIегьалъул букIуна жиндирго цо хасаб берцинлъи. ГанчIилъе кьалбалги риччан балагьула гьелъ берцинлъи цIунизе лъим. Пикрабазул кьалбалги заманаялъулъе риччан хъварал къокъал кучIдул руго Сабигатил - кIиго мухъ, ункъо мухъ, микьго мухъ, анцIила кIиго мухъ. Къокъаб кечI хъвазе бищунго захIматаб буго. Гьезулъ букIине ккола рагIабаз бикIараб, накъишлъун лъугьараб гъваридаб магIна".

ШагIирасул гьеб пикру тасдикъ гьабулеб цо-кIиго мисал рехселин Сабигатил гьеб тIехьалде унел кучIдуздасан:

**ЧIалгIеналъул тIогьий тIадеги яхун,**
**Хур бекьила дица рокьул кучIдузул.**
**Дуца, бокьичIони, цIаличIого те,**
**Рокьуда ватизе вихьичIев гьудул.**

яги

**Ханзаби нилъер гьечIо,**
**Ханлъун буго замана,**
**Заманаялъ къварилъи**
**Къол нухалъ рикIкIад тола.**

Эбелалде кечI гьабичIев шагIир вукIунев ватиларо. ГIолохъанго гьей камигIан кIудияб къварилъиги чиясде бачIунеб батиларо. 1994 соналда бахъараб "Эбел" абураб тIехьалда ругел кучIдуздасан бачинин цохIо мисал:

**Дир эбел гьечIилан абураб рагIи,**
**Рагьун бугин гордо, боржа къватIибе.**

ЦIакъго гIадатго абураб гьеб кIиябго мухъилъ бугеб гъваридаб магIнаги, рекIел бухIиги, рухIалил бакIлъиги бихьулищ? Цоги-цоги мисалал гьанир рехсеялъул мурад букIинарин ккола гьеб тIехьалдаса. Гьединалго, жиндир рекIел бакIаб пашманлъи борцунел, лъугIел гьечIеб магIуялъулъ къалам ччун хъварал руго гьеб тIехьалда ругел киналго кучIдул.

"Хасалил бакъ" абураб цIар лъун буго шагIиралъ хадусеб тIехьалда. Гьелда унел батIи-батIиял темабазда хъварал кучIдузулъ буго магIарул чIужугIаданалъул гIаданлъиялъул цIураб ракIги, рокьул асаралъул ссунареб цIаги, рорхатал мугIруз гIасрабаз нугIлъи гьабулеб, умумулъанго бачIараб сабруги, ссияб намусги, хисардулеб заманалъ бижизабураб эбелалъул рахIатхвейги, хьулаз борцунеб букIинеселде, гъорлъ цо кинабалиго хIинкъи бахчараб божиги.

**Радал салам кьезе лъикIав чи вати -**
**Гьеб гуребдай талихI гьаб дунялалда.**
**Къаси, квешлъи ккечIин, къанщулел берал -**
**Гьеб гуребдай хIалхьи гьаб дунялалда.**

яги:

**Щибизе дуниял, аскIор ругезе**
**Кумек нилъедаса щолеб гьечIони.**
**Сундуе гьаб гIумру, гIадамазухъе**
**ГIаданлъиялъул квер кьезе кIвечIони.**

Нилъеда ракIалда ккола, чи талихIавлъун вукIине ккани, гIемераб жо къваригIунилан.

Ургъун балагьараб мехалъ, гIодобе биччараб, лъикIал гIадамалгун цадахъ унеб, цоцазе кумек гьабизе кIолеб гIумруги бугони, гьедин щибаб къоги унеб бугони, инсан талихIав вукIуневлъиялда ракIчIезабулеб буго гьеб кIиябго ункъжугьаялда С.МухIамадовалъ.

Цересел тIахьаздаго гIадин гьеб мажмугIалдаги руго ватIаналдеги, гIумруялдеги, гIадамасдеги бугеб рокьи рагьулел кучIдул.

Гьале гьезул цо-цоял:

* * *

**Алжаналъул канлъи рещтIараб росу,**
**Дур хасаб хинлъиялъ бала дида къвал.**
**Ургьиб ракI хIалхьулеб дир инсул авал,**
**БатIияб гьаваялъ гьаюла гьогьом.**

* * *

**Кини кIибикIулеб рукъалъул хинлъи,**
**Гьелдаса хирияб гьечIо щибниги.**
**Гьеб рукъ бахъун араб щоге дихъе къо,**
**Гьавунин рагIаги, хун рагIугеги.**

* * *

**Рокьиялъ ккураб ракI - гъасда лъураб цIа,**
**ЩIилъи дие щолеб цо дур балагьи.**
**Дур бадийги юссун абизе кIвечIеб**
**КочIол мухъазулъе унеб дир рокьи.**

"Сабигатил кучIдул херлъиларо, хасго хутIила гьелъул лирикиял асарал. Заман аниги гьел хвеларо",-абун хъвалеб буго магIарулазда лъикI лъалей шагIир Баху-меседо Расуловалъ.

Гьебго пикру дагьаб гIатIид гьабулеб буго ДГУялъул аспирант, шагIир ХIамзат ГIизудиновас. "КIудияб ва даимаб рокьул асар - гьеле С.МухIамадовалъул поэзиялъул аслияб тема. Гьелъул кучIдул цIалулаго йихьула рокьи ккарай чIужугIадан. Гьей йичIчIизе ккани, нилъерго ккезе ккола рокьи. Школалда вугев мехалдаго гьелъул кучIдул цIалулелъул, Сабигатилъ дида унго-унгояй магIарулай йихьулей йикIана. Жийго гьей лъайдал, гьеб пикру дилъ щулалъана".

"ЦIумазул улка" абураб тIехьалъе хъвараб цебергIиялда гьадин абулеб буго филологиял гIелмабазул доктор, профессор Сиражудин ХIайбулаевас: "Жиндирго асараздалъунги адабияб чIаголъиялдалъунги лъала магIарулазда Сабигат МухIамадовалъул цIар. Нилъер маданияталда гъорлъе гьей тохлъукьего ккарай гIадан гуро. ТIахьалго гIадин батIи-батIиял руго гьелъул асаразул тайпабиги. Нилъ хIайранго ралагьула шагIиралъ рекьарал рокьул хурзабахъ. Гьезулъ загьирлъула цохIо гьелъул рекIел хIалуцин гуребги, йижарай ракьалде, гIагарлъиялде, гIадамазде, тIолабго халкъалде, хирияб ватIаналде бугеб балайги хIасратги".

"Хакъикъат" газеталда бахъун букIана Сабигат МухIамадовалъул "Хъваршиса шайих Загъалав" абураб поэма. Тарихалда лъалкI хутIарал бахIарзал, гIалимал ва цогидалги цIар рагIарал гIадамал ракIалде щвезариялъул, гьезул хIакъалъулъ бициналъул магIна ккола гьезул мисал наслабазеги цIуни, гьезул лъикIал ишал хадусел гIелазульги такрарлъиялъе кквербакъи гьаби. ВукIанин абун рагIун гуреб, Загъаласул хIакъалъулъ, гьесул гIелму-лъаялъул, гIамал-тIабигIаталъул хIакъалъулъ нилъеда лъалеб жо дагь гурони букIинчIо. Чанго нухалъ суал бачIиндал имамлъиялдаса Шамилица инкар гьабиги, ахирги херехьдерил мажгиталда Загъалас, аварагасул заманалдасанго рукIарал

хIужабиги далилалги рачун, гьев мукIур гьавиги тасдикъ гьавиги, тарихалдасан лъалеб хIакъикъат букIаниги, шигIрияб къагIидаялъ Сабигатица гьеб цIакъ мухIканго, берцинго рагьун буго. Загъалас гIелму-лъаялде гали тIамураб куцалъул цIалидал, гIелму-лъаялъе инкар ккурал гIемераб нилъер заманалда ургъизеги пикру гьабизеги жо дагьаб гьечIо. Имамлъун вищулелъул Шамилие Загъалас гьабураб вагIза-насихIаталъулъги тIадчилъиялде лъугьунезе, босани, мисал гIезегIан кьучIаб буго.

Мисаллъун гьечIищ гьесул гIамал-хасият, гIадлу-тадбир, гIадан хиралъи, лъикIлъи бокьи. Тарихияб кьучIалда хъвараб бугониги, художественнияб асар берцин гьабизе батIи-батIиял къагIидаби ратизе авторасул ихтияр букIуна. Нилъер заманалда мустахIикъав инсан ватун вуго авторалда къасидат хъвазе. Гьелъго батила гьанжесев гIалим Гъамбулат-афандица Сабигатие сайгъат гьабураб назмуялъулъ гьадинал жугьаби ругелги:

**Исламалъе квербакъун**
**КъватIиб унеб дур хIухьел**
**ХIалхьараб Алжаналде**
**ТIамураб гали ккола.**

**РакI гIатIидасе бугеб**
**Бичасул кIудияб рукъ,**
**Гьесде гIащикълъарай дуй**
**Ирсалъе щвезе буго.**

Сабигат МухIамадова йиго жиндир хасаб пикруги, хатIги, хаслъиги, цIилъиги, цIарги бугей хъвадарухъан ва рак1алде ккола гьелъ жакъасеб магIарулазул адабияталда бихьулеб бакIги кколин,гьединайлъун Сабигат нилъер литератураялда хутIизеги йигин. Сабигат МухIамадовалъул хIакъалъулъ гьабулеб дирго калам лъугIизабизе бокьун буго Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МахIамадил рагIабаздалъун:

"Сабигат МухIамадовалъул киналго тIахьазул редактор хIисабалда дица кIудияб рекIел разилъигун халккола гьелъул творчествоялъул цебетIеялда хадуб. Вохула гьелъул поэзиялъул такрарлъи гьечIеб къагIидаялдасаги магIнаялдасаги. Гьелъул къокъал кучIдул, гьеб къагIида цIуниялъе гIоло хъварал гурел, кIудияб пикру гьитIинаб роценалде жанибе бачине кIвеялъул хIасил ккола. Гьел дагьалго мухъазулъ авторалда лъезе кIолеб буго философияб магIнаги, магIна рагьулел сипат-сураталги, дандекквеялги».

***МухIамад ПАТАХ1ОВ,***
***шагIир.***



## ПОЭЗИЯЛЪУЛ НУХДА

Жиндирго асараздалъунги адабияб чIаголъиялдалъунги магIарулазда лъала Сабигат МухIамадовалъул цIар. Нилъер маданияталда гъорлъе гьей тохлъукьего ккарай гIадан гуро. Жеги школалда цIалулей йикIадго хъвазе байбихьана гьелъ кочIол асарал, гьел 1979 соналдаса бахъараб жакъа къоялде щвзегIан, Сабигатица гьоркьоса къотIичIого, машгъуллъун хъвалелги руго.

Махщел-пишаги гьелъ т1аса бищана адабияталдехун щулияб бухьен бугеб. Гьоркьохъеб школа лъугIидал, хIалтIизе лъугьана росдал библиотекалде, гьеб махщел камил гьабизелъун цIалана маданияб училищеялда, лъуг1изабуна университеталъул филологияб факультеталъул библиотекияб отднление, гьабсагIат хIалтIулей йиго республикаялъул. А.С.Пушкинил цIаралда бугеб библиотекалда. Сабигат ккола маданияталъул кIалалълъ ва цIадухъ йигей гIадан. Гьелда магIарулазул, Дагъистаналъул, гIурус хъвадарухъабазул гIумругин шигIрияб ирс лъикI лъайги гIажаиблъи гьабизе кколеб хIужжа гуро. Гьеб лъаялдасан Сабигатил хъвадарухъанлъиялъе лъикIаб асар ккун букIинги гьелъул асараздасан загьирлъулеб буго.

ТIоцере гьелъул лъикIаланго асарал къватIире рахъана гIолохъанал шагIирзабазул «Чвахало», «Гъанситухъ» абурал мажмугIазда. Хадуб абуни, байбихьана жиндирго асаразул хассал тIахьал къватIире риччазе: «Кьурда тIегь», «Рокьи», «Эбел», «Хасалил бакъ». Гьаб цIалдолезухъе щвезе бугеб тIехь гьелъул щуабилеб мажмугI буго.

ТIахьалго гIадин батIи-батIиял руго гьелъул асаразул тайпабиги. Сабигатица хъвала ункъмухъилал, къокъал шигIриял асарал, рокьул ва махсароялъул кучIдул, поэмаби, батIи-батIиял магIнаялъул ва темаялъул харбал. Гьезулъ загьир гьабун буго жиндирго рекIел хIалги, роххел-пашманлъиги, анищал-къасдалги ва гьеб киналдаго цадахъ жиндир халкъалъул къисматги, тарихги, жакъасеб ахIвал-хIалги, чIаголъиги, гьайбатаб букIинеселде божиги, ракIчIейги. Гьеб киналъего гьелда ратун руго мустахIикъал пикраби, гьел загьир гьаризе данде кколел, рекъарал сипат-сураталги, рагIабиги, каламги. Нилълъ хIайранго балагьула шагIиралъ рекьарал рокьул хурзабахъ. Гьезулъ загьирлъула, цохIо гьелъул рекIел хIалуцин гуребги, йижараб ракьалде, гIагараб росдаде, сверухъ бугеб тIабигIаталде, эбел-инсуде, гIагарлъиялде, гIадамазде, тIолабго халкъалде, хирияб ватIаналде бугеб балайги хIасратги. Гьелъ нилъер ракIазе лъикIаб асар гьабичIогоги толаро, нилълъ ахIула, гIатIидал авлахъалги рукIадго, къваридал сухъмахъазул адаб-хIурмат гьабизе, сухъмахъалги, кIкIалалги, хъитIалги, рохьалги, щобалги, кьурабиги, мугIрулги гьелъиеги нилъееги ватIаналъул тIабигIаталъул цебеса унареб, кидаго берда цебе бугеб хIасратаб сурат кколелъул.

**Эбел йиго, мугIрул ракIалдеги щун,**
**ГIолохъанлъиялъул накIкIулъе рещтIун.**

Эбелго гІадин гІолохъанлъиялъулги гІумруялъулги накІкІулъ рещтІинеги, гьелъул тамахаб реччел ургьибе цІазеги ахІула нилъ Сабигатил жугьабаз. ГІагараб тІабигІаталъул суратал цере паркъолел, рекІелъ бакІ ккурал сипатал гурелги, гьезулъ бессун буго халкъ-алъул къисматги, ватІаналъул тарихги. Гьединал асаразул щибаб жугьаялъул къадруялъги гІадамал ахІула гІумруялъул хІакъикъаталдалъун хІисаб-суал гьабизе, нахъа ккезе бугелъул, букІинеселъул ургъел гьабизе.

**ГьитІинаб, гьитІинаб гъветІ,**
**ГІедал кинабдай къисмат?**
**Рукъ базедай батила,**
**ЦІадаб лъундай бухІила.**

Араб бакІ лъачІого тІагІиналдаса даимлъиялда пайдаяблъун букІин рекъараб гьечІищ щибаб жоялъе? Гьединал сахал пикрабазда ракІ цІалел пикраби рижизаризе жигар бахъула Сабигатица жиндирго асараздалъун. Гьеб буго жакъасеб хІакъикъаталъе чара гьечІого хІажатаб дарман. БецІаб заманаялъ ракІал канлъизаризе, гьел гІодоре риччазаризе, гьезие сабру кьезе кумек гьабизе ккола кочІол асаралъ, кочІохъанасул жигарчилъиялъ. Гьеб масъала шагІиралда бичІчІун букІин кІудияб даража ккола:

**ГІумру хиралъун буго,**
**Дида къвал бан их буго,**
**КечІ рикІкІунеб ракІ буго,**
**РекІкІаб дуниял буго.**

Дуниялги рекІкІаб бугеб мехалъ, гІаданги вахІшилъун вугев заманаялъ инсанасе хІажалъула хІалае, кверчІвазе каламалъул кьуру. Гьеб кьуру, щулалъи, си балагьулей жий йикІин бихьула Сабигатил асараздасан.

**Дие бокьулебги бокьуларебги**
**Хъвайго хъвайин абун буго дуниял.**
**РагІиялъ роххула, рагІиялъ чІвала,**
**ЧІа, сихІкъотІун чІайин семула гІумру.**

КигІан сихІтейилан гІумру семаниги, БетІергьанасги тІабигІаталъги инсанасе гьунар кьола, лъикІалдеги квешалдеги берги щвезе гьабун, гІадамал лъикІалда къвал базе, мекъаб-тІекъалда мал базе ругьун гьаризелъун, берцинабщинаб чиясул ботІролъги, рекІелъги, напсалъулъги даимго щула гьабизе. Гьеб мурадгун къалам кодобе босарай каламалъул устаралъе тавakkалги тавпикъги гьаричІого тезе рекІее къабуллъуларо. Гьеб кинабго гІунги, тІокІги, тІассан борчІунги дицаги гьарулеб буго гьаб тІехьалъе асарал хъварай Сабигат МухІамадовалъе.

*Сиражудин ХІАЙБУЛАЕВ,*
*филологиял г1елмабазул доктор, профессор.*

## ГIАДАМАСУЛ РЕКIЕЛ ХIАЛ РАГЪУЛЕБ ТIЕХЬ

ТIоцебе Сабигат МухIамадовалъул цIар магIарулазда рагIана кучIдул хъвазе гьелъул бугеб гьунаралдалъун. Дагъистаналъул халкъияв шаг1ир, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул председатель МухIамад АхIмадовас хъвараб «Меседил къатIраби – рокьул рагIаби» абураб цо цеберагIиялда гьелъул асаразул хIакъалъулъ жиндирго пикру рагьун букIана цIалдолезе. Гьеб буго машгьурав шагIирас шагIиралъе кьураб тIадегIанаб къимат.

ХIаракатай магIарулалъ анцIгоялдасаги цIикIкIун тIехь къватIибе биччана авар мацIалда. Сабигат МухIамадовалъул асарал рахъана гIурус ва цогидал мацIазде руссинарунги. Жигаралда хIалтIулей йиго Сабигат прозаялда тIадги. Щалдолезухъе щвана гьелъул къисабиги харбалги. Гьаб тIехьалдеги ун руго хъвадарухъаналъул цIиял харбалги маргьабиги. Бихьизе захIматаб жо гуро хабарийал асаразульги хъвадарухъаналъул шигIрияб махI хутIулеб букIин – мацIалъул рахъалъ гьел релълъуна кучIдуздалъун хъвараб прозаялда.

Сабигатил шигIрияб махщелалъул буго цохIо гьелъие жиндиего хасиятаб хатI. Гьелъ хъварал хабарийал асарал цIалараб мехалъ, бихьулеб буго гьелъиеги хъвадарухъаналъул цIикIкIараб махщел букIин. ХIакъикъаталдаги, кинав хъвадарухъан-бихьинчиясда ракIалде бачIинеб «Цо гъалалъул балъголъи» батизе ва гьеб рагьизе? Сабигатица гьединаб цIар кьун буго тIехьалде араб цо хабаралъеги жибго тIехьалъеги.

Щияб тIехьалде росарал асаразда авторалъ рорхулел руго батIи-батIиял темаби – рос-лъадиялъул гьоркьорлъабазул, ритIухълъи-тIекълъиялъул, инсанасул батIи-батIиял гIамал-хасиятазул. Гьелъул героял руго унго-унгояб талихI щиб жояли бичIчIизе бокьарал, гьединаб талихIалъе гIоло къеркьолел, тIадегIанаб намус-яхIалъул гIадамал. Гьезие хасиятаб рахълъун буго халкъияб кIалзул гьунаралъул асаразде гIагарал рукIин. Гьеб бихьулеб буго тIехьалда рорхарал суалаздасанги, темабаздасанги, образал гIуцIун ругеб къагIидаялдасанги, мацIалъул рахъалдасанги. Гьеб мацIалъул рахъни – цониги гIодобе рехизе ккараб, къваригIел гьечIого хIалтIизабураб, магIна кьолареб, хIажат гуреб рагIи гьечIоан я харбазулъ, я маргьабазулъ. Жиндирго рахьдал мацI литературияб авар мацI гьечIониги, щибаб рагIи магIна бичIчIун, хIажатаб бакIалда хIалтIизабун, батIияб лъезе рес гьечIебгIанги рекъараб дандекквей хIалтIизабун бажарун бугоан хъвадарухъаналда. КучIдузульго гIадин цоцалъ рекъон, чвахун бачIунебги буго гьеб ва жийго хъвадарухъаналъ шигIру рикIкIунеб бугеб гIадин къабул гьабулеблъунги лъугьун буго. «Рорхатал мугIрузул ракьанлъиялда, гъваридал кIкIалазде тIадеги къулун, къварилъи-гIатIилъи гIемер бихьараб росу сихIкъотIиялда букIана», – абун байбихьулеб буго мисалалъе «Цо гъалалъул балъголъи» абураб хабар. Гьединаб гьижа рекъараб мацI тIолабго тIехьалъе хасиятаб буго. «Меседоги Чанахъанги» абулеб маргьуялдаги, жанралда рекъон хъван бугониги, маргьу хъварай гIадан шагIир йикIин балагьарабго бихьулеб буго: «БукIанила, букIинчIила, бихьизегIан гIагардаги букIинчIила, рагIизегIан рикIкIадаги букIинчIила, кIудияб цо улка

букIанила. Улкаги улкайищила эб букIараб, кIуди-кIудиял мугIрул рукIанила, бакI-бакIалда рохьал рукIанила, рохьал цIурал чундул рукIанила, чи гIемераб шагьар букIанила. Гьединаб улкаялъул кина-кинав ханилаха вукIинарев, хвагиян хьамулебги рагIичIев, чIахъагиян веццулевги ватичIев хан вукIанила». Чанги ракI балел гIадал сипатал кьун руго авторалъ, харбал къокъал рукIаниги.

Балагьарб мехалъ цIалдолезул пикру кодоб босизе кIун буго Сабигат МухIамадовалда. Сундул хIакъалъулъдай хъван бугеб гьаб тIехьалдайин цо хабаралде нуцIа къиридал, тIолабго тIехьалъул ункъабго къедалде, мокърукьегун чIарбиде бер рехичIого, тIубан цIалун тIехь рагIалде бахъинчIого рекIее рахIат толареб хIалалъ, цIалдолесул гьира балеб куцалъ хъван буго тIехь. ХIатта цо герой цогидаб хабаралда вугев героясда релълъарав гьечIонигицин. ГIицIго рорхулел суалал руго абадиял, релълъаралин абизе бегьулел – рокьи-кьалалъул, ритIухълъи-хиянатлъиялъул, захIмат бокьиялъул ва цогидалги. Халкъияб кIалзул гьунаралда батулеб гIадаб миллияб пикру, инсан ургъизе тIамулеб мисал, квешлъи гьабизе бегьунгутIиялде инсан кантIизавулеб пикру кьолеб буго авторалъ жиндирго харбазулъги маргьабазулъги.

Нилъеда лъала кинаб заман бачIаниги, дунялалда тIад кидаго лъугIичIо квешлъи-лъикIлъиялъул, ритIухълъи-хиянатчилъиялъул, гIаданлъиялъулги къабихIлъиялъулги, зулму-хIалалъулги, намус-яхIалъулги цоцалъ къеркьей. Халкъалъул кIалзул гьунаралъул мисалги кидаго букIана халкъалъе бакараб чирахълъун, гIакълу босулеб тIехьлъун, гIумруялъул дарсал жидедасан росулел мугIалималлъун. Гьездаго релълъун гIадан гIаданлъун вукIиналде цIалеб пикругун, жиндиего бокьулареб чидае гьабизе бегьунгутIиялъул, цо квешлъи чидае гьабуралъухъ гIумруялъ, тIабигIаталъ къисас босичIого толареблъи бицун, жидедаго бихьичIониги лъималазда яги лъималазул лъималаздаги бихьулеблъи бадибчIвай бичIчIизабун, хъварал руго Сабигатил «Цо гъалалъул балъголъи», «КIиго лъади», «МацIица чIвараб ракIгун», «Хилиплъи» ва цогидалги асарал. Гьездасан нилъее щола гIаданлъи, чилъи- яхI, ритIухълъи цIунизе ккеялъул, квешлъиялде данде къеркьезе ккеялъул мисал. Дагьабниги тохлъи ккарав, нилъер бераздалъун гIайибияв вугин толев чиясдасанги тIубанго хьул къотIун, инкар ккун чIунгутIиялъе мисаллъун буго «Хвалда цебе» абураб хабарги. «Падамасул ракIалъулги, гIамалалъулги, тIабигIаталъулги хIал лъалеб букIун гьечIогурищ нилъеда!» – абурал Таибатил нусалъул рагIабиги щивав цIалдолесе хъварал ругин ккола. Щайгурелъул хIакъикъаталдаги бокьарав чиясул букIуна лъикIабги квешабги гIамал, тохлъун ккараб мех, борчIун араб рагIи. Цониги чиясул гIамал мекълъиялъул хIакъикъияб гIилла нилъеда лъаларелъул; гьесул гIайибал цIехезе лъугьинчIого, лъикIал рахъал, гIолел рахъал балагьизе маслихIатаб букIин бичIчIизабулеб буго хабаралъ. Таибатил нусалъул рагIабиги щивав чиясе насихIатлъун бугеб пикру буго. Дида ккола жеги гIемераб пикру нахъе лъун тун бугин авторалъ. Гьедин рекIее къабулал, насихIат гIемерал, инсан кантIизавулел лъикIал мисалал жанир ратулел харбал хадурккун авторалъ цIалдолезухъе щвезарилин хьул буго. РакIалде ккола Сабигат МухIамадовалъул цIияб тIехь цIалдолез гъираялда къабул гьабилин.

Сабигат МухIамадова ккола бищунго хIаракаталда магIарул мацIалда хъвадарулей ва таваккалалда тIахьал къватIире ричалел автораздасан цояй. Дида цебе буго шагIиралъул ичIабилеб тIехь.

Сабигатица нахъа тана бечедаб творчествоялъул нух. Гьелъ байбихьана куIдуздасан. Цоялда хадуб цояб гьабун, къватIире риччана тIахьал: «Кьурда тIегь», «Эбел», «Хасалил бакъ», «ЦIумазул улка». ЦIалдолез лъикI къабул гьабуна гьелъул «Рокьи» абураб харбазул тIехьги.

Ахирал соназда поэтесса ячIун йиго чIахIиял жанразул асарал хъваялде.

«Пикрабазул нухлулал» абураб тIехь гIуцIун буго лъабго поэмаялдасан - «ГIишкъул къеч», «ГIумруялъул матIу», «ГанчIида бараб как». Гьезул тIоцебесеб сайгъат гьабун буго Дагъистаналъул халкъияв поэт ГIабасил МахIамадие, хадусеб кIиябго – гIалимчи, педогог МухIамад ХIайбулаевасе ва тохтур, медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор, жамгIияв хIаракатчи АхIмад ГIазизовасе. Хадубккун «ХIакъикъат» газеталда бахъана

Сабигатил «Хъваршиса шайих Загъалав» абураб поэма, гьанже гIагар цIалдолезухъе щвана «Гъамбулат-афандил илагьияб ракI» абураб поэмаги.

Критиказги рагIул устарзабазги лъикIаб къимат кьуна Сабигатил асаразе, гьезул хIакъалъулъ макъалабигун цере рахъана Дагъистаналъул халкъияв шаг1ир

ГIабасил Мах1амад, шаг1ир ПатахIов МухIамад, Сабигатил махщалие къимат кьуна филологиял гIелмабазул доктор, профессор ХIайбуллаев Сиражудиница. Жакъасеб магIарул поэзиялъул хIакъалъулъ бицен гьабураб «Поэт» абураб тIехьалда Дагъистаналъул халкъияв шаг1ир МухIамад АхIмадовас хасаб кIвар буссинабулеб буго Сабигатил творчествоялде. ШагIирас рикIкIунеб буго МухIамадовалъул «жиндирго хатIги нухги» бугилан, хъвалеб буго гьелъул кучIдул «ракIалдащвеяз, ракIалда чIолел рагIабаз, рагIизе бокьулеб каламалъ камил гьарулилан».

Гьале поэтессаялъул цойги сайгъат, цIияб тIехь «РекIел рекелал». Сабигатил цIияб тIехь тIубанго данде гьабун буго ункъмухъилал асараздасан.

Сабигатил ункъжугьаби хъван руго батIи-батIиял темабазда, амма аслияб буго рокьул тема; щагIиралъ къасд гьабулеб буго жидеда «даималин» абулел суалазул философияб гъварилъиялде ва психологияб дурусльиялде яккизе. ХIаракат бахъулеб буго жакъасеб къоялъул «унтарал» суалазда тIасан жиндирго пикраби загьир гьаризе. КучIдузе хасиятаб буго рекIел асаразул хIалуцин, пикрабазул гъварилъи. Бокьилаан тIехь унго-унголъунги магIарулал рохизарулеблъун лъугьине.

***МухIамад Ибрагьимович МУХ1АМАДОВ,***
***Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар секциялъул нухмалъулев, филологиял гIелмабазул доктор, профессор.***





**Сабигат МУХIАМАДОВА,**
Дагъистаналъул халкъияй шаг1ир.

**ЦIУМАДА**

**ЧIухIараб цIар бугеб ЦIумада район,
ЦIумазул улкаян ахIана дуде.
ГIазулал тIогьалги тIогьол мугIрулги,
Бисазул сипатаз берцин гьабураб.**

**Зодил цIумал гIадал дир цIумадисел,
Намусги имангги ирсалъе щварал.
Гьаниб меседалъухъ яхI бичуларо,
Гьудуллъи рехун тун, тах босуларо.**

**Имам Шамилилги кьалбал гьаниса,
Бидулъго батараб гьаб кьурул къвакIи.
Аллагьасде буссун цIумадерил ракI,
Шайихзаби гIураб гIагараб ВатIан.**

**ЦIумадисезул цIар гIемер гIасрабаз
КIудиял гьунараз рагIизабуна.
ГIела, тушманасул танкаги гьукъун,
Къадица гьелда тIад гьабураб кьурди.**

**ЧIахъаги берцинаб цIумазул улка,
РацIцIадал даруял иццазул ВатIан.
ЧIахъаги ЦIумада, цIар арал васаз
ЦIар борхатго ккураб, хирияб дир ракь.**

* * *

**Дихъа бажаричIо лъикIлъи гьабизе,
Дий лъикIлъи гьабурал церехун ана.**

**Дихъа бажаричIо квешлъи гьабизе,
Дий квешлъи гьабурал нахъа хутIана.**

* * *

**Радал салам кьезе лъикIав чи вати –
Гьеб гуребдай талихI гьаб дунялалда.
Къаси, квешлъи ккечIин, къанщулел берал -
Гьеб гуребдай хIалхьи гьаб дунялалда.**

* * *

**Щибизе дуниял, аскIор ругезе
Кумек нилъедаса щолеб гьечIони.
Сундуе гьаб гIумру, гIадамазухъе
ГIаданлъиялъул квер кьезе кIвечIони.**

* * *

**Кини кIибикIулеб рукъалъул хинлъи,
Гьелдаса хирияб гьечIо щибниги.
Гьеб рукъ бахъун араб щоге дихье къо,
Гьавунин рагIаги, хун рагIугеги.**

## АБИЧIОГО ХУТIУН ЛЪИКI…

**АбичIого хутIун лъикI абизе рекъарабги,
Борч1уге дир кIалдиса цониги квешаб рагIи.
Ругъназул гIужаз буго ракI сверун сурат бахъун,
Сахлъизе гьел толарел рохун рукIаян абе.**

**Дир рокъобе къваридаб нух буго къадаразе,
Дица лъикIал гурони гьоболлъухъ ахIуларо.
Дун ячIарайги йиго къо щведал нахъе ине.
Гьанирго рукIунеца бахъе ханжар дун чIвазе.**

* * *

**Гьаб кIудияб рокьигун
Дур кинидеги къулун,
Гьимулев вас, дудаса
Йиго, хирияв, йохун.**

**Щибдай дуда рагIилеб,
Дида рагIун букIинчIеб.
Щибдай дуда бихьилеб,
Дида бихьун букIинчIеб.**

**Дида бихьичIеб рагъги
Бихьугеги дудаги,
МагIарул кучIдул рагIун,
Вохаги мун, дун гIадин.**

**Щиб лъалеб дур заманалъ
ГIадамал цIодорлъилел,
Вацал-яцал кинигин
Континентал цолъилел.**

**Дир гьелда божи буго,
Дир цIар эбел бугелъул,
Киналгоги улбуца
Рагъ теян гьарулелъул.**

## ИНСУЛ РУКЪ

Баралъуб рукъ букIуна
Боржун унеб хIинчIалъул,
Дир гIагараб инсул рукъ
Буго магIарул росулъ.

Свакарав хIалтIухъанас
Мугъ чIвазе бакI цIехола,
Инсул рукъ цебе чIани,
Чучлъула рекIел унти.

КигIан гIемер гIумруялъ
Нухал дие кьуниги,
Амма инсул рокъое
Унеб нух хисиларо.

Баккараб бакъ гIадинан,
Камулареб хинлъигун
Инсул рукъ цебе чIола -
Дир хинлъиги талихIги.

Баккараб моцI кинигин,
Камулареб чIухIигун
Инсул рукъ цебе чIола -
Дир чIухIиги рохелги.

Баралъуб рукъ букIуна
Боржун унеб хIинчIалъул,
Дир гIагараб инсул рукъ
Буго магIарул росулъ.

* * *

Гостиница гьечIо
Дир инсул росулъ.
Гьаниб нуцIа рагье
Нужей бокьараб.

* * *

Бакъван хадуса тIегь
Лъалъан пайда щиб,
ЛъачIин гьелъул къимат
Бакъулаб къоялъ?

Бортараб цIваялде
РитIуге кверал,
БихьичIин беразда
Гьеб кенчIолелъул.

* * *

Огь, дун хвани, дун хвани,
Дир гьудул къварилъила,
Вацалгун яцазулги
Балагь ургьиб лъугьина.

Заман анагIан гьесул
Чучлъила рекIел унти,
Цойгияй цIакъай йихьун,
КIочена дир балагьи.

Амма вацал-яцазул
Къварилъи халалъила,
Йохарай яц йикIанин
Дир хабада раккила.

## МАГIИШАТАЛЪУЛ УРГЪЕЛ…

МагIишаталъул ургъел
Унтиялъ биччалареб,
Лъихъего нух къосичIеб
Ахирияб щола къо.

Берцинаб рагIиялъищ,
ХъачIлъараб кIалъаялъищ, -
Дудаго цебе чIела
Дурго гIумругин гIамал.

Аллагь, бигьалъагиян
Щурила нилъер кIутIбуз,
РукIанадай гIумруялъ
Мун кIочарал къоялин.

РухI иманалда бахъи
Гьарила гьеб къоялда,
Иман гьечIел ишазулъ
Инадай нилъер гIумру.

## ЭБЕЛАЛЪУЛ ГЬИМИ БИХЬИЧIЕБ ДУНЯЛ

Эбелалъул гьими бихьичIеб дунял,
Кинай гIаданалъул бадир раккилел?
Лъималазул рокъой цо йигей нянка,
Кодор кинал кквезе жакъа регIилей?

ЧIаго эбел-инсул бестIаллъарал ниж,
МацI кинаб бицундай, кIалъазе ругел?
Яцал-вацал гьечIел, гIагарлъи лъачIел,
ГIедал, кинаб гъасде руссун хутIилел?

ХIеренай эбелалъ каранде къачIел,
Лъукъарал ракIалгун кинандай гIелел?
Рукъ гурел, цIа гурел, чияр ниж лъимал
ТалихI кинаб щундай рохизе ругел?

Лъимал щвечIей гIадан гIодулей йиго,
Урхъарай гьелъие щай гьаричIел ниж?
Щваралъ рехун танин больницалдаго,
ГIедалцин йихьилищ ятичIей эбел.

Эбелин цIар  бугин, цIар лъачIониги,
Кинаб талихI шундай ниж кIочон тарал?
Горде, хьит тIад ретIун, гIезе гьаричIел,
Рокьизе лъиедай эбелалъ тарал?

Бадиб гирун унеб бацIцIадаб  магIу,
МагIу бацIц1инецин чи аскIов щвелищ!
Эбелин ритIарал гIисинал кверал,
Кинай гIаданалъул ракIдай гурхIилеб!

Ссун - ракун чирахъал чияр гордабахъ,
Кинаб лъикIлъиялда божундай гIелел.
Дуца гьарурал ниж рокьилел лъие,
ЛъикIай эбелалъ ниж рехун кин толел.

ГIодун кьижун ккедал, макьилъ ячIуна
ХIеренай, йокьулей, гьимулей эбел.

**Киниялде къулун гьелъ ахIичIеб кечI,**
**МакьилъгIаги рагIун, рохун рукIина…**

**Аллагь, тIасалъугьа эбелалдаса,**
**Эбелин цIар бугин, цIар лъачIониги.**
**ЦIуне гьей ракьалда квешлъиялдаса,**
**ГIазабал гIемераб гIумруялдаса.**

## ГIЕНЕККИЗЕ ЧИ ГЬЕЧIО

**ГIенеккизе чи гьечIо,**
**ГIедегIун унел руго,**
**РуцIцIун чIа, шагIирзаби,**
**Нужеде регIун гьечIо.**

**Чед гIиллаялъе буго,**
**ГIайиб дица чIваларо.**
**ГIодулеб лъимер буго.**
**Лъалев цо Аллагь вуго.**

**ЦIакъго гIедегIун унел**
**Ургъалил гIалимзаби,**
**Холелъул аскIор чIезе**
**ЧIагояв чи щвеладай.**

**Сундего регIичIого**
**Толеб бугин дуниял,**
**Нужерго рекIедецин**
**ГIенеккизе кIвеладай.**

* * *

**Рогьунареб сордо бугин тIаде щун,**
**Щиб дица гьабилеб эбелги камун?**
**ХIабургъараб гIоралъ йигин дун уней,**
**ГанчIил ракI бугездай йиго сверун ккун?**

**Эбел, дур хIеренлъи, бацIцIадаб рокьи**
**Бесдаллъарай дида данде чIваларо.**
**Эбел, дур недегьлъи, битIараб рагIи**
**Бадиб абулев чи дихъе щвеларо.**

**Эбел, дур хабада хер бижун буго,**
**Мун хванилан абун божичIониги.**
**ХъахIаб заниялда дур цIар хъван буго,**
**Мун йихьилин жеги хьул бугониги.**

**Эбелин гIодулеб гьитIинаб лъимер,**
**Духъ эбел ячIина, дихъ ячIинаро.**
**Эбелалъ каранде къан бугеб лъимер,**
**Дуде макьу щвела, диде щвеларо.**

## БАРКАЛА, ЭБЕЛ

**Кинал нухал дица ккуниги, эбел,**
**Киналго дир нухал унаан духъе.**
**Дур хIеренал квераз бухьунеб кунлъун,**
**Ккун рукIана къоял, тIезе течIого.**

**Баркала, дир эбел, хIеренлъиялъухъ,**
**ХIеренай, хIажатай, аскIой йикIарай.**
**Дуде регIичIин дун, тIасалъугьа мун,**
**Мун кIочон тараб къо къачIин аскIобе.**

*   *   *

**Эбел йиго, мугIрул ракIалдеги щун,**
**ГIолохъанлъиялъул накIкIулъе рещтIун,**
**Гьале, ясалгун гьай берталъ кьурдулей,**
**Гъежда гIеретIги бан, лъадае уней.**

**Иццул лъим кинигин, бацIцIадаб ракIгун**
**ГIумрудул авалаб гIужда яхъун чIун**
**Йиго гьай, дол мугIрул ракIалдеги щун,**
**ГIатIилъуда ругел нижехъ ялагьун.**

## ЭБЕЛ

**«ГIадамал рохани, роха, дир лъимал,**
**Къваридго рихьани, аскIор гIодор чIа!» -**
**Эбелалъ малъана. Хирияй эбел,**
**Дур бадисан йиго дун ялагьулей.**

**«Квешлъи гьабурасе бецIуге, дир яс,**
**Гьаб дунял сверула, Аллагь тIад вуго!» -**
**Малъана эбелалъ, гIазизай эбел,**
**ЗахIмат бугониги, гIенеккула духъ.**

## АЛЛАГЬАС ЦIУНАРАЙ

**ГIодой руссарал берал,**
**КIазалъ рахчарал гъалал,**
**Аллагьасе мутIигIай,**
**Сабурай магIарулай.**

**РакIалъ цIалулеб зикру,**
**ХIижабалъ бахчараб черх,**
**ТIадегIанлъи цIунарай,**
**Берцинай магIарулай.**

ЧIобогоял рагIаби
Рехулареб хасият;
Тавбуялъе гурони,
Шуруларел дур кIутIби.

Гьаракь борхун рагIичIей,
ГIенеккунчIей гIакъилай,
Иман бугеб дур рекIелъ
Хасаб нур рещтIун буго.

Алжаналъул нур бугеб,
Гвангъун араб дур гьумер,
Диналъул къануназе
КъотIи холареб дур гьа.

Аллагьасе мутIигIай,
Сабурай магIарулай,
Малаиказ сверухъ ккун,
Кидаго цIунун йигей.

## ЭМЕН

Дир чIухIарав эмен, чIухIун хьвадана
Мун гьаб дунялалда ватиялдаса.
Мун - къадру борхатав хирияв дада,
РитIухъаб гурони, рагIи духъ гьечIо.

Дуца умумузул рукъзал цIунана,
Дурго наслабазе къадал рорхана,
Дурго гIакълу-лъаялъ битIараб нухда
Дунги цогидалги рачуна дуца.

Мун - рукъалъул хIуби, ракIалъул хIалхьи,
Гьалбадерие мун - ракI кьолев инсан.
Мун гьечIеб цIадухъе ниж хинлъиларо,
Дур лъикIлъи нижеда кIочон теларо.

Баркала, хирияв, дур рокьиялъухъ,
РагIабаз бицинчIеб дур тIалабалъухъ.
Дур калам къотIараб къо бихьугеги,
Лъималазул рахъ ккун кIалъалев эмен.

Дур къимат гьабизе ниж кватIугеги,
Лъималазде ккараб борхулев дада.
Балагьазда цеве кьурулъун чIолев,
ТIанчIи цIунизелъун цIадай кIанцIулев.

## ИНХОКЪВАРИ

Кьурда тIегь бижулеб дир инсул росу,
РикIкIад йигониги, ракI мунгун буго,
Каспий ралъадалъул рагIалда чIарай
Дур даруяб иццухъ дун урхъун йиго.

**Квер бахъизе анищ дол дир мугIрузда,**
**Каранзулъа хIасрат къватIибе кьезе.**
**ГIащикълъигун къала лъимер каранде,**
**Киб баккилеб дир бакъ, росулъ гурони.**

**Дие бищун жакъа камулеб буго**
**Инсул росдал рагIал гIодой рештIине,**
**Лабаллъуда хурзал, борхалъуда рохь,**
**Биялъ цIалей йиго росдал сверуде.**

**Каспий рагIалалъул гIатIидаб авлахъ,**
**ГIатIилъи кIваричIо, кье дие сухъмахъ.**
**ГIицIго духъе буго цIан унеб дир ракI,**
**Инсул росу, гьечIищ дир цIаруе бакI?**

## ВАСАСДЕ

**Къалбал къурабаца щулаго ккураб,**
**Имамзаби гIураб магIарухъа вас.**
**Лъиего къуличIеб дир хирияб халкъ,**
**Хиралъаги дур цIар цIар кIудиязе.**

**ГIумру халалъаги, хирив дир вас,**
**Дуниял гвангъарав мун - дадал чIухIи.**
**Божарав гъудулги, битIараб нухги,**
**Хирияв, кидаго гьарула дуе.**

**ГIагараб росулъе нух хиралъаги,**
**Инсул гьоболасе хилиплъугеги,**
**Умумузул гIадат кIочене тоге,**
**КIудиязул адаб рехун хьвадуге.**

**Воре мун чучуге, чарлъун хьвадуге,**
**Къиматаб гурони рагIи абуге;**
**Ишазулъ вихьула ракьалда инсан,**
**Сабруялъ борцуна гIакълу чиясул.**

## ИМАМ ШАМИЛ

**ГIасрабазул гъатаз бахчизабичIеб,**
**Паркъолеб хутIана Шамилил хвалчен,**
**ТIолго Кавказалъул яхIги намусги,**
**Динул исламалъул къадруяб байрахъ.**

МагIарул халкъалъул къвакIи борцине,
Дур бицани гIола, кIудияв имам -
Бищунго гвангъараб Кавказалъул цIва,
ЦIар  Дагъистаналъул борхат ккурав цIум.

Халкъазул ракIазулъ бикIараб дур цIар,
ЦIилъун гуронани, тIерхьине гьечIо;
Шамил, жакъаги мун - нижер цевехъан,
Имам, кидаго мун - нижер багьадур.

Дин цIунун, халкъ цIунун, гьал мугIрул цIунун,
ЦIадулал рагъазда гIумру арав мун,
РахIманасул нухда халкъ тIобитIиялъ,
Даимлъиялдаго цIар щулалъарав.

ГIелмуялда гIамал рекъарав гIакъил,
Иман щулиясе мисаллъун вуго.
Имам Шамил, дур цIар борхалъи буго,
Кинаб къо щваниги, магIарулазе.

АхIулгохI – борхалъи Дагъистаналъул,
Дур цIар дунялалда рагIизабураб.
Гьеб - цIудул борхалъи, ганчIил кьураби,
Наслабазе дарслъун гIасрабаз тараб.

ТIадегIанасул гьеб хIукму батила,
Гъазаватлъун букIин тIолго дур гIумру;
КIудиял аскарал щущазарурав,
ЧанцIул лъукъаниги, цевехун арав.

Имам, дур суратцин Дагъисталалъе
БахIарчилъиялъул нугIлъилъун буго.
МагIаруллъиялъул чIухIигун къвакIи,
КъартI дур гIадаб лъачIо дуниялалда.

## ХIАЖИМУРАД

БахIарчияб рекIелъ рекIкI букIунаро,
РекIкIалда рукIуна ракI гьечIел чагIи.
ВатIан хирияв чи хилиплъуларо,
ХIинкъарал рахъуна мацIихъабилъун.

КIочене толареб тарихалъул цIар,-
Цевехун гурони, нахъе мун къачIо.

**ХьвагIараб хвалчадул паркъи жакъаги**
**МугIрул тIогьаздаса тIагIунеб гьечIо.**

**Шамилида аскIов кIодолъи щварав,**
**МагIарул багьадур мун ХIажимурад.**
**Букъизе кьолареб дур бетIер буго**
**БахIарчиялъул нугIлъун жакъаги.**

**Мун чода воржарав рорхатал мугIрул,**
**Даимго гьединго гIенеккун руго.**
**КигIандай камурав мун Шамилие,**
**Гъуниб магIарда гьев асирлъулаго.**

**Чармилдай букIараб ургьиб гьинал ракI,**
**ЦIаргицин къвакIараб бугилан кколин.**
**Лебалав рагъухъан, гъалбацIалъул къартI,-**
**Зикру бачунаго тараб дуниял.**

**Бекулареб хвалчен, чучулареб ракI,**
**Вагъулаго хварав рекъав багьадур-**
**Заман бахъанагIан къадру цIикIкIунев**
**Наслабаца дур цIар борхатго кквела.**

## ПАРАНГ

**ГIадамазе лъикIлъи цIехолев инсан,**
**ГIадамал хьвадизе нухал къачIарав,**
**Нухда рукъзал ралеб гьаб заманаялъ,**
**Паранг, дур цIар буго цIвалъун кенчIолеб.**

**ЩIадалъ виччаниги, бакъ хIаллъаниги,**
**Киридухъ хIалтIарав, кIвахIаллъичIого.**
**Цадахъ босулебги гьаниб толебги**
**ХIисаб гьабулаго арал дур сонал**

**Нухлулавлъун гIумру дур анин ккола,**
**Нухал къачIазеян къватIив вахъарав,**
**Шулияб иманги, магIарул яхIги**
**БачIунеб гIелалъе мисаллъун тарав.**

**Аллагьасухъе нух, ракьалъул нухал,-**
**Дуца гьел къачIана рекIел хинлъи кьун.**
**Жакъа гIадамазул хьантIлъи бихьидал,**
**Дур сахаватлъиян хIикмалъула ниж.**

ГІатІилъун ина дуй сиратІалъул къо,
Кьоялги нухалги къачІарав Паранг.
Надалда раккарал гІетІул гараца
Хъвазего теларо жужахІалъул цІа.

Алжаналъул каву рагьиларищ дуй
Дуца рарал нухаз гьаб ракьалда тІад.
Ракьалда халкъалъе кІодолъарав дур
ЦІар кІочон теларо, ТІиндиса Паранг.

Кьоялги, нухалги, пихъ кьолеб ахги,
ЦохІо дур квераца бахъараб лъимги,
Хиралъараб дур ц1ар цІунила халкъалъ,
Аллагьасда цеве вацІцІалъун арав.

ГІадамал, гІадамал, къокъаб гьаб гІумру,-
Дунялда лъалкІ те, Парангас гІадин.
Гьаниб хутІулебги добе унебги,-
Гьелда ургъун рихье, бакъ тІерхьиналде.

* * *

Къуръан  цІалулеб рукъ, баркаталъул нур,
Зикруялъ гвангъараб борхатаб ватІан.
Иман бугеб рекІелъ букІунаро ццин.
АлхІам цІалулесда гурхІулев РахІим.

* * *

РакІ чІобоголъун буго,
Ракь хІатІикьа тІун буго,
АскІор рахъун чІаралцин
Цоцазда рихьуларо.

Рокьи бичун босула,
Гъумер берцин ячуна,
ГІамал-хасияталъухъ
Хал кквезе регІуларо.

ГурхІула, гъаримзаби,
Къадал рорхатго рарал,
ВачІине гьобол гурел,
Гьудул цохІо хутІичІел.

Гьез гІарцул таргьабазухъ
РакІал хисун кьун руго,
Кье, Аллагь, Дуца гьезий
КантІи, иманалъул нур.

## РАГЪУЛ ЛЪИМАЛ

Унтун холеб буго къечараб лъимер,
Салул авлахъалда лъимцин щвечІого.
Ракъван кІутІби руго, ссун берзул канлъи,
БихъичІого гьаб ракІ кин хутІун бугеб.

Эбелин гIодулеб лъимадул гьаракь,-
Гьеб ахIи рагIулев чи хутIун гьечIо.
Эбел- эменги чIван бесдаллъаразул
Къисмат магIуялде сверулеб буго.

Унге нуж хьолбохъан, унге аскIосан,
Холеб буго лъимер, гьабе цо кумек.
Сон букIараб къоги нахъ буссунарин,
Лъималазул биялъ багIарлъун ралъад.

ЦохIо бидул къатIра тIинкIун бихьани,
Кинаб лъикIлъи цIалеб цIадирабаца.
Хвезегойищ гьечIел чIвадарухъаби,
Халкъго гъурун балеб гъаримаб дунял.

Ругьунлъанин ккола къварилъабазде
ГIумруго лъаларел пашманал берал.
ХIалакъал, ракъварал гьитIинал кверал,
Ракъарал, гъанкъулел гIисинал лъимал.

Дуниял гьимичIел, гьуинлъи лъачIел,
РухI босун унелъун аскIов чи гьечIел;
ГурхIа, ТIадегIанав, магIил гаразда,-
Заманалъул сурат, судулеб керен.

Кин дунял гIуцIилеб, ракьалъул инсан,-
Холел лъимал ругин лъимцин щвечIого.
ГIазабал гIемераб, огь, дир замана,
ГIасилъараз толел гьал бидул лъалкIал.

## ГIОДУЛЕБ КЬУРУ

ГIасрабаз къваридго борхатаб кьуру,
ЩибгIаги дуй ккараб гьедин гIодизе,
Хасало цIер чIвайдал цIункIулукIалгун
МагIил гарал руго мегIер гIадинал.

Бакъул чIорал щведал харилъа чвахун
Дур магIу баккула бацIцIадаб иццлъун.
ЧIечIого чвахулел дур магIил гарал,
ТIагIунел къоязда ургъуларев чи.

Росулъе щолезда, нахъе унезда
Хадубги балагьун къойил гIодулеб;
Нахъ вуссанин бохун гирулеб магIу,
Росу танин гурхIун гирулеб магIу.

* * *

Иман цIикIкIараб ракI бихьизабулеб
ЩIадиро киб бугеб гьаб дунялалда?
Чи чIвазе кколилан хIукму къотIулеб
Ихтияр лъихъе кьун бугеб ракьалда?

Диналъул вацасул- бусурманасул
Гьаб дир ВатIаналда би тIолеб бугин.
ТуманкI речIчIулесда ракIалде ккечIищ
Аллагь вокьулев лагъ чIвалев ватилин?

Рогьалил какги бан къватIив вахъарав
ГIужие восулев кинаб замана!
ЧIвадарухъабаца рекIей бокъухъе
Законалда буго тIад хIетIе чIолеб.

ЧIван ракьалда лъурал гIолохъабазул
Улбул гIодиялъул ургъелго гьечIо.
Бесдаллъарал лъимал, къорол руччаби,
Кин рукIинелилан пикруго гьечIо.

Умумуз цIунараб, ирсалъе толеб
ГIаданлъи кIочарал рижулел руго.
Жал хвезе гьечIилан кколел чагIаца
ЧIегIераб накIкI бугин тIаде бачунеб.

Эбелалъул гIоди рагIулеб гьечIо,
Гьелъул бихъулеб ракI бихьулеб гьечIо.
Гьелъ гIезе гьавурав сахав щинав чи
ЧIвалеб улкаялда чIегIер бан буго.

* * *

Аваразул тарих, магIуялъ гуро,
КъватIире рахъарал хвалчабаз хъвана.
Лъил-лъилги ракьазда бахиллъун гуро,
Умумузул мугIрул цIунизе гIоло.

БахIарчиял васал, къулулареб яхI,
Дир борхатаб тIалъи, тIадмагIаруллъи;
Нилъ хвезе рижарал киналго руго,
ВатIан цIунарасул хвел бахIарчияб.

Эбел щай гIодулей бахIарчиясул,-
ЧIухIун борхе бетIер, бихьуге магIу.
Багьадурал васал гьечIеб ракьалда
Ракьгицин хутIилищ гьал хабалазе.



* * *

НакIкIаз рахчарал цIваби,
ЩIер чIван тIегьарал гъутIби,
КIиязулго чIухIиялъ
Балъго тараб гьаб рокьи.

Нахъе къараб карачел:
Мун лъаларилан абун,
Куркьби хьвагIун араб хIинчI:
Жинда цIехоге ахIун.

Гьаб берцинлъи гьанже щай,
Рохел бикьизе гьечIеб.
ЧIалгIеналъ чIвалеб заман,
Зани дие чIвазегIан.

* * *

Ахирал саназда гьобол кинигин
Ялагьун йиго дун сверухълъиялъухъ.
Судулеб керенгун, гъветIалда дица
ЛъикIго букIаян квер бахъулеб буго.

Дие ургъелалъе кьураб дуниял,
Дида ракI хIалхьунеб бакIго батичIеб,
АльхIамдулиллагьин шурулел кIутIби,-
Гьалдаса кIудияб бихьугегиян.

* * *

Тарихалъул тIанчал чарлъулел руго,
РухIдаллъи тIагIараб замана бакIлъун,
Къадарабщиналъе борхалъи щвана,
Жагьилабщиналда куркьбал рижана.

* * *

ТалихI - гьересийищ, гьеб уяб жойищ,
Божулареб рекIей щибдай гьабилеб?
Гьаб дунял - дунялищ, хабаде нухищ,
Нухлул рагIал ккурай киедай щвелей?

* * *

Замана анагIан къвал базе эбел
Камурай гьай дица шибдай гьабилеб?
Сонал тIерхьанагIан цIикIунеб урхьи,-
Эбел, дудаса дир цIикIана сонал.

Заманаги чIана, чирахъги свина,-
Дир халатаб сапар бихьулеб ахир.

**Дун - къокъал кучIдузул гIащикъай гьобол,**
**Дуниял толеблъи лъалеб букIарай.**

*** * ***

**Малъараб гьабулей шагIирги гурин,**
**Дицаго малъараб гьабун гурони.**
**Дунго хадуй гъолеб гIамалги гьечIин,**
**Дун лъалин лъаларел гаргаданиги.**

*** * ***

**Аллагь, Мун разияб къоялъ босе рухI,**
**РухIияб бечелъи тIагIине тоге.**
**ТIадегIанав Дуца, гьарула, цIуне,**
**СиратI гIатIилъулеб нухдаса яче.**

*** * ***

**БухIараб гьороца черх чурхъаниги,**
**Чилъи рехун течIел чIахъаян абе.**
**Гьаб дуниялалда гьоболлъухъ рукIин**
**КIочон толарезда Аллагь гурхIаги.**

*** * ***

**Къулун бихьиларо битIараб рагIи,**
**Рагьараб ракIалъул хIакъикъат буго.**
**Бакъ баккулеб къилба - яхIалъул къулгIа,**
**ТIадегIанасухъе ниж рачунеб нух.**

*** * ***

**ГIодана гьудуллъи гIарцухъе щведал,**
**ГьитIинлъана намус месед бихьидал;**
**ЧIагоял гIадамал, гIадада хоге,**
**ГIаданлъигун чилъи чехьалъухъ кьоге.**

*** * ***

**Дунали цеего хвезе йикIарай,**
**Как базеян тIаде яхъинчIей ани.**
**РечIчIанщинаб чIорги щвелаан рекIелъ,**
**Дир ТIадегIанас дун цIуничIей ани.**

*** * ***

**БухIун унеб буго дир рекIел дунял**
**ГIаданлъи цIунарав чIвалев вихьидал.**
**Босун унеб буго чIалгIеналъ дир рухI**
**РухIдаллъи лъаларев нухда ватидал.**

* * *

**Къулун вихьуларо эркенав инсан,**
**Аллагьасе гурев, гьаб ракьалда тIад.**
**Валлагь  ватуларо квешлъи ургъулев**
**Диналъул вацасе иман шулияв.**

* * *

**ШагIир херлъуларо яги холаро,**
**Ракьалда гьесул кечI бугогIан мехалъ.**
**МегIер бихханиги,  хутIула рагIи,**
**Рагъун бугеб рекIелъ хIасратаб угьи.**

* * *

**Дир гIурччинаб ралъад, лъица кквелей дун,**
**Дир хъахIилал зобал зани чIвазегIан.**
**Дир чIухIараб  бетIер лъийго къуличIеб,**
**ЧIахъа, дир дунял, данде билълъинчIеб.**

* * *

**Дир нухда цIа гъолел цIодорал чагIи,**
**ХIатIал рухIаниги, гьечIоха ургъел.**
**РакI бугин дир ургьиб биун  тIагIунеб,**
**ГIаданлъи цIунарал гIадамал цIехон.**

* * *

**ГIасрабаз цIунулеб цIарги нахъе тун,**
**Уна шагIирзаби  гьаб ракьалдаса.**
**Уна гьел киналго керенги ссудун,**
**Зазил нух мерхьине къисматалъ тIамун.**

* * *

**Бигьаго босила кьалбал гьечIеб гъветI,**
**Чвахун унеб лъеца бакъвараб цIуллъун.**
**Заманалъ чIваларо  пикру бугеб кечI,**
**ЧIаго хутIила гьеб, магIна бугони.**

* * *

**ЩIияб ретIинеги дун нечон йиго,**
**Горде хисизецин рес гьечIел ругин.**
**ТалихIай йикIине яхIалъ толаро,**
**Лъимал гьечIей эбел нухда ятулин.**

* * *

**КигIан чIухIараб рукъ дуца бани щиб,**
**Мун гIаданлъун  рикIкIун чи рещтIичIони.**

**Сундаса вохулев ракьалда инсан,**
**ТIулил вацазгицин мун рикIкIинчIони.**

*** * ***

**ЦIаличIеб тIехь буго дир къисмат дуе,**
**ЩвечIо дихъе ргаIи, мун аскIов цIалеб.**
**Дихъеги бачIина цо пуланаб къо,**
**Хъвараб щинаб гьаб кечI бихъун рехулеб.**

*** * ***

**Алжаналъул нуралъ гвангъанин ккола**
**Къуръан цIалулеб рукъ рагьараб ракIгун.**
**Сверухъ дуниялго гIенеккун буго**
**БацIцIадаб, берцинаб гьеб гьаракьалъухъ.**

*** * ***

**ГIарцухъ инагьдулел гьал гIабдалзаби,**
**РухIдаллъи хисулищ рухI гьечIел кагътаз.**
**Цо рагIи лъалареб багIараб месед,**
**ХIамида баниги, батIалъи гьечIеб.**

*** * ***

**Мун бакъалъ вухIулев, цIадалъ виччулев,**
**ТалихI кьун вохаги, ракьалъул инсан.**
**Ургъалабазул магь къойил баччулев,**
**Бичасда рагIаги къваридаб калам.**

*** * ***

**Чияр чорокаб би тIадеги босун,**
**Къадарав чIвазецин квер кин борхулеб?**
**Огь, гьитIинлъулеб куц учузаб гIамал,**
**Огь, гьодорал ракIал, кепкил багьаял.**

*** * ***

**Дун чIухIарай йиго, чIухIун хвадула,**
**Дир улбуца тараб тарихалдаса.**
**Кьурул рагIаллъуда рарал гьал рукъзал,**
**Хуралъе тIокIлъизе гьарурал ракьал.**

*** * ***

**Парангил цIар буго цIунун гIадамаз,**
**Халкъалъе къачIалел чIобого нухал.**
**Гьел нухаз вачина мун алжаналде,**
**Дунялалда кIочон хутIулареб цIар.**

* * *

**Нух бакъулъ бихъизе ракI батаниги,**
**Дун сабаблъун къварид чи хутIугеги.**
**Рокъое щвечIого рухI босаниги,**
**Халкъалъул нагIана гIинда хъвагеги.**

* * *

**Аллагь рекIелъ ккурав чи хвезе гьечIо,**
**Гьоболлъухъе щвараб дунял тун гурев.**
**ГIумруялъ рекIеда гарацI баларо,**
**РахIимин ахIулеб  жан букIун хадуб.**

* * *

**Учузалго  хьитал ретIаниги щиб,**
**Учузаб букIунге ургьиб гьинал ракI.**
**Кваназе чед камун дун хутIаниги,**
**ЯхI кваналеб нухде ячунге, Аллагь.**

* * *

**ГъотIол гIаркьел гуро кквезе дуниял,**
**ГIадамаллъун рукIа, ракьалъул гьалбал.**
**Гьанив хутIулев чи цониги гьечIин,**
**Рихьуге нуж къулун нич тIагIаразе.**

* * *

**Радал бугеб бакъалъ дун хинлъичIони,**
**Къалъудаса хадуй хинлъиларо дун;**
**Рокъоб гьечIеб талихI, киб батаниги,**
**Талих1алдаса дун разилъиларо.**

* * *

**Магь баччун уней яс, унго, дур талихI,**
**Рокъое щварайго гIодоб рехила.**
**Дир рекIел магь буго - баччун свакараб,**
**БотIрол пикру буго - дунялгIан бакIаб.**

* * *

**Дир бетIер, къуле мун, къварилъи щвани,**
**Щвеларо намусалъ мун къулараб къо.**
**Дир берал, гIоде нуж, нагIана щвани,**
**Дица яхI рехун, нуж риччизе гьечIо.**

* * *

**Огь, Аллагь, цIуне дир хирияб лъимер,**
**Квач хъвазе течIого, рагъ бихьичIого,**

**ЦIуне загьру тIолев гьудуласдаса,**
**Гьав пашман гьавулей гьалмагъалдаса.**

*** * ***

**Дун кие шваниги, нужехъе цIала,**
**ЦIорорал тIогьазул гIагарал мугIрул.**
**Хъала батаниги, дуде урхъула,**
**ГIисинал рукъзазул гIагараб росу.**

*** * ***

**Дур кочIохъ гIенеккун хиралъана дий**
**МагIарул тIалъиги, тIолго улкаги,**
**ТIеренаб сухъмахъалъ уней йиго дун,**
**Дир хирияб ватIан, халкъалда гъорлъе.**

*** * ***

**Дие ургъел гьечIо дун хвананиги,**
**ХвечIого хутIаги гьаб магIаруллъи.**
**МагIарул кечIалде урхъараб дир ракI**
**Жубайилан абе авар мацIалде.**

*** * ***

**Инхокъвари гIурухъ гIодулеб кьуру -**
**ГIемер бакIалдаса чвахулеб магIу.**
**Дирни гьаб къварилъи къаникь арайго**
**ТIагIина, гIодулеб кьуру хутIила.**

*** * ***

**Свере, свере, дунял, дир къоял росун,**
**Гьанив хутIулев чи цониги гьечIин.**
**ЧIегIер бан чIунилан хварал руссинищ,**
**ХъахIаб ретIанилан нилъго хутIилищ.**

*** * ***

**РоцIараб зоб гIадин бацIцIалъун чIа, ракI,**
**РекIкI-хIилла гьечIого, гIадан чIвачIого.**
**ХIатIазукь буго ракь, чIухIун рукIунге.-**
**Ракьулъ лъезе руго нилъ кватIичIого.**

*** * ***

**ТалихI гьечIелъуса талихI цIехолей**
**Арал дир къоязда йиго гурхIулей.**
**МугIрузул берцинлъи рекIелъ къаниги,**
**ГIатIилъуда буго дир гIумру унеб.**

* * *

**Дие щибго гьаниб къваригIун гьечIо,**
**Рагъ бихьичIого дир лъимал хутIаги:**
**Гьездаги гIагараб Дагъистаналда**
**МагIарулазул яхI цIунун батаги.**

* * *

**Лълъел къимат ччугIида лъалеб батила**
**Ральдал рагIалде жиб рехараб мехалъ.**
**ГIадан гIадамасухъ урхъун ватила**
**ГIадамал гьечIелъув хутIараб къоялъ.**

* * *

**Дие чIегIерлъула багIараб месед,**
**ЯхI бичун, нич тIагIун кодобе щвараб.**
**ЦIуне, гьудул, дуца магIарул намус,**
**Меседалдасаги жеги къиматаб.**

* * *

**ГIадамал, гIадамал, лъикIаллъун рукIа,**
**ЛъикIаб рагIуцайин рогьунеб сордо.**
**ГIадамал, гIадамал, квешал рукIунге,**
**РукIкIине биччаге рагIигун гьаб къо.**

* * *

**Дие бокьулебги бокьуларебги**
**Хъвайго хъвайин абун буго дуниял.**
**РагIиялъ рохула, рагIиялъ чIвала,**
**ЧIа, сихIтун чIайилан семула гIумру.**

* * *

**Лъица абураб гьеб, рази гьечIо дун,**
**Ракьалда аслияб месед бугилан.**
**Меседищ хазина, хириявги тун,**
**Хадубищ гIодилеб, хабатIе къулун.**

* * *

**Дие цIакъ бокьула ракьул тIабигIат,**
**Борхьал камураб бакI батичIониги.**
**Кидаго ракI цIцIала гIадамазухъе,**
**Мугъзада нус чIвалев камичIониги.**

* * *

**Цо гъваридаб калам къваригIун буго,**
**ЧчугIалъунищ иней ральдал тIиналде.**

**Цо борхатаб рагIи хIажалъун буго,**
**ХIинчIлъунищ йоржиней хъахIил зодихъе.**

*** * ***

**РацIцIадал иццалги магIарухъ танин,**
**ЦIорораб лъим щвелищ рухI бахъулелъул,**
**МугIрул сухъмахъалги рикIкIаде кканин,**
**Ккеладай нух къосун къаникье щвезе.**

*** * ***

**Чамги хъала биххун араб ракь буго,**
**Раге гIадамаца гIарцуе какал.**
**ГIемерал ханзаби хвараб дуниял,**
**Бокьуге, хIакъ босун, хIакимлъидул тах.**

*** * ***

**БацIцIадго ине те умумузул ицц,**
**РачIунел гIолилал гIодой къулизе.**
**Дагьабги лъикI цIуне магIарул намус,**
**Нилъер лъималазда хадуб батизе.**

*** * ***

**Огь, щиб камуниги, чи камугеги,**
**Ккараб къо борхизе аскIов ватаги.**
**Огь, щиб биланиги, нич билугеги,**
**ГIаданлъун хутIизе цIунун букIаги.**

*** * ***

**Къварилъиги цIикIкIун берал къанщидал**
**Дида цере чIола хириял мугIрул,**
**Щобал гаргадула: къуркьуге абун,**
**Кьураби кIалъала: къулуге абун.**

*** * ***

**Дида квер хъвачIого чIван дун рехулел**
**Ургъалаби руго гьанир ракьалда:**
**Дуниял рагIалда гIодулеб лъимер,**
**Дурги ургъалица унтула керен.**

*** * ***

**Дир борхатаб кьуру, кьурун чIанин ракI,**
**ХIалихьатал чагIи аскIоре щведал.**
**Дир магIарул гьава, бекун анин ракI**
**РакI гьечIел чагIаца кверал рачиндал.**

* * *

**Лъие къваригIараб гъваридаб дир кечI,**
**Чадил ургъелалда ругин гIадамал.**
**Лъие хIажалъараб хIасратаб бакъан,**
**Маххул нуцIбуз ругин цIунулел рухIал.**

* * *

**НагIлиялъ абила: жиб гамачI бугин,**
**КIалъазе кIолареб, ине лъалареб.**
**Къадараб килщида кунчIиялдаса**
**ЯхI бугесул къадалъ рекъелаанин.**

* * *

**Дир хIал къватIиб чIвалеб къварилъи щвани,**
**Дур лагълъидал, Аллагь, кье дие сабру;**
**ГIаданлъи борцунеб нухда ятани,**
**ГIаданлъун хутIизе кье дие гIакълу.**

* * *

**Нилъер чи чиярин ккун,**
**Лъезе ккогеги гали.**
**Чиярав нилъерин тун,**
**Бахъун унгеги рагIи.**

* * *

**ТIокIалъ цониги кечI хъваларин абун,**
**Ккун буго ракIалде, рекIкIаб дуниял.**
**РукIкIен-куналдейищ гьанже юссиней -**
**Бихъун унеб дунял данде букъизе.**

* * *

**Эбел-инсул рокъоб рахараб нуцIа,**
**Гьелдаса къваридаб къо букIинадай?**
**Бераца цIехола рокъобехун нух,**
**ХIатIаца ячуна хабал рагIалде.**

* * *

**Кие кватIаниги, какил гIужалъе**
**КватIун ятугеги, БетIергьан Аллагь.**
**Кие къосаниги, Дуда цее дун**
**Къосун ятугеги, дир ТIадегIанав.**

* * *

**Дуниял ва гIумру хиралъанагIан,**
**Хирияв БетIергьан рехсана ракIалъ.**

**Сверухъ тIабигIатги берцин бихьиялъ,**
**ЛахIдуялъул ургъел буго пикрабалъ.**

* * *

**ЦIумалъ милъирщогун**
**Гъудуллъи кколищ,**
**ЦIорой рещтIарабго**
**БакIал хисулеб?**

* * *

**Кьавуго чIвалареб багIараб месед,**
**Кьалбал меседилищ гьаб рокьул ругел?**
**МугIрузда щущарал рекIел анищал,**
**Дандерижилъунцин гьаниб дур гьаракь.**

* * *

**Рогьелгун рещтIараб берцинаб хивал**
**Унеб батугеги рукIкIун гьаб къогун.**
**Кинан мун цIунилеб, мун дир рекIел тIегь,**
**ТIуни – бечIан унеб, тани – цIоролеб?**

* * *

**Дун хIукму къотIулей диванчIужулъун,**
**Гьарула, гьаюге, нугIлъун ахIуге.**
**Лъаларо Бичасде щий гIагарлъарай -**
**Тавбу гьабурайищ, мунагь гьечIейищ?**

* * *

**Хабар-кIалалъе гьаб дуниялги тун,**
**Берал къанщун тела, дир заман щванин.**
**Дир къварилъиялъул рорхатал сиял**
**Риххун инарищ нуж гьеб мехалъгIаги?**

* * *

**Дий нухда лъалхъизе замана щвечIин,**
**Дир гIумрудул рии, киб мун хутIараб?**
**ГIунун холей йиго Саба меседо,**
**Сабигатил къисмат - къваридаб кечIищ?**

* * *

**ГъветI къотIун гьабулеб кагъатгун къалам,**
**Къалмица хъвалеб гьаб гIумрудул кьогIлъи.**
**Дунялалъул свери чIолеб гъветI буго,**
**Лъил къисмат хъвазедай буцIилеб къалам?**

## НАБИ ГӀИСАЕВАС – 75 СОН



*МагӀарулазул машгьурав шагӀир Наби ГӀисаев гьавуна ЦӀунтӀа районалъул Гьинухъ росулъ хъулухъчагӀазул хъизамалда 1947 соналъул 8-абилеб августалда. Исана гьесул гӀумруялъул тӀубала 75 сон. Гьев, Кидиро росдал школаги лъугӀизабун, хадув цӀалана Дагъистаналъул Пачалихъияб университеталъул филологияб факультеталда гӀурусгун-дагъистанияб отделениялда. Гьелдаса хадув хӀалтӀана мугӀалимлъун районалъул росабалъ. АнцӀгоялде гӀагарун соназ хӀалтӀана районалъул «ЗахӀматалъул рецц» газеталъул жавабияв секретарлъун.*

*ШагӀирас хъвана гӀемерал тӀахьал: «РакӀазул кьаби», «ГӀумруги кечӀги», «Баракат», «ЦӀвабзазде гӀагардухъ», «Нур сунареб бакъ», «ГӀумруялъул чили» ва цогидалги.*

*2013-2014 соназ къватӀибе биччана данде гьарурал кучӀдузул кӀиго том. Гьесие кьун буго А.С.Пушкинил меседил медаль.*

* * *

«Нижер филологияб факультеталда цӀалана гӀезегӀан поэтал, амма дун вачӀана Наби ГӀисаев Аллагьасго гьунар кьурав поэт вугилан абураб пикруялде. Гьес, балики, школалда учительлъиялъул хӀалтӀи тун букӀине ккола поэзиялда тӀад хӀалтӀизе гӀоло».

***Н.Г.СИВРИДИ,***
***1962-абилеб соналъ ДГУялъул филологияб***
***факультеталда гӀурус мацӀалъул мугӀалимлъун***
***хӀалтӀарав, филологиял гӀелмабазул кандидат,***
***доцент. Н.ГӀисаевасул вукӀарав мугӀалим.***

* * *

**РогьелгӀан гвангъарал дир анищазде**
**Их бакьулъ, тохлъукье, бана горо-цӀер,**
**ЦӀурцӀцӀудулеб гьури, инагьдулеб ракӀ,**
**РекӀеда рукӀкӀенлъун хӀунсарулеб рекӀкӀ.**

**ЖахӀда лъил бергьараб лъазе кӀоларо**
**КӀиялго дандчӀвалеб нухде гъегъ базе,**
**Зоб тӀун бачӀаниги, холареб къотӀи**
**Къокъидго биххизе бокьарав щивдай?**

**«Гьудул, тӀадюсса», -ян магӀид вецӀцӀулев**
**Дуда рагӀуларищ дир рекӀел ахӀи?**

Унге мун хьуцIцIилъе, дица гIуцIараб
ГIищкъул дунялалъе къо-мех лъикI гьабун.

Анищазда тIасан тIад хIуччги бахъун,
Балагьаб нух дуца тIаса бищуге,
Бищунго завалаб заманаялда
Зобал нилъеего кьерхинаруге!

Мун гьечIеб дуниял дие – туснахърукъ,
Чундуца рохь гIадин, тоге дун рехун.
Риххизе риччаге гIищкъудул сиял,
Сверизе биччаге магIуялде кечI.

## ОГЬ, ДИР ГIАГАРАБ РАКЬ – РОКЬУЛ МАТЕРИК

Огь, дир гIагараб ракь - рокьул материк,
Мун кучIдузулъ ахIун свакаларо ракI,
Салам-саламилан, дудехун вуссун,
Дур васас гIащикъаб гьабула калам.

Шагьаралги сверун, халкъалги рихьун,
Хириял мугIрузде вуссараб мехалъ,
Алжаналде унев шагьидасулгIан
Щибаб нухалда ракI, бохун, кIетIола.

Ва сапараздаги цере тIамула
ТIогьода росарал дур расалъаби,
Рогьалил бакъуе щуб тIад бетарал,
БахIаралда релълъун гьимулел тIугьдул.

КIоларо дудаса ватIалъун дида
Дунялалъул рокъоб гIумру гьабизе,
ГIумру щиб букIунеб, хъахIал тIугьдузде
ТIаде бортараб зоб бихьичIонани.

ГIумруян абилищ,чил-чилиялда
Чвахулеб магIарул гIор бихьичIони,
Горда гъоркь гъотIода ихдалил хIанчIаз
АхIулеб хIайранаб кечI рагIичIони.

ТIалабазде ракьги баччун, умумуз
ГIезарурал нус-нус ахал, хурзал дур,
Кумек хIажалъани, хIалай рахъине
ХIадурал лебалал гIолохъаби дур.

**Хобалазда аскIоб къулгъуги цIалун,**
**ЦIидасан вахъуна дун сапаралде,**
**Жакъа - гъал, метер - нилъ, – гьединаб гIумру,**
**Гъудулзаби, нилъер къисмат цо буго.**

**Къункърабазул гIадал берал гвангъарал**
**Иццазул лъим гьекъон, къеч буссунаро,**
**Къойил годекIаниб хераз рицунел**
**Харбахъ гIенеккула – цо чIалгIунаро.**

**Мех-мехалда дица дугIа гьабула,**
**Дуе лъикIлъи гьарун, эбелаб ватIан.**
**Инсуца лъимадуй гьабулеб гIадаб**
**Дур тIалаб, дур тIадчIей кIочонеб жойищ?**

**Мун - дир талихIалъул кочIол гъансито,**
**Кисанго дун, вахъун, духъе вуссуна,**
**Дунялалда лъарал къварилъабаца**
**Къулизе гьабураб бетIерги борхун…**

**Ракъи-къеч гьарзаял сонал рукIана,**
**Росаби рухIарал хIужжаби ккана,**
**МагIарул чиясул сабруги яхIги**
**МегIергIан борхатаб батана гурищ.**

**КигIан кIвекIаниги гIазаб-зулмуялъ,**
**Зигара гьабураб калам борчIичIо,**
**Дие гьабурасе Бичас гьабейин**
**Гьарана, чара хун, БетIергьанасда.**

**Аллагьасе гуреб бетIер къуличIо,**
**Къадирасе гуреб лагълъи гьабичIо,**
**Гьелъие мисаллъун даим хутIила**
**Халкъалъул бахIарзал – магIарул васал.**

**КIалдиб щвараб гулла къватIибе туян**
**Васасде ахIдолев инсул щулалъи,**
**ШайтIабазда кодор щвезе чIеларин**
**ГIурулъе кIанцIарал ясазул къвакIи.**

**Кинан гьеб борцунеб, сунца борцунеб,**
**Жеги ургъун гьечIо гьединаб роцен.**
**Гьелъин, гьудулзаби, Дагъистаналъул**
**Даим борхалъуда буго къимат, цIар.**

## ДИЦА ДУР ЦIАР АХIУЛА

**Дица дур цIар ахIула, -
Анкьихъе зоб гвангъула,
Анкьго мегIер нахъа тун,
Бакъул рахъалъ рещтIуна.**

**Рохалил керен цIола,
ЦIваби чIухIун кенчIола,
Кинаб талихI, дир гъудул,
Дунялалда мун йикIин.**

**Дица дур цIар ахIула,
БухIараб хIухьел гIадин, -
ГIищкъул карачалаби
Дир каранда гьелчола.**

**Гьаб дуниял батIаго
Бокьула, хиралъула,
Хвел, гIузраби, гIарзаби
Дида кIочон ратула.**

**КочIол балъголъи лъалев
Щив гIакъил ватаниги,
ГIищкъул балъголъи лъалев
Лъица дида бицинеб?**

**Лъица дида малъараб
Мун йокьизе ракьалда? –
Баккулеб тIогьоцайищ,
ТIерхьунеб бакъуцайищ?**

**Бакъан дие тIамураб
ТIармил кIиго чIчIваялъищ?
ЧIухIун данде гьимулел
Дур чIегIерал беразищ?**

**Унеб мехалъ хIатIазул
Цо хIайранаб музыка,
Цебе-нахъе кIичIулеб
КIиго квер – кIиго кваркьи.**

**КIутIби данде цуралго
Цоцазда лъараб тату
Сунцаго хисулареб
Хазина букIун буго.**

**Холеб мехалъги дида
ТIаде къулун, къвал жеме,
Къуват данде бакIарун,
Бусадаса вахъине.**

**Цинги дур ц1ар ахIила,
Унтаби нахъе ина,
Нилъер гъасда цIидасан
ГIищкъудул цIа кенчIела.**



* * *

**«Набил талихI буго ЦIунтIаса вахъарав поэт вукIин, гьелдасаги цIикIкIараб талихI буго цIунтIадерил, Наби ГIисаев гIадинав поэт Аллагьас жидее кьурав».**

***XI.XIАЖИЕВ,***
***шаг1ир, хъвадарухъан, журналист,***
***Дагъистан Республикаялъул ва РСФСРалъул***
***культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан.***

## ГIАГАРАБ РАКЬАЛЪГИ РАХЪ ККУРАБ МЕХАЛЪ

**Лъица гьеб абураб, мугIрузул тIалъи,**
**Дудаса тIун ругин рекIел пикраби,**
**Панаяб дур хIисаб кIочон танани,**
**ТалихIав вукIанищ цогIаги поэт?**

**Дудаса рикIкIада кив вукIаниги,**
**Килищ дуде битIун цIаличIищ кучIдул?**
**ЦIа боркьараб рагъда хваразда хадур,**
**ГIагаразухъ гIадин, гIодичIищ берал?**

**Дица эбел-инсул гьалбадерилищ,**
**ЧIухIун, адаб-хъатир хвезе гьабураб?**
**Херал рачIунелъул гьезие салам,**
**Сахлъи гьарулаго, дицайищ кьечIеб?**

**Дур гIатIилъабиги, гъварилъабиги,**
**Дур рорхалъабиги, аххалъабиги,**
**АхIулел кучIдулги, кепал харбалги**
**Холеб мехалдаги ракIалде щвела.**

**Дур хурдузул щури, щобазул гьури,**
**Гьалагал гIоразул гIажаибаб сас,**
**ГIагарал тIогьазул ракI тIаде цIалеб**
**Симфония гIадин, гIинда рагIула.**

**Дир Шаури, Шагьикь, дир ХIено-ХъитIохъ,**
**ХIибиялъ, АзилтIа, Асахъ, НахIуралъ,**
**АзарцIул щваниги, магниталъ гIадин,**
**Щвезе бокьун, гьинал рекIеца цIала.**

**Лъица гьеб абураб, инсул ракьалъухъ**
**Ургъел гьечIеб гIадин, балагьулин дун,**

**Балагьал гІемерал рихьараб тІалъи**
**РекІелъа араб мех кида букІараб?**

**Дуе бокьараб жо бокьула дие,**
**Дуда рихараб жо рихуна дида,**
**ХІурматги, рецц-бакъги, рагІул къиматги**
**Къабул гьабизе дун дуца куцана.**

**Жегиги гьитІинго гьаб дир ботІрода**
**ТІагъур дуца гурищ рекъезабураб,**
**Рокъовги къватІивги тІолго гІумруялъ**
**ГІаданлъун вукІаян лъазе гьабураб?**

**Бичас, сайгъат гІадин, дие кьураб бакІ,**
**Дур пикрабалъ буго поэтасул ракІ,**
**Дудаса батІа тІун гІумру гьабизе,**
**ГІодов ккун хваниги, разияв гьечІо.**

**Мун - дир анищазул Макка-Мадина,**
**Мун - дир хиялазе хинлъи кьолеб бакъ,**
**БожичІони, гьикъе гьал кьурабазда,**
**Кьода гъоркьан чилун унеб гІоралда.**

**Цоцалъе гъеж биччан, эхетун чІарал,**
**ЧІухІарал мугІрузда гьикъизе рачІа,**
**ЧІегІерал мацІазул цІад балеб мехалъ,**
**Дие, вацал гІадин, хІалай ратарал.**

**Гучал мугІруз бутІрул тІаде рорхана**
**Ва, рохел бицунеб гІадин, абуна:**
**«ГІемераб рагъ ккана, камиял лъана,**
**ЛъикІа-лъикІал васаз берал къанщана.**

**Амма мацІ, гьереси, гьезул гІадинаб,**
**ГІассиго багъулеб цо бухІи лъачІо,**
**Гьез бахІарго чІварал гІолохъабазул**
**ГІорхъи дунялалда лъида батилеб?**

**Чан гІолилай ясалъ гІажал босараб,**
**ХІехьезе кІвечІого чІегІераб бугьтан,**
**Ва гьелдаса нахъе гьалагаб гІоралъ**
**Гьинал ракІ гІекколеб бачана бакъан…»**

**Дидаги гьитІинго чІегІерал чагІаз**
**ЧІвачІеб гІайиб течІо, лъала нужеда,**

Хиянатлъиялъе куцарал гьелгун
ДагIба гьабизе дир заманищ бугеб?

Дица квер битIана хъахIал тIогьазде,
ГIащикъго къвал базе бокьараб гIадин,
ГIагараб ракьалъги рахъ ккураб мехалъ,
МагIарулал, бице, вохиларев кин?

КечI дир гIумруялъул аслу лъугьана,
БетIергьан Аллагьас сайгъат гьабураб,
Сонал гьоркьор ана, амма хисичIо
Гьаурал мугIрузде дир рекIел рокьи.

Баркала нужее, Шаури тIогьал,
Щула гьабуралъухъ дир рекIел божи,
РикIкIаде воржине, хIанчIида гIадин,
ХIасратаб шавкъалда кваркьаби гьедал.

Гьеле гьеб мехалда хъахIаб кагътида
Хъвана кочIохъанас рокьул рагIаби.
РагIана абулеб лъицаялиго:
«Дуе нух битIаги, Наби ГIисаев!»

## ИНСУЛ ВАТIАН

Инсул ватIаналъул тIокIлъи лъаларез
ТIогьол бахчайилан беццула Париж,
РакI пана гьабулеб гьаб нилъер тIалъи
ТIадагьал бутIруца тола квер хьвагIун.

ЦIумур бан чвахулел чалухал лъараз,
ЦIвабзазде гIагарал мугIрузул тIогьаз,
МагIугIан бацIцIадаб гьаваялъ дие
Алжанул гIадинаб асар гьабула.

Гьанив дун гьавуна, гьанив дун гIуна,
ГIумруялъул нухде гали тIамуна,
ТIоцеве гьаниса унеб мехалда,
Ургъалил беразда магIу хулана.

Гьаниб лъим гьекъана бакъулаб зодил,
Бадиса нур унеб кьералъ гвангъараб,
Бахъана тIогьода, лъимада гIадин,
ГIищкъу загьир гьабун, гьаругьинан квер.

Кеп дие гьабула беролел иццаз,
АхIула рикIкIаде рекIел хиялаз,
Хасалиде гIумру гIагарлъаниги,
ГIолохъанчи гIадин, къвакIун хьвадула.

Дие къилба буго бокьулеб росу
Ва росу рагIалда дир инсул мина,
Мадугьал ХIадисгун хабар-кIалалда
Хараби рукIунел цIорол рагъаби.

Макьилъги бихьула «ЛълъитIакьо» мегIер,
Меседил нур бараб «Бари» расалъи,
Росдал гIолохъаби, чуязда рекIун,
Гуржиялъе унеб аваданаб нух.

ЦIунтIа – шигIру кьураб цIумазул улка,
ЦIар дур рехсечIого хIалхьуларо ракI,
ХIайранаб дир тIалъи, мун бичIчIичIесда
Бихьизе рес гьечIо гьаб дур берцинлъи.

## ПАТIИМАТ

Дица мун ясалъа йищилароан,
ЙищичIого тезе бегьарабани;
Йокьулилан дуда абилароан,
АбичIого тезе хIал кIварабани.

КIоларо, кIоларо, кIоларо дида
Мун тун батIиялде килищ битIизе,
Каранда къанал чIван, ракьулъ лъуниги,
Лъаларо, лъаларо дур гуреб адрес.

Дие мун йокьизе бакъалъ малъана,
Берцинлъи гьелъулищ дуй насиблъараб?
ГIищкъуялъул бицун хIанчIи кIалъана,
ХIайранлъи гьезулищ босараб дуца?

Пирхулеб пириялъ, чвахулел цIадаз
Лъазабуна дида дур хIайранаб цIар.
«ЦIуне!» - ян абуна чIагоябщиналъ,
ЧIалгIаде рогьалилъ кенчIоларо цIва.

Чан сурат бахъараб урхъарав дица
Дур хIисабал гьарун хасалил сардаз,
Сурат гIадин рекIелъ бикIун хутIана
Хурдузулъ тIегь гIадаб дур цIар, ПатIимат!

## ЯСАЛЪЕ – ХАДИЖАТИЕ

Дуда Хадижатин цIар лъураб мехалъ,
ЦIвабицини рохун лъугьанин ккана.
Диего абуни, къаникье арай
Эбел чIаголъараб хIисаб лъугьана.

Дур киниде къулун чанги сардал гьелъ
КьижичIого гIемер рогьарал руго,
Ва каказда хадуб щибаб нухалда
Дуе сахлъи гьарун, дугIа гьабуна.

Эбелалъул гIадаб гIамал босарай,
Бицараб рагIуе хилиплъуларей,
Херазул ракI-ракIалъ къимат гьабулей
Дицаги гьарана лъугьагиян яс.

Дуца гьеб кинабго босараб бихьун,
ГIага-божараца абулеб буго
Эбелалъул гIадаб гIамал-хасият
Ирсалъе босарай яс йигилан дур.

Свакан хIалтIудаса вуссарав дида
Дур гьаракь рагIани, свак кIочон тола,
ТалихIал дур къоял халалъагиян
КIодоэбелалъги гьабула дуг1а.

Дуда цебе буго гIумру борхизе,
Гьеб бахине ккола гIодое йиччан,
Нухда машина хун хут1арав г1адин,
Хиялаз кIвекIулей хутIизе йиго.

Ругьунлъизе ккола гIадан вокьизе,
ГIумруялъ дидаги гьедин малъана.
Гьудулги, гьоболги, вацги цIунизе
Нилъее цIакъго цIакъ хIажатаб буго.

ЛъикIлъи гьабе – гьелъулъ буго даимлъи,
Дидаги гьеб лъана гIадан лъанагIан.
ГIодое ялагье – гьеб мехалда мун
Мурадалде щвела, щаклъи гьечIеб жо.

Къол щуцIул какги бай. Аллагь, авараг
КIочаразул гIумру гIадада уна.
Унго-унголъун дуй дунял, ахират
Ахиралде гIунтIун диналъ рагьила.

## ТIАСА ЛЪУГЬА

***П.М.***

**ТIаса лъугьа, кватIана дуде кучIдул ахIизе,**
**Кинал ихал рукIарал – сапаралда рилана.**
**Нахъа гуреб бичIчIичIо дур гIодой йиччаялъул**
**ГIадан хIайран гьабулеб хIалкIолъиги тIокIлъиги.**

**ТIаса лъугьа, кагътида цIарал хIуччал кинигин,**
**ЦIан ритIарал рукIинчIо дир мехалги нухалги.**
**МагIил берал цIоледухъ хадув угьдананиги,**
**Хабалъ юкъарай дуца дие жаваб кьеларо.**

**ТIаса лъугьа, гьитIинго лъана дида пашманлъи,**
**Мун камидал гIадинаб, гIадал гьавулеб лъачIо.**
**Заманалъулищ гIайиб, гIадамазулищ хатIа,**
**Хадув дунги балагьун, мун хабалъе иналъе?**

**Росдаца чIегIербараб, хурдуз сверун бацараб**
**Хабаде къулун вуго къваридал пикрабазда.**
**Поэзиялъ абула рокьи ккарал холарин,**
**Хирияй, тIаде яхъа, тIаде яхъа, хирияй!**

**БагIарбакъ, тIерхьун араб, рогьалида баккула,**
**Рагье берал, бихxе хоб, хутIун вугин дун янгъиз.**
**Дур махщалил кверазда, кинабго лагаялда**
**АнцIила щуго соналъ цеве гIадин къочизе.**

**Дур рукIарал анищал, аза-азар хиялал,**
**Хурдузулъ ихдал цIадал гарал гIадин, щущана.**
**Щай дун гьавураб къоялъ аскIой гьечIей мун, дарман,**
**Дунялалъул берцинлъи цойги нухалъ бихьизе…**

**Къечон холев дие мун лъим кинигин йикIана,**
**Квачан холев дие мун цIа кинигин йикIана,**
**ЩIадухъ гIодов чIаниги, гIолеб гьечIеб куц хинлъи,**
**Херлъийищ гьаб, хвелищ гьаб – хадув гIунтIулев гьечIо.**

**Дица таманал нухал дунялалда сверана,**
**Салам кьолел гьайбатал гьудулзаби дагьлъана,**
**Дица абулеб буго рокьи ккаралщиназда:**
**Нужер сапар битIаги, сагIат лъикIаб батаги!**

**ГIумрудул сапаралда, саламатал бихьинал,**
**Данде чIварал, рачарал руччаби цIуне, цIуне.**

Къороллъиялъул бакIлъи гъуждузде беганагIан,
БичIчIула цадахъ гьечIей гьудулалъул кIодолъи!

* * *

Огь, дуда кIолеб куц, дуда кIолеб куц
Ккарал гIайибазда тIаса лъугьине.
МаххгIан къвакIараб ракI, хIули кинигин,
Кверда тIад квер бахъун, тамах гьабизе.

Горо-цIер гIемераб цIорораб хасел
Хинаб рииялде сверизабизе,
Сурун бихьанщинаб бокьизабизе,
Бокьараб дагьабги хира гьабизе.

ГIасияб гьури-муч, кверде ругьунаб
Катил тIинчI кинигин, мукIур гьабизе,
МугIрузда хIорил лъим, ишара гьабун,
БацIцIадаб иццалде сверизабизе.

Мун кIалъалеб мехалъ, ракIалде ккола
ЩинкIараб багIарбакъ тIадбуссанилан,
ТIубан хъахIаб гIазуд рацарал мугIрул
МахI берцинал тIугьдуз берцин гьарунин.

Кинал рагIабаз мун кIодо гьайилей,
Гьунар щибаб рахъалъ Аллагьас кьурай,
МугIрул росулъ гIурав дир гIумруялда
ГIищкъул хиси гьечIеб нурлъун рещтIарай?

Огь, гьечIо дир рагIи, гьечIо дир рагIи,
Дур тIолго гьунарал гьанир рехсезе.
Гьарула дуй сахлъи, ссунге абе дулъ
Дие нурлъун чIараб хIикматаб канлъи.

ЧIогеги дур поезд, лъалхъуге гьоко,
Лъазе гIадамазда дур тIадегIанлъи;
ТIадегIанас гьедин кIодо гьаюрай,
Гьайбатаб гуреб къо дуда лъагеги!

* * *

Дие дур хIакъалъулъ ритIухъаб хабар
Харилъан раккарал тIугьдуз бицана,
ТIогьол щуб гьекъолеб бакъалъ абуна
Аллагьасда лъалин гьелъул кIодолъи.

**Дие дур хIакъалъулъ хIанчIаз ахIана,**
**АхIи балеб гIадин, талихIалъул кечI,**
**КенчIолел рорхатал цIвабзаз гьарана:**
**«ЦIуне рокьи ккарал, цIуне-цIуне!» - ян.**

**Нухазда дандчIварал цIаяз рехсана**
**Рохеллъун лъугьарай дур цIар, ПатIимат.**
**Пикру хIалтIулезда гуреб, лъаларо**
**Дур лъикIлъи, гIадатлъи, гIамал берцинлъи.**

**Бакъул чIораздаса гьарун ратила**
**БетIергьан Аллагьас дур хIатIал, бетIер,**
**ХIайран ракI гьабулеб гьеб дуе щвараб**
**Сунда данде кквелеб камиллъи, бице?**

**Мун гьечIони, гIумру гIазу балареб**
**ГIицIаб авлахъалда релълъун бихьула,**
**Гьимиги, релъиги, гьаб берцинлъиги**
**Борцунеб, хисулеб гьечIо хазина.**

**Ханзабазул гIадал чIахIиял гьундухъ**
**Гьайбатал мусудул чанги рихьана,**
**Черхалда гъаргъар бан, дур гуронани,**
**Дица цIар цогIаги ясалъул хъвачIо.**

**ЦогIаги ясалда дица рахъичIо**
**Дур гъалазда гIадин, гIищкъу ккун, кверал,**
**ЦогIаги ясалъул багIаркIутIбузда**
**БетIер сверуледухъ гьабичIо убач.**

## КУЧIДУЗДЕ СВЕРАРАБ ДИР ГIУМРУЯЛДА

*ХIасан Сулеймановасе.*

**КучIдузде сверараб дир гIумруялда**
**ГIезегIан дандчIвана лъикIал гIадамал,**
**Гьезул гIаданлъиги, чилъиги, цIарги,**
**ЦIвалъун рекIараб, дир рекIелъ хутIана.**

**Гьел гIезегIан щвана росу рагIалда,**
**ГамачI бекIкIун, бараб нижер рокъоре,**
**Цоял дида лъалел, цоял лъаларел,**
**Цере-хадур нижер гьалбал лъугьарал.**

Жакъа адрес дица цIехолеб мехалъ,
ЦIар хисарабгIанги ратулел гьечIо,
Мун цохIо хутIана, дун вохун вуго
Халикъас мун гьедин цIунун вугелъул.

Гьоркьоб замана ун, дур рокъове щун,
ГIемераб бихьана, бичIчIана, лъана,
ЛъикIал чагIазда гъорлъ чIахIияв хIарпаз,
ХIасан, дур цIар хъвазе рекъараб буго.

ГIумрудул захIматал гьал сверабазда
Гьудуллъи бацIцIадго цIунизе кIварав
Дуе бокьулареб цо дагьабго рецц
Дица гьабунилан мекъи бихьуге.

У, дуца малъана тIолго гIумруялъ
ЛъикIлъи балагьизе щивав чиясулъ,
Балагь бачIаниги, сабруги гьабун,
Салам кьун, дандчIвазе щибаб къоялда.

Гьайбатал гIамалал чорхолъ рессарал
Чангоял рукIана, ана, тIагIана,
Дулъ гьел рессун рихьун дида гьабсагIат
Гьел цохIо течIого ракIалде щвана.

## БАРКАЛА НУЖЕЕ, ЛЪИКIАЛ ГIАДАМАЛ

Баркала нужее, лъикIал гIадамал,
ГIакъилал, гьайбатал, гьунар бергьарал.
Нужер кумекалъги ва тIалабалъги
Дун тIолго гIумруялъ сверун ккун вуго.

ЦIаялъ вухIулевги, гIоралъ уневги,
Лъала, дун нужеца хвасар гьавуна,
Хурдузулъ тIегь гIадал нужеда аскIоб,
Алжаналда гIадин, буго дие лъикI.

Квачан холеб мехалъ, цIадухъе вачун,
Нужеца, хирияв, хинлъизавуна,
Вакъун холеб мехалъ, бекун чедги кьун,
Чехь бихъун инедухъ кваназавуна.

ГIелму цIалулаго сонал аниги,
СвинчIо нужеде дир рокьиги цIаги,
ЦIвабигIан нуж дие тIадегIанлъана,
ТIулил вацал гIадин, берцин рихьана.

Огь, нуж тIаса лъугьа гъалатIаздаса,
Лъанги лъачIогоги гьарун рорчIарал,
Нуж - дир намусалъул рорхатал сиял,
Сабру, нужер гIадаб, диеги анищ…

Нужеца цIунана квешлъабаздаса
ГIумрудул захIматал сверала базда,
Сахлъи, гьудулзаби, сахлъи, гIагарал,
ТIаса тIагъур бахъун гьарула нужей!

БетIергьанги нужги разияб хIалалъ
ХIаракат бахъила гIумру гьабизе,
Гьелдаса кIудияб рохел гьечIо дий
Дунялалда чIаго вугебгIан мехалъ.

Нужеца дий кьурал гIадинал дарсал
Дица гьанже кьола дир лъималазе,
ЛъикIал гIадамаллъун гьел рахъун хадуб,
Хваниги кIваричIо дуниялалда.

Нуж рукIинчIелани, рекIел анищал,
Рохъдолъ сунтур гIадин, ссун тIагIинаан,
ТIадегIан гьедигIан гьавидал нужей
Дун кидаго ялъе налъулав вуго.



# Гурел дагIбаязда ругел гIадамал
# Щай хинлъи толаред хадур гIолезе?!



**МахIмуд-Апанди**
**МУХIАМАДОВ**

МухIамадов МахIмуд-Апанди ГIумарович ккола пагьму-гьунар камилав, магIна гъваридал асаразул поэт ва прозаик.

Гьавуна 1951 соналда Харахьи росулъа педагог ГIумаров МухIамадил хъизамалда. Эбел Хадумова Зайнаб гьаюна Чачаналде кколеб Кванхи росулъ.

МахIмуд-апандие тарбия щвана динияв цевехъан, бакIалъулаб тарих, гIараб ва авар литература лъикI лъалев, халкъияв хурдузул устар, гьесул кIудияв эмен МустIафал ГIумарил бербалагьиялда гъоркь. ГIолохъанаб заманалда кIудияв эменгун цадахъ МахIмуд-Апанди гIемерав хьвадулаан Дагъистаналъул тарихиял бакIазде. ГIолохъанаб жан-жигаралъ ва ракIалда жо чIеялъ, цIи-цIияб лъазе бугеб гъираялъ, цIодорлъиялъ, гьесул чорхолъ рессана гIемерал цересел харбалги, бице-киценалги. Гьез кIудияб кумек гьабуна гьесул хадусеб гIумруялъеги.

Гьоркьохъеб школа МахIмуд-Апандица лъугIизабуна ГIарани школа-интернаталда. Гьеб лъугIун хадуб гьес хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда. Гьенисан, 1974 соналда, комсомолалъулаб путевкаялда рекъон, ана Сулахъ гIорда гидроэлектростанциялъул каскад балеб бакIалде. Цадахъго гьес лъугIизабуна Куйбышевалъул энергостроительныяб техникумалъул Дубкиялъул отделениеги. Гидростроителазда гьоркьоб гьесул бугеб махщел бихьун, Дагъистаналъул ралел бакIазул махщелчагIазда гьоркьоб гьесие рес щвана киналго бакIазул махщалилазда гьоркьоб Дагъистанги бихьизабизе, лъабго соналъ ГIиракъалде теплоэлектростанция базе ине.

Литератураялде рокьи, кучIдул хъвазе гъира гьесул букIана жеги школалда цIалулеб заманалдаго. МахIмуд-Апандил тIоцересел асарал къватIире рачIана «Росдал захIматчи», «БагIараб байрахъ» газетаздасан, «Гьудуллъи» литературияб журналалдасан.

БатIи-батIиял творческиял конкурсазда гIахьаллъи гьабун, гьесие щвана гIемерал шапакъатал. Гьедин, гьев вахьана ХъахIабросолъа МахIмудил ва Инхоса ГIалихIажиясул ц1аразда ругел премиязул лауреатлъун. 2003 соналдасан байбихьун ккола Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул членлъун.

МахIмуд-Апанди МухIамадов ккола, гIицIго цIалдолез гуребги, литератураведаз, педагогаз тIадегIанаб къимат кьурал 30-гIан тIехьалъул автор. Гьесул творчествоялъе хасиятаблъун ккола гIумрудул бокьараб

ахIвал-хIалалда хурхун философияб бербалагьи, рокьи, образазул кунчIи. Гьединаллъун ккола гьесул «Рокьул ирс», «УнкъбокIонал чIимхал», «Херехьдерил бахIарзал», «Дир росуцоял» ва цогидалги асарал.

Машгьурав шагIирлъун вахъун хадуб гьес жиндиего босана МахIмуд-Апанди абураб литературияб псевдоним.

Ахираб заманалда МахIмуд-Апандил творчествалда ккана лъалеб цебетIей. Гьев лъугьана бищунго машгьурал исламиял шагIирзабаздасан цоявлъун. РекIелъ щулияб иманги бугев, ахираталъул пикрабаз кодове восарав шагIирасул диниял асараз халкъалъул ракIазухъе нух бахъана. Гьединаллъун ккола гьесул «Дир ЧIикIаса КIудияв», «Азаралда цо жаваб», «ХIадисазул квацIи», «ХIежги, дугIабиги, суал-жавабги».

## ШАГ1ИРАСУЛ Х1АКЪАЛЪУЛЪ ЦО-ЦО ПИКРАБИ

* * *

**ВагIалайкум салам, МахIмуд-Апанди,**
**Дунял- ухраялъул рохел гIемераб.**
**Хадубги дир мурад - дур анищазул**
**Ахикь бижулеб пихъ пайдаяб букIин.**

**САГ1ИД-АПАНДИ, шайих.**

* * *

МахIмуд-Апандил гIумруялдасаги, гIамал-тIабигIаталдасаги, гьабулеб-толелдасаги, хасго гьес къватIире риччарал тIахьаздасаги гIалимзабиги динияб идараги рази руго. Халкъалъе унго-унголъунги пайдаяллъун, мунпагIалъи бугеллъун, хIажалъи цIикIкIараллъун руго гьесул асарал. ЛъикIаб босизеги квешаб тезеги гIадан кантIизави гуребги, гьел мажмугIал цIаларасул рекIелъ иман щулалъизе, исламияб диналде рокьи цIикIкIине букIиналда щаклъи гьечIо.

**АХIМАД-АПАНДИ,**
**шайих, Дагъистаналъул муфти.**

* * *

ШагIирас жиндирго рекIел бокIназдаги викIарун ралагьулел руго хIайранал рагIаби ва махщалида сокIкIарал гьезул лъугьунеб буго цIалдолесе асар гьабулеб кечI.

**МухIамад ПАТАХIОВ, поэт, прозаик.**

* * *

МахIмуд-апанди ккола гьунар цIубарав, жиндирго хасаб хатI бугев шагIир. Гьесул асаразулъ нилъеда батула пикрабазул гъварилъи, рагIул пасихIлъи, мацIалъул берцинлъи, кучIдузул цо гIажаибаб гугьар ва нур кьолеб къуват.

**Мух1амад МУХIАМАДОВ,**
**филологиял гIелмабазул доктор, профессор.**

## ГЬУДУЛАСДЕ РАГ1И

**Нилъ, кьурул рагIалда гIодорги рукIун,**
**ГIагараб росулъе балагьун руго.**
**РакIалде бачIана лъимерлъул заман,**
**ЛъикIабги квешабги - кинабго лъикIаб.**

**Чирахъал сваниги, сордо гIечIого,**
**Маргъаби рицунел, рахчирукъ хIалел.**
**Къад къватIал гIечIого, гIурда ккьечIого,**
**Кире инеяли эргъелел ругел.**

**Роол бухIараб моцI биччизабизе,**
**ЦIадал хIама гьабун сверарал къватIал,**
**Хасало гIазу-цIер цIвакизабизе,**
**ЦIиял чангъаз хъварал хьещтIеро-мухъал.**

**Гъудул, нилъ рикьана гIурул чвахилъун,**
**Цояв Севералде, цояв Югалде.**
**Амма кIиязего хиси гьечIого,**
**ХутIана гьудуллъи-лъимерлъул заман.**

* * *   * * *   * * *

**Мун - васасул васан, эхеде восун,**
**АхIун буго лъабцIул дир гIинзунибе**
**ХIеренав, хIалимав кIудав инсуца:**
**Мунги лъугьагиян цIар лъурав гIадав.**

**Уяб жо батила, цIарухъе инсан**
**Дагьа-макъабниги релълъарав гIолев.**
**АхIана дицаги, тIамур кодоб ккун,**
**Панаял кучIдулги, керен бухIулел.**

**Амма, гIолохъанго, гIищкъу букIаго,**
**Ниятги тавбуги гьабураб дица,**
**Дирги, Аллагь вокьун, ракIги гIодараб,**
**Илбис къезабизе къуватги гIураб.**

* * *   * * *   * * *

**Доб дунго гьитIинаб лъимерлъул гIужалъ**
**Лъимерлъун хутIулин ккоалаан дида,**
**Херлъарал умумул херго рукIунин,**
**БахIарал кидаго бахIарго толин.**

**Огьо-гьой, гьаб гIумру лъалхъи гьечIого,**
**Унеб батараб куц, нилъ гуккулаго,**
**Гурел дагIбаязда ругел гIадамал,**
**Щай хинлъи толареб хадур гIолезе?!**

* * *  * * *  * * *

**КIиго вац кьаллъизе, кьурда пирилъун,**
**РакIазда речIчIула чIегIераб жахIда.**
**Гъудуллъи бигъизе, гъугъай кинигин,**
**Курмузда рештIуна щущаяб щаклъи.**

**ХIусудалъ хIенсеркIо тункизе тани,**
**Тела къадаравлъун дунго дицаго.**
**Берда бихьичIелда божи хIинкъани,**
**ХIакъ букIина дуе, МахIмуд-Апанди.**

## Г1АРАЦ

**Яргъихъ кьезе батулеб,**
**Танхьихъ кьезе бегьулеб,**
**Гьекъолдизе букIунеб,**
**Кагътал хIалаго холеб**
**Хадуб хъваяб гьаб гIарац!**

**Мискинав пакъирасе,**
**Къо бухIарав херасе**
**ХинкIихъ кьезе щолареб,**
**РатIлихъ кьезе гIолареб**
**ГIодоб таяб гьаб гIарац!**

## «УНКЪБОКIОНАЛ ЧIИНХАЛ» Т1ЕХЬАЛДАСА

* * *

**Къарз босулеб мехалда**
**РикIкIараб гIоларила,**
**ГIарац бецIулеб къоги**
**Къанщизе тогейила.**

* * * * * * * * *

**\Аллагьас рикъзи кьела**
**Босизе бокьарасе.**
**ГIадамаз гIакълу кьела**
**ГIенеккизе кIварасе.**

* * * * * * * * *

**ТIоцебесеб хъахIаб рас -**
**Херлъи лъазесеб асар.**
**Ахирисеб чIегIер рас -**
**ГIумруялде бугеб хьул.**

* * * * * * * * *

**ГIаданлъиги намусги -**
**Исламалъул нухила.**
**МаслихIатги рекъелги -**
**Къуватаб ярагъила.**

* * *  * * *  * * *

**Цо жакъа лъан лъикIлъарав**
**ЛъикIав чийилан ккоге.**
**Цевего лъан квешлъарав**
**Квешав ватилин тоге.**

* * *  * * *  * * *

**Банкирас кавуялда**
**Аят хъван букIанила.**
**Амма цIогьорасда эб**
**ЩIализе лъан гьечIила.**

* * *  * * *  * * *

**Эбел-эмен накълулъи -**
**Ирга дуде щвейила,**
**Щивго тезе гьечIолъи -**
**Бицунеб суратила.**

* * *  * * *  * * *

**Муъминчияс мунагьал**
**Чиярцин рахчулила.**
**Мунафикъас гIузраби**
**Лъадулцин рицунила.**

* * *   * * *   * * *

**Бищун лъикIав чийила -**
**Чияр ургъел лъалев чи,**
**Жеги цIакъав чийила -**
**Чи воххун воххулев чи.**

* * *   * * *   * * *

**ХIалтIулареб сагIтица**
**Чиясе пайда кьолищ?**
**Вокьуларесе кьуралъ**
**Ригьнал къо хIехьолебищ?**

* * *   * * *   * * *

**Эбел-инсул адаб кквей -**
**Алжаналъул кIулила.**
**Лъималазе тарбия -**
**ТалихIалъул ахила.**

* * *   * * *   * * *

**Рес рекъедал кьезеян садакъа тогейила,**
**Бечелъидал чиясда къарумлъи хурхунила.**
**Харадуниб гьабилин гIибадат тогейила,**
**ГIолохъанго холелги нилъеда рихьулила.**

* * *   * * *   * * *

**ГIолохъанлъи къваригIун къеркьолев дунги вуго,**
**Дида кIалал гьикъизе бачIун херлъиги буго,**
**Херлъи къезе гьабулеб къуватги батун гьечIо,**
**Тавбуялда чIей гIадаб сабабги лъалеб гьечIо.**

## ЛИРИКИЯЛ НАКЪИЩАЛ

* * *

**Абула их бугин рокьул завалин,**
**Замана цIеханищ нилъер гIищкъуялъ!**
**ГIаздалаб хасало ятарай гьудул**
**Йилизе тарайищ дица гIумруялъ!**

* * *   * * *   * * *

**Рокьуцайин кьолел кьогIал гIазабал,**
**ГIадаллъизе инсан дагьалъ хутIулел.**
**Амма къуркьичIого къвакIани маххлъун,**
**Маян кьолеб нилъей бокьарабщинаб.**

* * *   * * *   * * *

**Дур гуреяб мацIалъ цIалдон ватани,**
**ЦIерлъун виайги дун дур берда цеве.**
**Мунги тун цойгидай дий хиралъани,**
**Хвалчаца къотIайги къиматал лугбал.**

* * *   * * *   * * *

**Хирияй, гьарула щакдаруге мун,**
**Щвеларо ракьалда мун гIадинай дий.**
**ГIумруги кIваричIо кIиго кьуниги,**
**Мунги йокьичIого, мунги лъачIого.**

* * *   * * *   * * *

**МугIрузул тIогьазде тIадеги вахун,**
**ТIугьдул тIола дица бищун берцинал,**

**Дирго гьудулалъе сайигъаталъе,**
**Ссунареб рокьул цIа загьир гьабизе.**

* * *   * * *   * * *

**ГIумруялъго урхъун ялагьарай мун,**
**Хасел бакьулъ лъараб дир ихдалил хIинчI,**
**Унго, кIвелищ дуда дун кIочон тезе,**
**Дуй бакънал рачани чарал гъудуца?**

* * *

**Аллагьас цIунаги балагьаздаса,**
**Багьана гIемерал гIузрабаздаса,**
**ГIилла батуларел тохлъабаздаса,**
**Тезе захIмалъулел квешлъабаздаса.**

**Агьлу гурездаса цIунун хутIаги,**
**ЦIаралда тIанкI лъурал рикIкIада таги,**
**РакI бухIи кколареб гIумру гьабизе –**
**Гьабе дуйго вагIза,**
**МахIмуд-Апанди.**

* * *

**Аллагь вукIиналъе ракI чIезабулеб**
**КIиго хIужа буго, жиб итулареб:**
**Жаваблъун Къуръанги, къисматлъун хвелги -**
**Халкъул-гIаламалъе гIураб мугIжизат.**

**Хвел гьечIев Аллагьги унел чагIиги –**
**Чирахъ бакичIого бихьулеб канлъи.**
**КватIилин хвезеян хиял букIине**
**Бегьилищ ракIалда,**
**МахIмуд-Апанди.**

* * *

**Ахиратги буго. Алжанги буго,**
**Алжан хIарамазе жужахIги буго.**
**ЖужахIалъул цIаялъ рухIи лъаниги,**
**Бикъулел, хъамулел, чIвалелги руго.**

**Нужер зулму щварав барщун вукIаго,**
**Нужей рорчIи гьечIин Аллагьги вуго.**
**Аллагь разилъулеб гIамал кквечIони,**
**Ккела мунги мекъи,**
**МахIмуд-Апанди.**

* * *

**Аллагьас Жиндие гIибадаталъе**
**ГIадан вижараблъи лъалеб жо буго.**
**ГIадамазда гьоркьоб гIадлу букIине**
**ГIакълуги кьураблъи якъинаб буго.**



**ГӀумруялъ батараб гӀадатлъун буго**
**ГӀадамасе кьураб рагӀи тӀубалеб.**
**ТӀадегӀанав Аллагь къудратав вуго,**
**КъотӀуе хисуге,**
**МахӀмуд-Апанди.**

* * *

**Алжан бокьичӀесе боркьараб жужахӀ –**
**Живго БетӀергьанас бижун батараб.**
**ЖужахӀ бокьарасе хӀакъил дуниял,**
**ХӀалай илбисги кьун, бокьухъин тараб.**

**Дидаго бараб жо дир букӀинисеб –**
**Киридахъ алжанги, хӀакъихъ жужахӀги.**
**ЖужахӀалъул бухӀи хӀехьелеб кинан,**
**ХӀинкъа цӀаялдаса,**
**МахӀмуд-Апанди.**

* * *

**Алжан щвезейилан хьулалда гуреб,**
**Аллагьасул фарзлъун борхе дуца хӀеж.**
**ЖужахӀалдаса черх цӀунизе гуреб,**
**ЦӀоб лъолесе гӀоло рай дуца какал.**

**СиратӀалъул кьотӀа кумекалъеян**
**Ккуни, кӀалазулги пайда гьечӀо дуй.**
**ЦохӀо Аллагьасе гӀоло гурони,**
**ГӀибадат гьабуге,**
**МахӀмуд-Апанди.**

* * *

**Аллагьасе кколеб гӀибадат гьабе,**
**ГӀадамасе кколеб гӀаданлъи гьабе,**
**Гьоболги, гьудулги, гьалмагъав чиги**
**Чиярал гуреллъи лъалевлъун вукӀа.**

**ТӀаде вачӀарав чи кӀодо гьавичӀев**
**Гьадингосев чилъун тола гӀадамаз.**
**Аллагьасда цеве кӀодолъи щвезе,**
**Гьобол кӀодо гьаве,**
**МахӀмуд-Апанди.**



**Манарша Г1ИСАЕВА**

**МУХТАРИЛ МАГIИЛ АХИР…**

*(Поэма)*

***(Байбихьи – цебесеб номералда)***

* * *

**Унел руго сонал, соназда цадахъ**
**Заманги, законги хисулеб буго.**
**Хасият хисичIев Мухтарил гъасда**
**ЩIа кквезе хутIараб цо лъимер буго.**
**Гьелъул гьимиялъул чIоразги хинлъун,**
**Херлъи данде чIвазе хIадурун вуго,**
**ХIелъун биун унеб ракI бугониги,**
**РухIалъги яхIалъги вахъун чIун вуго.**
**Хвезе хIинкъун вуго, хоб бихьун гуро,**
**Хурхун буго пикру ятим Лайлада.**
**Гьелда талихIалъул махI лъараб къоялъ**
**Къоноги заниги цадахъ чIвай абе.**
**ЧIурканал лугбузда горде рекъарай,**
**ГIунагури, Лайла, мун бахIарайлъун.**
**Бабал дахIа щвечIей дадал милъиршо,**
**Щванагури тIаде тIогьолаб рии.**
**Рогьел къвалакь ккураб бакълъун гвангъарай,**
**Гургинаб моцI гIадин, цIвакун ячIана,**
**ЩIорол матIуялъуй жаний халлъана,**
**Мугъзада гъалаца чвахело лъурай,**
**КIудиял хьулаца гъварилъи ккураб**
**Ралъад гIадин гурищ инсул ракI бугеб?**
**Гьеб ральдал гамихъан, яс илбислъани,**
**Эменги, улкаги – цадахъ гъанкъила.**

Къадру-чилъиялъул рачел чучичIев,
Рокъоб низамалда наслу куцарав,
Кепалъе къо тIамун, тIанчIи рехичIев
ТIадегIанав инсуй къулула бетIер.

* * *

Унел руго сонал, гIуна бахIарай,
БахIарав вищана дадаца Лайлай.
Дунялалъул яхIалъ рухI бугIун цIурав
МагIарул васасе бицана рагIи.
Рохел загьир гьабун, Лайлал абурас
Меседил рахасги горбода бана.
Инсул амруялда разилъи гIурай,
ГIанчIай бахIарайги чIухIун йикIана.
БукIана баркулеб цин бахIарасда,
Цинги бахIарасул эбел-инсуда.
Абулеб букIана багьа хирияб,
Алмаз дуе щванин, Загьирбегилан.
ЦIорораб ганчIиде данде цIалейищ
Дунял дий хинлъизе щобда чIвараб бакъ,
Абуге, дир гьудул, гIарац-меседин,
ГIищкъуялъ йосарай малаик йигин.
МоцIалги, сагIталги, рикIкIун къоги цIан,
КъотIи-къай гьабуна – июлалъ бертин.
БахIарай лъугьана къайи гIуцIизе,
БахIарав лъугьана мина къачIазе.
КъотIноб рилълъин берцин, рокъоб квер берцин,
Йосаризе ана жийго тукаде.
Тукадул кIалтIа чIун, гьалъухъ валагьун,
Макьилъцин вихьичIев цо вас ватана.
– Асалам гIалейкум, Лайла-хIурулгIин,
ХIисаб тараб даран, дур йосари щиб?
Росасе арайищ, ине къачIанищ,
Къокъине бегьилищ, къварид дунги тун?
– Огь дур гьумералда лахI лъухьаяв чи,
Чияр абуралъул адаб тейго щиб?
Дуе рокьи кьураб къоги букIинчIин,
Къадараб калам щай диргун бицунеб?
– Мун йилълъунеб нухда месед бекьаяй,
Рокьуца тIамуна дуда кIалъазе.
КIудияб дармида дида дандчIваяй,
ЧIван лъуна дуца дун, чияй рагIи кьун.
– Гьа, тIагIа цеваса, тIатIул цIураб хинкI,
Хабар бицинчIого вукIинищха ав.

**РикIкIад чIа дидаса, кIалъаге тIокIалъ,**
**РакI лъукъизе гурин дир бахIарасул.**
**– Дирго берал рахъун, канлъийищ кьелеб,**
**Канлъун вухIулев дун дуда вихьизе.**
**Дуца бараб рогьо, рокьукъаб калам,**
**КочIол наку гIадин, гIиналда чIвала.**

**Я, дий хиралъарай, хваян тоге дун,**
**Дуе бицунеб жо маргъу гуро дир.**
**МагIил ахIи буго, рокьул хIал буго,**
**ХIасрат гIахьал гьабун, рачIа тIуризе!**
**ГIарац-меседалъул ургъел гьабуге,**
**ГIураб боцIи буго бакIарун дица.**
**Дадае квешезе, бабай ццидае,**
**Цо гъурущ течIого босила нахъе.**
**Гьадинги чIахIиял чIегIерал берал**
**ЧIваркьун ана Лайлал гьеб калам рагIун.**
**РекIелъе гьулчараб ццидал карачел**
**Гьулчун биччан тана, хIакъирги гьавун.**
**– Намус басралъарав, рокьукъав инсан,**
**Дургун рекъон кколеб бакъан гьечIо дилъ.**
**ХIиллаги ургъуге, рецIел босуге,**
**Баге дир нухда гъегъ, нахъе а, Жамал.**

*** * ***

**Инищ Жамал нахъе, йокьарайги тун,**
**Рокьийилан ккараб асарги букIун,**
**Вуссинищ гьав нахъе, пикруги хисун,**
**ГIищкъуйилан ккараб асарги рехун.**
**Кумек гьечIо дадал, чIвазе вахъана,**
**Кинаб рокьийилан рогьоцин бана:**
**- Цодагьаб заманалъ расандиги хIан,**
**Рехун тезе ккола гьединал ясал.**
**Долъул инсул авал, дой йижараб рукъ**
**Доб хъахIаб гьурмаца бахчун унаро,**
**Кин дуда бихьулеб, дир хъахIаб гурде,**
**Гурун, мазуталъув къарав Мухтаргун.**
**Гьесулгун бицине хабар гьечIо дир,**
**Дуе мустахIикъаб бакI дида лъала.**
**Лъор бицатаб бищун, гьабила ригьин,**
**Гьаб заман гIарцуда хурхараб буго.**
**– Баба, гьас бицунеб хабар уябищ,**
**Ячунаро дица Лайла гурони.**
**Дие гIарац-месед хIажатцин гьечIо,**

Гьабе дие кумек, гьаре дий Лайла.
– Дуца бицунеб щиб, бабал хазина,
Дадал амруялда тIасанги кIанцIун.
КIвезегIаги ккани гьадав шопергун
Шагь гIадинав эмен гIагар гьавизе.
ГIемерал жал ругин гьел къватIул ясал,
Къвал цIун – жанирехун, магь цIун – къватIире.
ЩIа гъасда кквезеги, керен чучизе,

Чанта биццаталъуб лъикI, бабал, даран.
– Дун чIалгIаде вуго нужгун кIалъалев,
КIваричIо дие дур чванта гIарцулги.
ГIемер кватIиларо, рагIила дуда,
Дица Лайла хъамун ххазе гьабила.
– Гьабулеб рагIула, валлагь гьабеха,
Гьаб жакъаго ине ихтияр буго.
Амма тIокIалъ дуе гьаб рукъги гьечIо,
Нижедаса рикъзи бихьизе гьечIо.
Ракъул уммат буго дие къваригIун,
Къохьол тIажу буго рагьтIа хIажалъун,
ХIалбихье, а дурго, щиб кколищали,
Каву дир бестIалалъ рагьиларебха.
У, валлагь йокьулей рагIула гьасий,
Кинаб рокьигIаги, рокьо гIадав чи.
ГIищкъу-хIасрат хIалев къватIахъги вукIа,
Къогун-асс бащадай гIаданги яче.
– Гьединищха, баба, дур гIумру араб,
Аваданго - эмен, ургъалида - мун.
Гьединишха, баба, дунги вукIинев,
Рокъобе нух къосун, къватIал сверулев.
Къохьол тIажуялъул магIна лъачIого,
Гьале дица бана къоло щуго сон.
ЩIакъ къабихIаб рагIи букIун буго гьеб,
Дадагун ягъидал, дуца ахIулеб.
Гьединищха, дада, цо гьеб рагIиялъ,
Ругъун лъурав гIадин, гIодове чIвалев.
ЧIухIарай дуцайищ гьесда ретIараб,
Гьадаб хъахIаб гурде, чIегIераб лапсан.
ЧIчIинтIуге дир талихI, те дие Лайла,
Дие бокьун гьечIо чияр бечелъи.
Жакъа дур беразукь дада кинигин,
Кидаго къулизе, нечон вукIине.
– Мун къулилароха, къараб заруца
Къуват бихьизабе бихьинчиясул.

Цингиги мун гьечIо, дур дада гIадин,
ГIодоб чIабаралда цIакида вегун.
ЦIорол гордал лъураб рагъида жаний
РагIиниб меседгун ячIине те нус.
Нису-нахул цIураб цагърида аскIой
Асилаб ретIарай рекъола лъади.
Мун, лъимер кинигин, дий зигардуге,
Зобал рихъаниги, ячунаро гьей.
Дир бетIер унтизе хабар бицунге,
Хехго цоги ригьин дица тIубалин.

* * *

Гьанже щиб гьабилеб, киве вуссинев,
Лъиде бикьун ургъел бигьа гьабилеб?
Балагь гьечIеб рекIелъ балагьалъе гIун,
ГIищкъул гIазаб буго Жамал кIвекIулеб.
Цадахъ тIуруларей Лайлалги квешлъи,
КигIан гьараниги, гьабуна инкар.
Каранда ццидаца цIа лъезе гIурав,
Лайлаца вищарав дов Загьирбегги.
Зулмуялъ ячеян тIад къалей йигей,
Йихьизе йокьичIей бечедай ясги.
Ясин цIалуледухъ чIунтун ана ракI,
РекIкIаб къисматалъе асирлъана гьав.

* * *

МоцIал хехго ана, июль гIунтIана,
ГIащикъаб кIиго ракI цолъизе цIараб.
Загьирбегил гъасда хъазан кьолона,
Лайлаги гIагарлъи данделъун буго.
Гьале аваданлъи, гьале доб бертин,
БукIине кколедухъ хIадур гьабураб.
Гьанир кочIохъаби, гьаракь хIайранал,
Гьанир кьурдухъаби, хIатIал гIедерал.
ГIодоб тIамун хъураб хъахIаб оц буго,
Огбоца бежараб чIагIдал хъабаби.
ХъахIаб чIачIаялъул цIорол шишаби,
ШашлыкI-пулавалъул махIаз цIун буго.
МахIабазда гуро Загьирбег вугев,
Вуго битIахъего воржунев гIадин.
ГIантIикIа тIагъурги тIажу-парталги,
Фабрика чIухIизе ретIараб гIадаб.
Руго гьудулзаби гьасда сверун чIун,
Ханасда цереса вазирзабилъун.

**Руго хIадурулел рогьалилъ рахъун,**
**Гъизляр шагьаралде ине къачIалел.**
**Доя бахIарайха Лайла – хIурулгIин,**
**ХIанкъвалъун къачIалей Къарахъе ине.**
**Инсул азбаралда ахIи-хIурги тун,**
**ГIадат цIунун, Лайла мадугьалзабахъ.**
**Маккал гIадал ясал сверунги лъугьун,**
**Сайгъат бахIарасул бихьулел руго,**
**Бахьинаб надалда хIучч хъварал кьунсрул,**
**Сурма хъван, къачIалел цо-цоял руго.**
**ЦокIалаб кьер чIвалеб, пудраги бахун,**
**Гъурмай хъатиралда инчIел ясалги.**

**Эзул аваданлъи, эниб бугеб кеп,**
**Кидаго бихьичIо гьадинаб бертин.**
**Лугбал кьуризарун, черх узданго ккун,**
**Лайла эхетана матIуда цее.**
**ЧIурканаб черхалда гурдеги ретIун,**
**ГьетIа-кIичIи гьабун свери бахъана.**
**Свана рокъоб гьаракь, гьалъухъ балагьун,**
**Паналъун хутIана киналго ясал.**
**Гьалъул берцинлъигун гьалъул чалухлъи**
**Чи хIайран гьавулеб гьайбатаб гьими,**
**СихIкъотIи биххулеб гьаракьги биччан,**
**КIарун елъанхъана Лайла – бахIарай:**
**– Бугищ, ясал, рекъон дида гьаб гурде?**
**Дие гьаб босана Загьирбегица.**
**Амма ясалазул жаваб рагIичIо,**
**РагIана къватIисан ахIулеб гьаракь,**
**Вихьана нуцIидахъ цо гьитIинав вас**
**Абуна ахIулей йигин дадаца.**
**Лайла пих-пихъдана, доя речIчIана,**
**РетIун цIияб гурде, къачIан гьумер-кIал,**
**– Кин иней дун, ясал, инсуда цее,**
**Гьаб къачIайги босун, нечон йиго дун.**
**– Дуда ургъел чIваге, гьаб къо дурлъидал,**
**Мунги къачIачIого нижищ къачIалел?**
**Мая, гьаб цо халгIат тIасан ретIун те,**
**БотIроде кIаз рехе, цинги бегьилин.**
**Ясаца малъухъе халгIат ретIана,**
**Халатаб тIеренаб чабаги бана,**
**Чанил тIанчIил гIадаб гIедерлъи гьабун,**

**Ана ахIаралъуй, дада вугин ккун.**
**Рагьде яхарайго, халатав чияс**
**Хапун йосун лъуна цо машиналъуй.**
**Лъугьунеб бичIчIизе заман гIелалде,**
**КIиябго рахъалда гIодор чIун васал,**
**ЧIчIи-чIчIиди чIчIинтIулеб хъуйги нахъа тун,**
**Хъамуна машина цебехун цояс.**
**Гьорой кIибикIулеб гама кинигин,**
**КIобокIи букIана машинаялъул.**
**Мохрочалал гIадин гъуждулги жемун,**
**Жайран гIадин ккурай кьуризе течIо.**
**КьагIриде рортарал бацIазул сверулъ**
**Синкъиги, сириги, свакги хутIана.**

*** * ***

**Къаси сардил моцIалъ гIамал гьабуна**
**НакIкIазулъ тIерхьине, тIепун бахчизе,**
**Гьеб нугIлъун хутIараб хиянат бакIлъун,**
**БожутIа рекIкI лъарай Лайлада гурхIун.**
**Гирана машина, Лайлаги ячун,**
**Киб гьеб лъалхъун бугеб, лъида гьеб лъалеб?**
**Лъалеб хабар буго – Лайла тIагIана,**
**ТIаделъун киналго свердилел руго.**
**Сордоги рогьана, бертин къотIичIо,**
**Къолол гьаракь буго жеги рагIулеб.**
**РагIичIеб къагIида гьаб квешаб хабар**
**Керен рокьул цIурав Загьирбегида.**
**Килщазукь кьурдизе жергъен тIамуна,**
**ХIатIазукь ххенезе азбар гьабуна,**
**Азарго чIор гьурщун, бакъ басандана.**
**БахIарай ячине къватIир рахъана.**
**Росу нахъа тедал, танхъи гьабуна,**
**Тирхьун цебе чIедал цоги машина.**
**Пашманав шоферас, салам кьечIого,**
**КьучI битIун бицана бахIарай анин.**
**Беразул канлъи ун, сукIун гIодов ккун,**
**ГIасилъун лъугьана гьанже бахIарав.**
**– Йохъ, ине рес гьечIо, гьереси буго,**
**ГьедигIан инжитай гьечIо дир Лайла.**
**Цо дун рихаразул бугьтан батила,**
**Рилълъа Гъизляралде мухIканлъи лъазе.**
**Загьирбегил гьумер тIогьиллъун буго,**
**ТIутIун дунял базе хIадурун вуго.**
**– ХIалакунге, гьудул, гIодове виччай! -**

ХIал хьедал ватулев гьудул кIалъана. –
Гьедин мун хехлъани, хола дур къимат,
Къадар Аллагьасухъ, сабру гьабун чIа.
Нилъ тIадруссинаро, рилълъа церехун,
Цо хIукму къотIизе Шурар лъалхъила.
Щиб лъалеб нилъеда, кинан гьеб ккараб,
Гьелъие бокьунищ яги зулмуйищ…
– Абуге, ХIамзатбег, гьединаб рагIи,
РекIкI лъалеб ракI гьечIо Лайлал каранда.
– Кинан батаниги, гьелъул пайда щиб,
Щекъер ккуна бацIид дур чанил буртIил.
Лъутун араб чанги нилъей кIваричIо,
Пикру хIалтIизабе цоги рахъалде.
Руго чанги ясал мунилан холел,
Хвезе ккун гьечIо мун тIурун аралъухъ.

Абурал рагIаби рагIулел гьечIо,
Ругъун буго рекIелъ йокьулелъ лъураб.
Лъалеб-лъаларебги дагIбаги хъурун,
Хъудиялъ рещтIен лъун Шураб цо мина.
Шагьаралда ругел ясазул сияхI,
Сурат бахъун, гьасда цебе тIибитIун.
Гьай рекъарай йигин, дой цIакъай йигин,
ЦIар чIвачIей яс течIо ункъо шагьаралъ.
Щиялъе къимат кьун, тIаде къулидал,
ТIамун цебе чIола цо Лайлал сурат.
– Ле, дир гьудулзаби, нуж дихъ гIенекке,
Дие ялагьуге цIияй бахIарай.
Биччай цин рагIизе Лайлал гьаракьалъ
Дун вакьангурилан дида абизе.
Гьеб рагIун хадуса къотIила хIукму,
Я лъади ячине, я вилун ине…
ХIамзатбегил кьусрул рукIкIун рачIана,
Ццидаца къерщезе цаби гьаруна,
Цинги гьудуласул бадивги вуссун,
Носоца хIан гIадин, рагIи къотIана:
– Дунали вукIана гьаб жакъалъегIан
ЯхIалъул ракI цIурав гьудул вугин дир,
Дур тахь-тахьиго щиб, дур тамахлъи щиб,
Щай дуе чияца чурхъараб ябу?!
Йиччанте йикIине гьей меседилай,
Мунги тун арай гьей гьенийго тун лъикI.
Лъукъуге инсул ракI, чIваге бабал жан,
Жакъаго ячина ярагьунеей яс.
Ячана бахIарай, лъугIана бертин,

**БатІаго пашманаб ригьин ккечІо гьеб.**
**Роол ракъдаллъуде регьеллъун яккун,**
**ХІеккине гьавуна гьудул бахІаралъ.**

*** * ***

**Амма щибха ккараб доб цояб рокъоб,**
**Рокьул чанахъанас чан кин хьихьараб?**
**Инсул хьулал мерхьун, босараб талихІ,**
**ХІулилъун каранда бахчизе кІванищ?**
**Бабал анищазда бигъараб гьиналъ**
**Гьогьоманищ рагІдукь йокьулейги гІун.**
**ГІищкъу чияр бикъун, рослъун вахъарав,**
**Яхъанищ дур гъасда лъадилъун Лайла?..**
**ТІасалъугьайилан, хІелун, цеве чІун,**
**ХІалаллъи босанищ Лайлал инсухъа?**
**Сурукъаб дур пиша бахчеян гьарун,**

**Гьесда цеве чІезе анищ дур эмен?**
**Эбел гьечІей ятим, инсул наникІо,**
**Дур гъасде ячиндал, эбел ятичІищ?**
**Ясилан къочичІищ, нусилан кквечІищ,**
**Кинаб данде чІвайха дур эбелалъул?**
**Баниш гьелда баргъич, батанищ талихІ?**
**Бечедаб рукъалъул парчахІлъун танищ?**
**Щибха нужер ккараб, кинха ругел нуж?**
**РакІ чияр чІчІинтІарал, рекІкІал бахІарал.**
**Кинан гьеб бицинеб, бицине гІадаб,**
**Берцинлъи гъорлъ гьечІеб гьаб ахиралъул.**
**Бахчунги тІубалищ тІолабго Къарахъ,**
**КъватІахъ цІехолеб жо цохІо гьезул цІар.**

*** * ***

**Азбар цІураб сухІмат, свак лъалареб гІел,**
**ГІиву-ахІиялда, релъи-хъуялда.**
**Сас-махІго бокьичІев, пашманав Мухтар,**
**Ахил бецІлъудехун балагьун ана.**
**Агьан хІухьел биччан, чамгІалаб черхалъ,**
**Чиядаса хьвараб къамщил мухъ ккуна.**
**Къваридал пикрабаз гьоболлъи барав,**
**Гьардухьан кинигин, чІарбида чІана.**
**Гьелегьун бухІараб роол сордоги,**
**Сардил хъаравуллъи гьабулеб моцІги.**
**МоцІрол канлъи хъвараб хъахІаб магжилъе**
**МагІил гарал руго тІинкІулел инсул.**
**ТІарамагъадисей яс кьолеб къоялъ**

ТIатана каранда ятимлъун вукIин.
РакIалде ячIана йокьун ячарай,
Гьай гьаюраб къоялъ къаникье арай.
Ялгъузлъиялъ нуцIа къана цIидасан,
ЦIилъана рекIеда басрияб ругъун,
Риххарал пикрабаз рикIкIаде вачун,
Чан гIасияб сурат цебе тIамураб:
«Сапаралъ унаго, дир яс хвеладай,
Хадур рачIунезе нух битIиладай?
Бертин балъаргъунев гIабдал ккеладай,
ГIемер гьекъараца рагъцин хIаладай?»
ХIинкъарал пикрабаз кодов ккурасда
Квешаб гьаракь лъана рогьалил гIужалъ.
Роол бухIиялде цIорол гIус гIадин,
ГIасилъи бегана гьасул каранда.
Кин ккараб, щиб ккараб бицунеб гьечIо,
Абулеб жо буго Лайла тIуранин,

ТIадеги гьасул ракI бихъ-бихъун ине,
Бицуна Жамалгун ун йигин гьейин.
Дунищ беццав-гIинкъав, ясищ сихIирай,
БукIине рес гьечIо гьединаб хабар.
Гьелъие бокьичIеб гьури хъвазегIан,
Гьаб жакъа хвезеги рази вугев дун.
Рес гьечIо дир ясалъ дун гьедин чIвазе,
Гьелда данде бачIеб ригьин гуро гьаб.
Мискинаб рукъалъул сси борхараб хIинчI,
ХIилла дуе гъурав чIаго теларо.
ЧIиргъи-хъуй букIана, ахIи букIана,
АхIаниги хадур гьезул чи щвечIо.
Жамалил эменги хехаб сапаргун,
Цо вихьуларелъув парахат чIана.
Ватизе захIматаб бакIги балагьун,
Вахчарав Жамалги кквезего щвечIо,
Ясал хъамуларин, ячIун чIун йигин,
ЧIухIаб хабар бицун, эбел кIалъана.
КIудияб чIухIиялъ тIад бараб гьиралъ,
Гьодаца ккечIого, рехана Мухтар.
МацI гьоркьоб хIалакун, хIилла гIемерлъун,
ГIагарлъи гIуцIизе кинго биччачIо.
БоцIуца мехтараз махIцел тIаде тIун,
ТIатIала вегана, ракI кьвагьун, Мухтар.
МагIица ракъвачIел чIегIерал берал,
ЦIулал сунтур гIадин, ссун ана гьесул.

* * *

Лайла хинлъулеб бакъ къаси къанщана.
Къазе магIирокъой гьейги йиччачIо.
ХIарам гьабун тана инсул хоб-зани,
Лъазе гьабун тана яккугейилан.
Гьанже щибха ккараб, кие юссиней,
Кисан чIвалеб бакъухъ гьай ялагьилей?
Яги гIажал босун, кварида ялищ,
Каранда нусги чIван, ракI бихъун лъелищ.
ЛъугIел гьечIеб суал, свин гьечIеб гIазаб,
ЗазтIа хIанчIил гIадин сородулеб ракI,
РекIкIаб рокьул гъасда батичIеб талихI,
Бадиб цIа бакулей кутакай якьад:
«ЯчIунги йигелъул гIодой йикIунге,
ГIемераб хIалтIийин дир авалалда.
АбичIого щварай, гьаризе ккечIей,
Кету гIадин, дихъе рагьтIе яккарай.
Йилълъа, хехлъи гьабе, хур бухъун юсса,

Хадуб гъоркьа рокъоб дуйго манги лъе.
Мунгун аскIов вегун вас тIубаларин,
ТIегь гIадай бахIарай щвезе йикIаго».
Огь, дадал наникIо, мун йортараб кIкIал!
Гьелъул тIинда дуда батараб жужахI!
Жаккиялда цIибил бижун рагIанищ?
ЩIукIа вукIун вуго мун хъамурав вас.
Инсул кисаялда кверал хурхарав,
Халатал гъурщазухъ яхI бичун кьолев,
Бабал дахIа рагIун, чехьтIа хъурщулев,
Хъандил хIапи рагIун, рокъой тIурулев.

* * *

Бищун чара хведал хIалай бачIуна
Аллагьасул калам: щукру-щукруян.
Щибаб ккараб гъалатI къадарилан тун,
Къан баччула гIазаб, магь гIадин, ракIалъ.
Къуна Лайлал талихI, бигъана къисмат,
Къадар битIун ккечIей ккуна магIица.
Макьилъ йигилан ккун цо-цо къинтIула,
Къориний хIакълъидал, хIалкъан, угьдула.
Ургъулей ятула киб ккараб гъалатI,
Кинан дун гьание, кисан гьание?
РакIалде бачIуна, рокьулги бицун,
ХIелулев, гIодулев Жамалил сипат.

Сири чорхода бан, йихункkун йиго,
ХIикмалъун, паналъун, хагахъе йиго.
Хадуб батулареб рокьи гьурщидал,
Родол бухIи гIадаб рагIи бициндал,
Ццим биццалъун йиго жиндаго жаниб,
Жаниса гьодорав гьудулгун чIарай.
АхIи балеб буго нахъе айилан,
Иней кий  ине бакI тIаг1арай Лайла.
Сардилъ макьилъ вачIун, вагъана дада:
«Мун дир Лайла гуро, мун цIукIа йиго.
Дуца чияр хIацIцIу бацIцIунеб буго,
Дуда дол дир дарсал кIочон тун руго.
ТалихI инсанасул хьатиниб буго,
Бортизе течIого, цIунизе лъани.
Икъбал - гIакълуялъул пихьил ах буго,
БетIизе лъарасе кванaзе щолеб.
Яхъа, дир яс Лайла, мунги къватIие,
КъватIив вахъарасда хIарщги рекIуна.
Рехун те гьеб авал, дуе рихараб,
Мун рещтIине ахал гIемерал ругел».

ТIуркIун макьидаса йорчIана Лайла.
Жеги рогьун гьечIо хасалил сордо.
КIанцIун тIаде яхьун, къачIана сумка,
СихI къотIун, къватIибе босана гали.
Мугъзадаса бакIаб раччиги рехун,
ХIинкъараб рохелгун уней йиго гьай.
Ракьалда нодо цун, кьижун буго зоб,
Зирхарал цIвабиги цIик-цIикизарун,
ЧIаголъана цо хьул, цIилъана анищ,
Гьадайго наникIо йорчIана каранлъ.
Кияли лъаларо, уней йиго гьай,
Инсул амруялъ яхI бачIараб гIадин.
Азарго батIиял анищал руго,
Азарго батIиял хиялал руго,
Хварав инсул зонохъ гIодулей йиго,
ГIаданлъун хутIизе гьедулей йиго.



**Шамай**
**ХЪАЗАНБИЕВА**



## КЪИСМАТАЛЪУЛ РАСЕНАЛ

Сапигатги Сапинатги рукIана цоцаздаса ратIалъуларел гьудулзаби. ГIамал-хасияталъул рахъалъги релълъарал рукIинчIо гьел. Сапигат йикIана гIодое йиччарай, «кIалдиб лъуниги, килищ хIанчIуларей», киназго мисалалъе ячуней гIолилай. Сапинат йикIана гIанчIай, гогьай, кIаркIариялда гурони, елъанхъизе лъаларей яс. Гьеб релъиялъ лъазабулаан Сапинат йигеб бакIги. Гьей йикIана рагьараб тIехь гIадай, рацIцIадал, тIокIкIарал пикрабазул гIолилай. Сапигатихъа абуни, рагIи, хIалицаго гIадин, бахъулаан, щиб гьикъаниги, лъаларилан абулаан. Бальголъаби гIемерай гIадан йикIана гьей. Сапинатил эбелалъ кидаго бадибчIвай гьабулаан ясалъе Сапигатидасан мисал босейилан. Цоцазда релълъарал гьечIониги, цоцазе цIакъ хириял рукIана кIиялго. ЦохIо чиясеги ине кколин нужилан махсараги гьабулаан гьезие росуцояз. ЦохIоясе инчIониги, вокьарав вас цохIо вукIана кIиязулго. Сапигатица жиндирго рокьи бахчун букIана. Бахчизе кIвечIо гьеб Сапинатида, гьелъ кинабго гьурщулаан гьудулалъе. Гьелда лъалароан Сапигатиеги Ибрагьим вокьулевлъи. Ибрагьимида лъалаан кIиялъего живго вокьулеблъи ва жиндиего Сапинат йокьулеблъиги.

Сапинатида хIалги лъазе течIого, Сапигатица, юцIцIухIунги чIун, хIаракат бахъана Ибрагьимил Сапинатидехун рокьукълъи бижизабизе. КIвана гьелда гьел барщизаризеги. Лъиданиги лъачIониги, гьеб «гьунарги» букIун буго рокъосезги къватIисезги Сапинатие мисалалъе ячуней Сапигатил. Жиндица абу-абураб Ибрагьимида гьорозабун, бицат гьабун бицун батараб мехалдагицин, щаклъулароан Сапинат Сапигатида. Ццидахарав Ибрагьимица къварид гьаюрай гьей цIидасанго гьудулалъухъе щун ятулаан, гьелде ургъел бикьизе. Лъиданиги, сунданиги бекизе кIвечIеб ясазул гьудуллъиялъул дагь-дагькккун кескал лъугьунел рукIана. Квеш-лъикI, Сапигатги Ибрагьимги данделъана. Бертадул къо тIаде щвезегIан, гьебгицин лъазе течIо Сапигатица гьудулалда. Сапинатида чанги ратулаан Ибрагьимги Сапигатги цадахъ, амма гьей кинго хадуй гьолей йикIинчIо гьудулалъул макруялда. Гьелда ракIалде кколаан Сапигат жиндир бицуней ятилин Ибрагьимиейилан. ТIоцебе бертадул лъайдал, гьебги гIад-хочI гьабун, Сапинат, жиндирго релъиги гьабулаго, гьудулалъухъе кIалъана гIадамаз бицунеб хабар рагIарабищилан. Гьеб дуда рагIараб хабар уяб

бугилан Сапигатица абидал, киниланги ахIун, кодоб трубкаги кковухъе хутIана Сапинат. Гьелда гьудулалъул гьаракьги гьелъ бицунеб бугеб жоги рагIулеб букIинчIо. ГIицIго гьеб мехалда кантIана Сапинат кисан Ибрагьимида кинабго лъалеб букIарабали. Чанго соналъ бицун бахъинчIо гIадамаз Сапигатил хиянатлъиялъул. Гьеб къоялдаса чIегIераб къо Сапинатил гIумруялда тIокIаб букIинеги батиларо. ГIодизейилан лъугьаниги, бадиса магIуги бачIунеб букIинчIо. РагIигицин абизе бачIунеб букIинчIо. Къо бакъинегIан бугеб зурмил гьаракьалъ ракI лъукъарай Сапинат ахирги гIалахалде лъутана. Гьелъул гIинда багъулеб букIана Сапигатил гьаракь, ботIролъа унел рукIинчIо ахираб дандчIваялда гьелъ абурал рагIаби:

– Щибха гьабилеб. Къисматалъ дун сайгъат гьаюна Ибрагьимие. ГIачIихарай дудаса дун йокьилин абунаха Ибрагьимица, – йиланги абун, цееса тIагIана доб къоялъ Сапигат. Сапинатил рекIелъ къан рукIана Ибрагьимица абунин Сапигатица рицарал рагIаби.

– Унго-унгоги абунадай Ибрагьимица гьедин? Гьес гурищ абулеб букIараб жинда кинабго квешабщинаб кIочонила, дир релъи рагIарабгойилан. Чан нухалда гьес жинцаго дун кIаркIариялда елъанхъизе тIамулей йикIарай. Кин кIвараб гьесда гьудулалъе дун какизе?! Сапигатица диеги бицунаан досул хIакъалъулъ чанги жо. Амма дун гьелъул цониги рагIуда божун йикIинчIо. Гьабищха къисматалъ дир гIумруялда бахъараб тIоцебесеб расен? – илан пикрабазда йикIана Сапинат. Къисматалъ Сапигатил гIумруялдаги гьабуна тIоцебесеб расен. ТIубана гьелъул мурад - хIилла-макруялъул къуваталдалъун вахъана жиндиего Ибрагьим. Лъидаха ракIалде ккелеб букIараб гIодое йиччарай, ракьалда унтиледухъ хIетIе гIодоб чIоларей, рагIизабунцин кIалъаларей Сапигатил гьединаб «гьунар» батилилан. РукIана къисматалъул жеги батIи-батIиял кьеразулги расенал, гьелъие хIадурарал. Щуго соналъ лъимал гьаричIо Сапигатиеги Ибрагьимиеги. ТалихIалъулъ гьелчолей Сапинат йихьидал, Ибрагьимида ракIалде щолаан жиндирго гъалатIал. БатIи-батIиял кьеразул расенал къисматалъ Сапинатиеги хIадурун ратана: багIараб дипломалда лъугIана мединститут, хадуб – ординатура, цинги – аспирантура. Хеккого тIаде щвана кандидатлъиялде диссертация цIунулеб къоги. Гьелда дандчIвана жийго йокьулев Арсен. Гьевги вукIана тохтур – хирург. Шагьаралда гIумру гьабунги рукIана гьел. ГьитIинай Рисалатги йикIана гIун ячIуней. Бабалалда релълъараб релъиги букIана гьелъул. Гьелъулго гIадал, меседил кьералъул кIургI-кIургIарал расалги рукIана. Данде ккаразда гьикъичIониги лъалаан Рисалат лъил ясали. КIалбиччанкъоялде росулъе щвана Арсенги Сапинатги. Ясазда цадахъ тиризе Рисалатги ана. ГIисинал ясазул къокъаялда цадахъ азбаралъуе лъугьун меседил расазул яс ячIарайго, лъана Ибрагьимидаги Сапигатидаги Сапинатил яс. Гьеб тасдикъ гьабулеб гIадин, кIаркIариялда елъанхъана Рисалат. Гьей дагьайги хIикматго ялагьана хIикматго жиндихъ ралагьун ругел дацихъги адахъги. Ва цинги екерун ана коляскаялъусан жиндихъ дагьалъги хIикматго валагьун чIарав васасде аскIое. Цодагьалъги хIикматго гьесухъги ялагьун, жиндиего щварал сайгъатал жаниб лъураб пакетги васасул квенчIелалда лъун, лъутун ана Рисалат. РикIкIадасангицин рагIулеб букIана гьелъул релъи.

Ибрагьимиеги Сапигатиеги гьавуна унтарав вас. Ункьо сон барав гьесда вилълъанхъизе кIолароан. Арсенил кумекалдалъун Ибрагьимие рес щвана,

къватIисеб пачалихъалдеги вачун, васасе операция гьабизе. РекIел бацIцIалъиялъул гIаламат батилаха, Сапинатица Арсение бицана Ибрагьимилги, Сапигатилги, жиндиргоги къиса. Сах гьавун васгун тIадруссун рачIунел Ибрагьимидеги Сапигатидеги дандчIвазе ана Арсенги Сапинатги. ТалихIалъухъ валагьун, гIорцIулев вукIинчIо Ибрагьим. Гьеб лахIзаталъ щивас пикру гьабулеб букIана къисматалъ жидер гIумруялда угьарал расеназул.

## ЭБЕЛАЛЪ ХИСАРАЛ СУХЪМАХЪАЗДЕ

*(ХIакъикъияб къиса)*

– Гьалеха, гIагараб росу, ахир-къадги вуссунев вуго дун духъе. Дуда берчIвайдал, тIолабго черхалда бараб сириялъ сорозавулев вуго. Пикрабиги гьелчелел руго. Гьез цин восун гIумруялъул гIурул рагIалде рехулев вуго, цинги – лъелълъ вукъизавулев вуго, цо заманалдасан, гьенисаги восун, лъеда тIадго лъедолев толев вуго, цинги – гIумруялде ккараб савуялъги къисматалда чIвараб цIералъги восахинавулев вуго. Ва цо лахIзаталъ гIунун хутIула, гIицIтолохIочун хутIарал пикрабазда анищазул партал ретIунев. Киве дун гIедегIун унев вугев? Щив халккун  чIун вугев дун вачIиналъухъ?

Эбелалъ хисарал сухъмахъалищ?

Унго-унголъунги, рес бугебани дир, речIчIун туманкIгун чиякълъи чIван рехизе. Бугониги, гIагараб тIалъи, дун духъе вачIунев вуго. Къабул гьаве, духъе нух къосун, къваридаб къисматалда гъалатIаз мугъру чIварав дурго ТIалхIат, – гьединал пикраби каранлъги ботIролъги гьалдезе лъугьана гIумруялъул гьоко тIаса гъоркье гирулеб бугев, берцинаб гьурмада херлъиялъ жиндирго суратал рахъулев вугев, ботIрол расазда хасалил кьер чIвалеб бугев инсан.

Гьесда ракIалде ккана цин хабзалалъе щвезе. Угьун хIухьелги биччан, магIуялъе эркенлъиги кьун, тIамуна гьес росдал хабзалалъе бакIал галаби.

Гьалеха гьев урхъун рукIарал инсулги эбелалъулги хобал. Инсул заниялда квалги бан, эхетун вугев ТIалхIатида цебе чIолеб букIана гьесул согIаб сипат, амма инсул кьварараб балагьиялъ цIураб гьурмада цIакъ рекъон ккун рукIана цохIо вугев васасде бугеб рокьул цIурал берал. Гьелги гьимулел ругин кколеб букIана ТIалхIатида. Гьесда бицине жо гIемер буго васасул. Гьелъие гьанже гIураб заманги буго – гьев тIубанголъидал тIадвуссун вачIун вугев. Гьале гьабцояб хьолбохъ эбелалъул заниги. РакIгъанцIулеб сихIкъотIи. Гьев хIинкъулев вуго вагъаризегицин. Гьасда рагIулеб букIана дунялалдаго бищун хIасратаблъун ва хIайранаблъун букIине рес букIараб, амма анищлъун хутIараб эбелалъул гьаракь. Гьелъ ахIулеб, гьарулеб бугин кколеб букIана:

– ТIасалъугьа, дир вас, – илан.

Гьеб лахIзаталъ накIкIаз бакъги бахчана, пириги пирхана, зобалги гъугъадана, гъегъ гIадин, гороги бана. Гьеб батизе ккола эбелалъул гьаракьалъ васасе гьабураб лазат.  ТIалхIатица къвал бана эбелалъул заниялда. Ва гьесул пикраби роржана кьогIаб лъимерлъиялде.

 Гьале жакъаги радалго байбихьун бихьула гьаз дагIбадиялдейиланги абун, берал кIвекIизе лъугьана макьидаса вигьине кIоларого вугев гьитIинав ТIалхIат. Гьасда къойил рагIун чIалгIун букIана инсулги эбелалъулги дагIба-къец. Цо-цо мехалда рокъоса лъутизецин ракIалде кколаан гьасда.

Амма кивеха лъутилев вукIарав гьев чиякълъиялъ некIогоялдаса къвал бараб гъасдаса.

Цо къоялъ туснахъ гьавизе вачун арав эмен тIокIалъ вихьичIо ТIалхIатида. Хурул гIорхъи сабаблъун хурул мадугьалгун вагъизе ккарав гьес мадугьаласул бетIер бекун буго, речIчIун кIудияб гIадаб гамачIгун. Гьел лахIзатаз ТIалхIатидаги речIчIана къисматалъ кIудияб гьорчо. КIвечIо Рукъигатида гIумруялъул бакIаб гьир баччизе. ГьитIинав ТIалхIатги якьадалъухъ тун, мадугьалихъ бугеб росулъе росасе ана гьей. Нажабатица къо борхана цохIо вугев васасул цого цо вугев вас ТIалхIат хьихьизе. Гьес гIемер пикру гьабулаан эбелалъулги гьелда цадахъ, жинде кверги хьвагIун, араб талихIалъулги. Макьил тIагIамги билана гьесул, цо-цо мехалда рогьинегIан кьижизеги кIолароан, пикрабаз васвасун валев вукIана. Гьесиеги бокьун букIана, бабаца гурони кьолареб, гьелъул кодоб гурони кьурдулареб талихIалъул тIагIам цIузе. Зама-заманалдасан магIие эркенлъиги кьолаан гьес. Гьудул-гьалмагъзабигун гIемер унаан гьев росдада аскIоб бугеб гIалахалде васандизе. Гьале гьанисан доле доб тIарада бугеб росулъе унеб сухъмахъалъ йикъун ана ТIалхIатихъа баба.

ТIалхIатида лъалаан, росдал рагIалда бугеб сухъмахъккун, мадугьалихъ бугеб росулъан эбел базаралде унейлъи. Цо–кIиго нухалда щвана гьасие эбелалъ базаралдаса босараб тIагIам кваназе.

Амма гьитIинав ТIалхIатида ракIалдецин кколеб букIун батиларо кватIичIого эбелалъ сухъмахъ хисизе букIин ва гьелдаса хадуб эбелалъул сариназ жиндир къисматалда согIал нугIазул лъалкIал тезе рукIин.

Ва гьале цо къоялъги лъималгун цадахъ гьебго гIалахалде васандизе арав гьесда рикIкIадасанго йихьана ракьалда бищунго хирияй гIадан. Гьей цогидал руччабигун цадахъ сухъмахънухккун эхеехун ячIуней йикIана. ТIалхIатие бокьун букIана, бабайилан гьаркьалги гьарулаго, данде векерун ине. Амма гьеб бакIалдаго гIунун хутIана гьев. ГIагарлъанагIан, чиярлъулей йикIана гьесие эбел. КIалдиб бохьахъе эбелин абураб рагIиги хутIана. Эбелалъ хIаракат бахъулеб букIана гьев вихьичIеб ххвел гьабизе ва батIияб сухъмахъалдасан ине.

– Рукъигат, гьедигIанго намус тIагIун йикIине бегьилищ, гьарин, мун? МалъгIанасев васасда ккараб гIайибгIаги щиб? – илан абун, руччабаз гьелъие гьабулеб бадибчIваялъухъ гIенеккун хутIарав гьесул бадиса гьоло-гьологIанасеб магIу гирунго гирун бачIунеб букIана.

ТIалхIат рокъове лъутун ана, ва, рагъида бакъалда гIодойги кIусун квас самулуй ятарай Нажабат -кIодол накабазда бетIерги лъун, гIод–гIодун виччан тана.

Бугониги, зама-заманалдаса ракIалъги гьенир гьунарого ругел пикрабазги ТIалхIат вачунаан доб сухъмахъалде. Гьесие бокьун букIана рикIкIадасангIаги эбелалда берчIвазе. Гьесда лъалаан гьеб къоялъги эбел базаралдаса тIад юссун ячIунеблъи. БакъинегIан кIалдиб лъезе богIоллъиялъул гьитIинабцин кесек щвечIев гьесие бокьун букIана эбелалъ базаралдаса рачIунел нигIматазул хIалбихьизе. ЯхIго гьабизе кIвечIого, гьев эбелалде данде векерана. Гьесие бокьун букIана гьелъул горбода хурхун, данде гьейги къан, цодагьалъ сихIкъотIун чIезе. Амма эбелалъ нахъегIан цуна гьев, дудаса бугеб квешаб махI щибиланги абун. Гьеб параялъ къисматалъ цоги нухалда гьитIинав ТIалхIатил

гьурмалъ хъат кьабуна. Квешабин эбелалъ абураб гьеб махIги букIана гьелъул каранда кIетIелеб букIараб, амма гьезего гьечIеб рекIеца къватIибе кьолеб махI.

– Гьадай гIадан дир эбелгIаги йигодай? Щайха долъие дун вокьулев гьечIев? Дов жиндирго цIияб росулъ вугев дир гьитIинав вацако вокьулагури гьелъие. Дида ккараб гIайибгIаги щибдай? ГIорцIизегIан кваназе ресгицин гьечIо дир… – илан абун, угьун риччалел къоял гIемерлъана гьесул гIумруялъулъ.

Свана гьесул рекIелъ цохIо эбелалъ гурони бакулареб чирахъ. Галадана цохIо гьелъ гурони кьезе рес гьечIеб талихI.

Бищунго гьесул ракIбекизабуна базаралде-нахъе ячIунеб сухъмахъ эбелалъ хисун батидал.

МугIрул чIужугIадан! Огь, дур гIасилъиги вахIшилъиги! Щай дуда кIочараб дудаго тIадаб борч? Щай бахъараб лъимадухъа эбелалъул сарин? Кьижун макьугIаги кин щвараб дуда, духъ инагьдулев дурго маулхIаятги тун!? ЦIияб гъасда бакараб цIияб цIаялъ цIакъгойищ хинлъизаюрай!? Бокьун букIун батила дуеги талихI. ГIайиб гьечIо. Амма васасухъа щай гьеб бахъараб? Щай хисараб духъ гIащикъав гьев данде векерун вачIунев вукIараб сухъмахъ? Щай, щай, щай?!.

Гьале жакъаги щвана ТIалхIат эбелалъухъе. Гьелъул зонода къвалги бан, пикрабалъе ккарав гьесда цебе жакъаги чIолеб батила эбелалъул сипат. Жакъаги урхъун вуго гьев ахIун рахъинчIел эбелалъул сариназухъ.

Щвела ТIалхIат жиндирго лъимерлъи араб, чиякъго хутIун букIараб минаялъуве. Щиб лъалеб, гьениве щведал, чIаголъизе бегьула гьесул пикраби, цIидасанги тIирщизе бегьула гьел, ва цIидасанги талихIалъ жиндирго кваркьидакье вачина ТIалхIат. Амма гьес жеги-жеги такрар гьабулеб буго жаваб киданиги рагIизе гьечIеб суал – Щай хисараб эбелалъ доб сухъмахъ?

## ЛЪАБГ1ИН

ЦIалдохъабазе экскурсиялъ рачине кьураб рагIи хвезе теларилан, магIарухъа рачIарал гьалбал ругониги, Рашидат радакьго яхъана.

Жакъа классгун цадахъ гьей ине йикIана шагьаралда аскIоб бугеб рохьое. Гьенисаги рахъун, лъималаз гьутIби чIезе кколаан школалъул азбаралъур. Учительницаялъ нухда босизе сумка къачIан бахъиналде, гьелъул минаялда цебе цIалдохъабазул къокъа гIуна:

– Рашидат Юсуповна! – ян ахIдолел лъималазул гьаркьихъе гьей кьватIие яхъана. Гьанжего гьанже магIарухъа шагьаралъул школалде хIалтIизе ячIарай гIолохъанай учительница тIоцересел къояздасаго нахъе лъималазе йокьана. Рашидатги йикIана хIеренаб, недегьаб каламалъул, кигIан «захIматабилан» цогидал учительзабаз рикIкIунеб лъимер жиндего ругьун гьабун бажарулей, ТIадегIанасги гьеб хIалтIуе йижарай учительница. Гьелъ каву рагьарабго, данде ячIана ГIайшат:

– Рашидат Юсуповна, гьале дица гьитIинай Рашидатги ячана цадахъ, алъул дахIабабаца нижехъе щвезаюн йикIана гьай, магIарухъа къваригIелги тIубан тIадюссинегIан. Дун унелъул, хадуй гIодизе лъугьана гьай, дицаги цадахъ ячана, – ян абуна гьелъ, лъабго-ункьо сон барай гIадай ясги йихьизаюн. БотIролъ тIил кьабараб гIадин, чIаралъуйго хутIана Рашидат:

– Рашидат… дол берал. Дунялалда бищунго хириял берал. У. Гьай йиго дир цIар жинда лъурай АхIмадил яс. Дадалго гIадаб кIибикьараб нилъуги елъулелъул кIаркьабазда лъугьунел гьитIиналго гвендалги… Дун мекъи ккун ятизе рес гьечIо. Дур дадада цIар щибиланги абун, гьей Рашидатида цее гьункIусида гIодой чIана – кIур-кIургIарал расал, кIирикьарал цаби…

АхIмад буго дир дадал цIарилан гьитIинай ясалъ абидал, Рашидат, ракI тамахлъарай гIадин лъугьун, хIалицаго кавудал кIалтIа букIараб скамейкаялда тIад гIодой чIана.

Гьелда лъицаниги абулеб жо рагIулеб букIинчIо:

– Бихьулищха, унго-унгоги йокьулей йикIун йиго гури дун досие. Вабабайха дица гьабун тараб гъалатI! ГIадалаб чIухIиялъ тIамунаха дун дирго талихIалдаса инкар гьабизе, – ян абурал пикраби рещтIунел рукIана гьелъул ботIролъе.

Гьеб лахIзаталъ минаялда цебе бижараб гIурччинхарилъа лъабгIинги бетIун, екерун ячIана гьитIинай Рашидат:

– Лашидат Юсуповна, кидаго дадаца гьадинал лъабгIинал рачIуна ретIун. Бабацаги гьесда гIабдалин абула, кидаго дур лъабгIинал щай жиндие, тIугьдулги росун вачIайилан.

ГьитIинай Рашидатихъан босун, лъабгIин каранде къана Рашидатица. ТIинкIунго тIинкIун магIил гараз лъабгIиналда дунялалда бищун хирияб, гIагараб цIар хъвалеб букIана.

ЦIалдохъабазда цадахъ экскурсиялда йигониги, пикрабазулъ гьездаса рикIкIалъулей йикIана Рашидат. Гьезие кумекалъе гъутIбиги рахъана гьелъ, гьелгун цадахъ ясандизеги ясандана, АхIмадил гьитIинай Рашидатидаги чанго нухалъ баана гьелъ. Гьей хIинкъун йикIана Рашидатида бабал цIар гьикъизе, цощинаб гьелъ Загьиратилан абизе гурилан.

ГьитIинай Рашидатги ясалгун ясандизе ун, гьелъухъ букIараб трубка харда тIад лъун бугоан.

Цо заманалдасан телефоналъул зваргъи бахъана, ва Рашидатица трубка кодобе босана – гьелда лъана Загьиратил гьаракь, ва ургьимесалда жанисан цо бакI тIун араб гIадаб асар гьабуна гьелъие.

Гьелда тIубан бичIчIана гьитIинай Рашидат АхIмадилги Загьиратилги яс йикIин.

Аллоян ахIдолей Загьиратги тун, Рашидатица трубка гIодоб лъуна.

Риччалъе ккарай гIадин йигей гьей йорчIизаюна гьитIинай Рашидатица:

– Лашидат Юсуповна, ма дуе лъабгIиналъул квацIиййилан бегьун бачIуна гьелъ Рашидатихъе. КвацIуда гъорлъа цо лъабгIинги бахъун, «йокьула», «йокьуларо»- йиланги абун, гьелъул тIанхал тIезе лъугьана Рашидат. Гьенир ругелщинал лъабгIиналги тIун, АхIмадин шурулеб букIана гьелъ.

РакIалдещвеял… ракIалдещвеял…, ракIалдещвеял…

– Институталда лъай-хъвай ккаралдаса нахъего, рекIее гIуна АхIмадие Рашидат. КIватIичIого гьеб асар рокьуде сверана.

Цо къоялъ общежитиялда цебе бижараб харилъа чанго лъабгIинги бетIун,

«йокьула», «йокьуларо»- ян лъабгIиналъул тIанхал тIезе лъугьана АхIмад. КIаркIарунги елъун, Рашидатицаги «вокьула», «вокьуларо» «хIалаан».

ЛъабгIин бакъухъе, цIвабзахъеги «щвана» Рашидатилги АхIмадилги рокьулги бицун, моцIрода сардалги «рана» гьелъ гьезда цадахъ, къокъ гьабун абуни, лъабгIин букIана гьел кIиязулго рокьул нурлъунги нугIлъунги. Гьелъ цIунун букIана цIорой-бухIиялдасаги, берккеялдасаги, чияр мацIалдасаги гьеб кIудияб рокьул гIемерал гвангъарал сверабазул талихI.

Кинабго лъикI букIана, лъабгIиналъул лъабабилеб тIамахлъун Загьират лъугьинегIан.

АхIмадги – Загьиратги – рокьиги. Гьеле гьединаб букIана лъабгIин. Рогьалилъ гьелдасан гирун унел щубил гаразги АхIмадилги Рашидатилги цIарал ахIулаан. Амма цо заманалдасан рокьул бакIалда лъабабилеб тIанхида «рещтIарай» Загьиратица риидалги саву рещтIинабуна лъабгIиналде.

Гьелъ цIорозарурал тIанхал дагь-дагьккун речIазе байбихьана.

АскIор ругониги, АхIмадги Рашидатги  цоцаздаса рикIкIалъулел рукIана.

Бищунго талихIал лахIзатаз гьезул рокьи кьерхинабизе яккун ячIунаан Загьират.

АхIмадица кигIан гьелъухъ гIинтIамугеян гьараниги, Рашидатги кьерхунаан Загьиратида берчIвайдал. Рашидатида лъалеб букIана АхIмадие киниялдаго Загьират абун йикIин ва, АхIмадил эбелалъ абухъе, зобалги ракьалги цоцазда кьабгIаниги, гьеб ригьинги хвезе гьечIеблъи.

Загьиратилги АхIмадилги хъизамазда гьоркьоб кIудияб гьудуллъи букIана. Загьиратил эмен тохтур вукIана, ва абизе бегьула гьес хвалдаса хвасар гьаюнин АхIмадил эбелилан. Гьеб кинабго лъанагIан, хиралъулев вукIана Рашидатие АхIмад. Загьират ячине заман щванагIан, АхIмадиеги дагьайги хиралъулей Рашидатги йикIана. Кинха гьанжелъизегIан бугеб хъизамазул гьудуллъиялда тIасан хIучч цIалеб? ТIадежоялъе цадахъаб бизнесги бугеб?

Гьес хIалбихьана Загьиратилгун кIалъай гьабизе, гьелда йокьуларин абизе. ЙокьичIониги, ячинин дуца жийилан кIал гьикъана гьелъги.

ХIалбихьана гьес Рашидатилгунги хабар бицине, амма гьелъулги хIасил ккечIо.

ТIокIалъ жий йихьулеб бакIалде къагейилан лъазабуна.

Гьабуна бертин – бечIана, бакъвана, бортана лъабгIиналъул аслияб тIамах – рокьи. БукIана зурма-къали, букIинчIо рокьи. БукIана кеп-ихтилат – букIинчIо талихI. Жиндицаго туманкIги речIчIун, чIвана гьеб АхIмадица. БатичIо Загьиратидаги талихI АхIмадил рокъоб. Гьелъул чаракъосана гьаюрай ясалдаги гьес Рашидатилан цIар лъедал. Гьеб букIана АхIмадица гIумруялъего Загьиратие къотIараб тамихI. Рашидатилан ясалде ахIарабго, гьелда цее ячIуней йикIана АхIмадие йокьун йикIарай Рашидат. Рашидатил цIар ясалда лъезе лъиданиги гьукъизе кIвечIо АхIмадие. Бокьун гьечIеб батани, ясги жиндихъ тун, рокъое айилан лъазабуна гьес Загьиратида. Доб АхIмад рокъоса къватIиве гъуралдаса лъачIо Рашидатида гьесул къисмат кинаб ккарабали – гьей ана Дагъистан тун, жинца Загьират ячунарин, цодагьаб яхI бахъейилан

ахIделев АхIмадги тун. АхIмадги ана батIияб шагьаралде, ячун Загьиратгун. Амма эбелги унтун, Рашидат магIарухъе тIадюссине ккана.

ТIокIалъ гьелда район батIияв АхIмадил хабарги лъачIо…

ГIумруялъул бищунго талихIаллъун рукIарал дол лахIзатал цIидасанги ракIалде щвана Рашидатида, Лашидат Юсуповнайиланги абун, АхIмадил яс лъабгIиналъул квацIиги босун цее чIедал.

Огь сабру! Чан чIужугIаданалъха мун гьечIолъиялъ жиндирго талихI гъанкъун рехараб!

Рокъое щварайго, гьитIинай Рашидатица инсухъе кьуна Рашидат Юсуповнаялъ гьесухъе битIараб лъабгIиназул квацIи.

Гьез АхIмадие бадибчIвай гьабулеб букIана:

– Кинабго хъизанги тIолабго тухумги тIаделъаниги, кьуркьизавизе кIвечIо мун, ясалда Рашидат лъогейиланги абун. Щайха мун гьедин дандечIечIев Загьират ячинаюлеб мехалдагийилан…

Жиндир гIумруялда тIок1алъ батIияв бихьинчи вукIине гьечIилан гьедарилей йикIарай ва йигей Рашидатида, цо къоялъ классалде щвелалде, берцинаб вазаялъуб лъун батана лъабгIиналъул квацIи. Гьенисан, щибаб тIанхилъан гьелъие гьимулеб букIана дунялалда бищунго хирияб сурат, гьелда щибаб лъабгIиналъулъ бихьулеб букIана кIиго сурат – АхIмадги Рашидатги. Лъабабилеб тIамах… Унго тIадбуссинародай доб кидаялиго сабруялъухъа беэдун бажаричIеб рокьи…



**Шамил МУХIИДИНОВ**



## БЕТIЕРГЬАНАС ГЬАБ ГIУМРУ ХIАЛБИХЬИЛЪУН КЬУН БУГО

**БетIергьанас гьаб гIумру**
**ХIалбихьилъун кьун буго, -**
**БукIинесеб лъалареб,**
**БукIараб бичIчIулареб.**

**ЧIухIарасда гIадатлъи**
**ГIантлъи гIадин бичIчIулеб,**
**ГIадатасда сихIирлъи**
**БукIунилан кколареб.**

**Бечелъарав чиясда**
**Мискинлъилин кколареб,**
**Ресукъасда мискинлъи**
**ТIаса инин кколареб.**

**Кьерхани, роцIцIенилан,**
**РоцIцIани,   гьогьомиян,**
**ТIад кIалъай гьечIеб заман**
**Кидаго бачIунареб.**

**Квешал чагIи дандчIвани,**
**Дунялго чIегIерлъулеб,**
**Ракьалда сахав чиго**
**ХутIун гьечIилан кколеб.**

**ЛъикIав чияс цо пайда**
**Нилъеего гьабуни,**
**Гьесул мунагь, хатIаго**
**БукIунилан кколареб.**

**Цоял гIорцIизарула,**
**ГIемераб ризкъиги кьун,**
**Гьелъ цIодорлъарал ккола,**
**ГIемерисел гIантлъула.**

**Цогиял,  ракъизарун,**
**Ресукълъиялъ кIвекIула,**
**Гьелъ цо-цоял къвакIула,**
**КъвакIан рекарал ккола.**

**Аллагь, Дуца гIакълу кье**
**ГIумруялъул хIалбихьуй,**
**БитIун жавабги гьабун,**
**Дур разилъи босизе.**

**ЛъикI тани, щукру гьабун,**
**Квеш тани, сабру гьабун,**
**Дур хIалбихьуе жаваб**
**МустахIикъаб гьабизе!**

## ЛАХ1ДУ

**Дир чIегIераб лахIду,  къачIан бугищ мун**
**Дир къо лъугIараб черх къабул гьабизе?**
**Бакъул канлъиялъул кеп гIоларев дий**
**ГIолел нурал ругищ дур хIужраялъур?**

Евроремонталда рекъоларев дун
Рекъолеб хIалалда къачIан бугищ мун?
ХIулидул бусада сасунареб черх
Сасунеб хIалалда хIадурун бугищ?

Къаданиб къандалъо кинабдай бугеб,
Кепалда кьижизе рес гьелъ кьеладай?
Ракьалъул гIатIилъи кигIандай бугеб,
ГIолебго гьечIин гьеб чIаго вукIаго?

ГIарац-меседалъул нахърател лъезе,
АскIоб рукъ гьабизе рес букIунарищ?
РакI гъезе аскIоре зияраталъе
РачIунел гIадамал гIемер рукIунищ?

Суалал, суалал... БакIал жавабал.
Херлъидал... кватIарал хиялазул цIал!
Ахираб рукъалъул къваридаб сарин,
ХатIа-мунагьазде тавбуялъул си.

Аллагь гурхIиялде цохIо бугеб хьул,
Гъанкъулесе кквезе аскIоб бугеб сум.
БетIергьан гурхIилин букIуна хиял...
Жакъаги бухъана росулъ цоги хоб...

## ХИНАЛ УЛКАБАЗДЕ НУЖ УНЕБ МЕХАЛЪ

Хаслихъе сапаралъ рахъунел хIанчIи,
Дунги ваче цадахъ цо нухалъгIаги,
Нухда нужер хьвади дидаги лъазе,
Нужер бераздалъун дунял бихьизе.

Хинал улкабазде нуж унеб мехалъ,
Диеги бакI гьабе нужер кьеразулъ,
Нужеца хIехьараб хIехьон вукIине,
Нужеда бихьараб бихьун вукIине.

Нуж нухда унелъул дагIбадулелищ,
БетIер кин нужеца тIаса вищулев?
Свак чучизе гIодор рещтIунеб мехалъ,
Лъил пикру нужеца гIадахъ босулеб?

ЗагIипазе нужер кумек букIунищ,
КIудиязул адаб кинан гьабулеб?

Бечелъи батани, кинан бикьулеб,
Бергьараз къурахъа гьеб бахъулебищ?

Нужер гIамалалъулъ чIухIи букIунищ,
Щивго рикIкIунареб хасият бугищ?
Нуж рикь-рикьичIого кинан хутIулел,
Нухлул мурадазе кин мукIурлъулел?

Дие бокьилаан, нужгунги воржун,
Нужедасан мисал босун хьвадизе,
Вуссиндал, цолъизе кин кколебали
Гьал магIарулазда бичIчIизабизе.

ХIинчI-къедалъулгIанаб гIакълу гьечIого,
Къеркьеялъ церетIей лъугьунарелъул,
Нужей БетIергьанас кьун бугеб гIакълу
ГIадамазги цо-цо хIалтIизабизе.

## АБУГЕ ДИДА…

Абуге дида дун цIакъав вугилан,
ЦIа боркьараб рагъулъ дун гIахьаллъичIо,
ГIемераб рецц гьабун веэдуге дун,
Дирго напсгунгицин вагъун бергьинчIо.

Дун АхIулгохIалда гъазизабигун
Дол гъарачагIазда данде вагъичIо,
Гъулдузул Дагъистан цIунулеб мехалъ,
ЦIа гIадав Шамилил хьолбохъ вукIинчIо.

ЧIвалеблъи лъаниги, рузманалде ун,
Имам ХIамзат гIадин, шагьидлъун хвечIо,
ВатIаналъе гIоло, диналъе гIоло
ГIумру кьуразда гъорлъ дица цIар хъвачIо.

ЛъикIлъийищ, квешлъийищ? - Дида лъаларо.
Лъезе те Аллагьас цIадирабазда. -
Дагъистан чIухIарал багьадуразул
Бицен рагIарабго дун цIавуцIуна.

ЦIиял гIелазулъгин гIолохъабазулъ
Дида цо-цо гьезул гIамал бихьула,
Дол бахIарзазул ирс бидулъ хьвадулел
Дагъистаниязде рокьи букIуна.

Дагъистаналъул рухI рукьбалъ хьвадичIез
Дие, дир халкъ какун, калам гьабуге,
ГьитIинаб гIунгутIи, гIочIотIаги ххун,
Байрахъ гIадин, цебе парпазабуге.

РачIа, цин нилъерго пикруги гьабун,
Цо тIанкIгIанабгIаги пайда гьабизе,
Гьал илбисазул рецц уябинги ккун,
КваритIеги рахун, кьурдунгутIизе.

Аллагь, Дуца хIал кье, кьурабазул халкъ
Хварал гIамалаца гуккунгутIизе,
Умумузул ирсги гIодобе рехxун,
ГIаданлъи тIубанго лъугIунгутIизе.

## ХИНАБ ГЬУРИ

Рокьиялъул асар тIугьдузде сверун,
ТIолабго дуниял цIезабуниги,
ЧIухIиялъул хьухьилъ бералги рахчун,
БихьичIеб ххвел гьабун, тIирун чIана мун.

Дир гIищкъуялъул ицц, гIоралльун лъугьун,
Ралъадал цIезарун тIибитIаниги,
ТIасан ялагьарай, гIодое къулун,
Гьелде бер тIамизе бокьичIо дуе.

Дур гIумруго ана, чIухIарал рихьун,
Рорхатал сиязда ракI хурхинабун,
Хехго гьелги, тIупун, цереса тIагIун,
ГIемераб къакъана къисматалъ дур ракI.

Дур дида рихьарал къадруял рахъал
Ракьалда рихьулел ратичIо дуда,
Мун ракьулъе ана дурго чIухIигун,
ЧIахIиял балагьаз кIвекIараб ракIгун.

Дидаги батана рекъараб къисмат,
Гьелъиеги гIураб батана хIасрат,
Амма доб дудехун букIараб асар
ХутIана гIумруялъ хинаб гьурилъун.

## РАМКА

Дица рамкаялъуб лъуна дур сурат,
ЛахIзат ун букIинчIо, бухIун ана чехь,
Киндай кIвараб дида дунялго цIураб
Дур сипат цIорода нахъа бахчизе!?

Дур хасияталъе, дур гIамалалъе
Дица кьураб рамка - кинан гьеб гIолеб!?
Дуе гIорхъи лъезе, дуе гIуж базе,
Аллагьги цеве тун, дир ихтияр щиб!

Аллагьасул гIорхъи, гьелъул гIатIилъи,
Гьебцин гIоларезе дир рамка гIелищ?
Дица бахъун рамка нахъе реххана,
Дуе шаргI къотIизе дун къади гурин.

Дуй Аллагьас кьураб духъа бахъулев,
Дуй Халикъас кьечIеб кьезе лъугьунев,
Гьаб дир гIамалалъе гIадлу гьабизе
ХIал кIолев БетIергьан, Мун тIаса лъугьа.

## ЩАЙ, ГЬУДУЛ, Ц1ИДАСАН...

Щай, гьудул, цIидасан жакъа бицунеб
Нилъер гIумруялъул кьерханкъоязул?
Зобги роцIун буго, бакъги щун буго,
Щай цIидасан ахIун араб гъугъади?

Щай дуе цебего букIараб гъалатI,
ТIаде бахъинабун, цадахъ бачине,
БетIергьанасгицин чурулеб мунагь,
ЧуричIеб горделъун, ретIине кьезе?

Дица мунагьазде тавбу гьабуна,
Танкан, гьелги кIочон, цеве вилъльине.
Ккараб дагIбаялда тIаса лъугьана,
Нухда квал-квал гьечIеб гIумру букIине.

Кин кIолеб, гьанжеги, букIараб кьерхен
Кьавулъун рекIеда рекIинабизе,
РоцIараб зодисан цIадги базабун,
Биччун букIараб ракI бакъвазабизе?

Дица дол гIумрудул кьерхарал къоял,
КъотIун, нахъе гурищ некIого рарал,
Херлъи тIаде цIалел кьогIал лахIзатал,
КьуртIе вахун, гурищ гъоркье рехxарал!

Гьединлъидалин дун нилъер Халикъас
КъартIалда жегиги дуй цIунун вугев.
ЩIа дагьлъараб лахIзат нилъер букIинчIин,
Араб бицинчIого, къвал базе ячIа!

## БОРЧ1А, КЬИЖАРАБ БАЦ1

**БорчIа, кьижараб бацI, кьурукь хинаб бакI**
**Батунин, тирилъи тархъизе тоге.**
**Турараб гьан бугин дуе реххулеб,**
**Бохдул хIалтIичIого хIалхьи босуге!**

**ЧIобого гьан щванин боххун лъугьунге,**
**Хадуб тIамулеб хIетI гудратIе кколин,**
**Кепаб зурма-къолол гьаракь бокьуге,**
**БацIил руруялде гьеб бахунарин.**

**БорчIа, кьижараб бацI, цIиял чудказул**
**ЦIиял хьулал ругин дуе къор гъезе,**
**Къуват хIалтIизабун хIассил ккечIилан,**
**ХIилладул гвенд бугин дуе бухъулеб.**

**БацIил тухумалда божи гьечIилан,**
**Жунжра базабулеб бугин халкъалда,**
**КIибетIераб цIудул, къайсарханасул,**
**Хиялал, анищал тIуралел ругин.**

**БорчIа, кьижараб бацI – кьурабазул халкъ,**
**КьабгIи щвезабулеб бугин нужеда,**
**Нужер гIамал цIунун, гIадат, мацI цIунун,**
**ЩIидасан рахъине кколеб хIал бугин.**

**Кин, мугIрузул мацIги тIагIине биччан,**
**Бадир ралагьилел нуж умумузда?**
**Умумузул сахал кьалбалги къотIун,**
**Кьижун чIани, гьород кирдай хъамила?**

**Гьанже, Западалъул забаниятаз**
**Зулму гьаб ракьалда бекьулеб мехалъ,**
**Пикру гьабизецин къалеб чороклъи**
**Кибго тIибитIизе гьабулеб мехалъ,**

**БорчIа, кьижараб бацI, хун батичIони,**
**Хварал гIамалазда цебе сангар къай!**
**Къиматаб жавгьарлъун мунго хутIизе,**
**Руруде: хирияб Дагъистанилан.**

**Руруде, зобазда нужер руруди,**
**Зикруялде сверун рагIулеб хIалалъ,**

**ХIалихьатлъиялъул рахIат холедухъ,**
**Умумузул лахIду нуралъ цIоледухъ.**

**БорчIа, кьижараб бацI, цIа рекIараб ракI**
**ЩIиял гIелаздаги бихьизе гьабе,**
**Умумузул къадру, къиматабщинаб,**
**Нухаб хутIичIого, цIунизе тIаме!**

**Нуж рокьуларезул рукьбал рекизе,**
**Иманалъул хIубал рахъун чIезаре,**
**ЧIухIарал мугIрузул сси борхалъизе,**
**Исламалда куцай киналго тIанчIи!**

**ТIадегIанав Аллагь, квербакъи гьабе**
**Гьаб Дагъистаналда дин щулалъизе,**
**Щущан унел ругел гьал бацIил тIанчIи**
**БуцIцIараб хъизанлъун цолъизе гьаре!**

## БИСАЛ ВА Ц1УМАЛ

**ЧIухIун балагьун чIун буго мугIрул бис,**
**ГьитIинаб чIинхъиялъ гьеб тIуркIуларо,**
**ТIун кьуру аниги, гьеб кьуруларо,**
**Кьварун балагьула сабурал бераз.**

**АскIорго рихьула цIумал сверулел,**
**Бисазулгин гьезул цого хасият:**
**Борхалъи хиралъи, эркенлъи бокьи,**
**БахIарчиго каранлъ кIутIулел ракIал;**

**Гьудулги тушманги ваккулаго лъай,**
**Щивасда рекъолеб жаваб кьезе кIвей,**
**Рогьалилъ бакъуда тIоцебе дандчIвай,**
**Къаси моцIрол канлъул кеп босизе лъай.**

**Нагагь ВатIаналде тушман ваккани,**
**Бисаца рахъула хвалчаби-лълъурдул,**
**ЛъикIаб гуреб къасдгун щив вачIаниги,**
**Къарукъун тIад речIчIун тIутIула цIумаз.**

**Гьезий хвел бокьула лагълъиялдаса,**
**Лъала, гIасрабазул тарих цIалани,**
**Цо цIумалда чIор щвей - гьеб тохлъи гуро,**
**Цо бис гудраца кквей - гьеб рогьо гуро.**

Гьаб Дагъистаналда цIумалги руго,
ЦIа щанкIлаца хъвалел бисалги руго,
РачIунге мугIрузде хъубал ракIалгун,
РачIаразул къисмат цIеххон гурони.

## ДАГЪИСТАН

ХIалуцараб гIищкъугун,
ГIажаибаб рокьигун,
ГIедегIун вахуна дун,
Дагъистан, дур тIогьазде.

Эбелалъухъ урхъараб
ГьитIинаб лъимер гIадин,
Инагьдула, Дагъистан,
Дир ракI дур зобалазухъ.

МугIруздасан гIурухъе
ХIалакун чвахxулеб лъар,
Лъала, гьеб - дур каранлъан
Дий чвахxулеб рахь буго.

Рохьор тIанхазул гьаракь,
Гьорол гIажаибаб сас -
Дир кинидахъ ахIулеб,
Дагъистан, дур кечI буго.

Дун воржуна мугIрузул
ГIурччинал сагабахъе,
ГIажаибго берцинал
ТIугьдуз сагьвил гьавула.

ТIасан паркъун роржунел
Милъирщаби рихьула,
Дир пикру духъе гIадин,
ТIанчIахъе гIедегIарал.

ГIодула дун, Дагъистан,
Дур къуру тIураб мехалъ,
Дур гIасрабаз цIунараб
Сипат хисанин абун.

Хола ракI, гIор гьалаглъун,
Кьоял риххараб мехалъ,
Духъе рачIунел гьалбал
Цодагьал кватIилилан.

Дуниял бихханиги,
ТIоларо дун дудаса,
Дир умумузул кьалбал
Кьурабалъан кIанцIана.

Дагъистан, къвалги жемун,
Къала дица каранде!
Къисмат, дуе баркала
Дун гьанив гьавуралъухъ.

Дагъистаналъул гьунар
Дунялалдаго лъала,
ЖахIдачагIаз цIаралде
РагIад ккезабуниги.

БетIергьан, Дуе щукру,
Гьаб дир бокьулеб ВатIан
Баракатаб бокIонлъун
Дунялалда гьабидал.

## ДИР РОЦЕН

Дун вукIана ракI-ракIалъ
РекIелъ бугеб гьурщулев,
ГIумруялъулъ дандчIварал
ХIикматазул бицунев.

Бицана гIадамазул
Сахаватал ракIазул,
Сахаб асар дилъ тарал
Цересел умумузул.

**Бицана бахIарчиял**
**ЯхI бугел гIадамазул,**
**РекIелъ чирахъ бакиялъ**
**Нур бецIцIулел гьурмазул.**

**Гьунар цIикIкIун бугебгIан,**
**ГIаданлъи цIунаразул,**
**ГIелму-лъай цIикIкIанагIан,**
**ГIадатго хьвадаразул.**

**Дий вокьана лъикIав чи,**
**Лъида гъорлъ ватаниги,**
**Лъелазулъ, рекIаразулъ**
**БатIалъи гьабичIого.**

**Гьезулъ гIадинаб лъикIлъи**
**Дилъго батичIониги,**
**ГьечIолъиялъул гIайиб**
**Дидаго букIаниги.**

**Дида ккола гIадамал,**
**Бакъ гIадал, хинал ругин,**
**Хинлъи дилъго дагь букIун**
**Кколеблъун батаниги.**

**Дунялалъе чIаголъи**
**ЛъикIал гIадамаз кьола,**
**ЛъикIал гурелги чагIи**
**Камун гьечIонаниги.**

**ЛъикIал, квешал рорцунеб**
**Роценги дихъ гьечIелъул,**
**Дир пикру цо-цо мехалъ**
**Мекъи ккунги батула.**

**Дие квешлъи гьабурав**
**Квешавлъун ватуларо,**
**Тохлъукье, цо нухалда**
**Ккараб гъалатI батула.**

**Дие лъикIлъи гьабурал,**
**Гьудулзабилъун тарал**
**Илбис-щайтIаналъ гъоркье**
**Реххиги камуларо.**

**Дирго гIадинаб мунагь**
**Цогидазул кканани,**
**Роцен дир цогиясе**
**БатIиябги батула.**

**Бугониги, гIадамал**
**Дие хириял руго,**
**Хирияв нижер Аллагь,**
**Мун гьезда тIаса лъугьа;**

**Диего гьаранщинаб**
**Гьезиеги щвезабе,**
**Дунги дий рокьаралги**
**РитIун ккаралллъун гьаре;**

**Дир дугIа гьезиеги,**
**Гьезул дугIа диеги,**
**ГIахьалго къабул гьабун,**
**Ахир битIун ккезабе.**

**Дуниялалъул рокъор**
**Хьвадизе лъан бахъинчIел**
**Дурго лагъзадерида**
**ГурхIел гьабе, БетIергьан!**

## МУН БЕРГЬАНА, ДУН КЪУНА

**Дир хабада чIван бугеб гIадатаб ганчIил зани,**
**ЧIухIаниги бегьила – мун бергьана, дун къуна.**
**Къокъабго гIумруялъулъ дир хIатIикь букIана мун,**
**Гьанже мун бахъун чIана, дун дур хIатIикье ккана.**

**Дир гIумрудул тIехьалъул ахиралда лъураб тIанкI,**
**ТIолго къисмат буссана борхатаб заниялде,**

Хириябан, цIакъабан дица гьабураб гIумру
ГIурдалъе ун, харбие, хабалалъ зани тана.

БоцIи данде гьабуна, гьундул кIудиял рана,
Гьезул къисмат лъаларо – хабалалъ зани тана.
Зигар-бакъгун, къацандун, къел ккун гIумру тIамуна,
ТIехь-квачIалде вуссана – хабалалъ зани тана.

Диего гьечIеб гIакълу гIадамазе бикьана,
Пайда ккараб лъаларо – хабалалъ зани тана,
ЛъикIаб-квешалъул гIорхъи батизе захIмалъана,
Лъималин чIучIадана – хабалалъ зани тана.

Эбел-инсул малъараб босизе дун кватIана,
КватIана тавбуялъе – хабалалъ зани тана.
Аллагь гурхIичIонани, ворчIизе бакI дир гьечIо,
БетIергьан, хвасар гьаве – хабалалъ зани тана.

Дир тIолго гIумруялъул нахъе хутIараб хIужа -
ЦIорораб гамачIалде сверараб дир чIаголъи.
Дир хабада чIван бугеб гIадатаб ганчIил зани,
ЧIухIаниги бегьила – мун бергьана, дун къуна.

## ГЪУДУЛ ВАЧ1АНА ДИХЪЕ

Гъудул вачIана дихъе,
Щибго гIилла гьечIого,
Гьадинго, дида аскIоб
РекIее рахIат букIун.

РекIетIаса рекIетIе
Вацлъиялъул кьо букIун,
ЛъикIаб-квешаб дандбаялъ
Лъай камиллъулеб букIун.

ГIакълуялъул нахърател
Бикьун гIемер гьабизе,
Бугеб хIалбихьиялъул
Пайда гIахьал гьабизе;

Гьадинго, ракIгъезабун,
РекIел ругънал сахлъизе,
Сахлъи, бугеб хIал цIехон,
ХIажалъани, ватизе.

Гъудул вачIана дихъе,
Рогьалида бакъ гIадин,
РекIелъа, пикрабалъа
БецIлъи нахъе къотIизе;

ГIадлу гьечIел пикраби
Тартибалда сокIкIине,
РекIелъа щайтIанияб
Асар нахъе лъухьизе.

Гъудул вачIана дихъе,
Дир рекIелъ их рещтIине,
Ихдал гIадин, тIолабго
Дир тIабигIат цIилъизе;

ЦIи-цIиял мурадазде
Дун кантIизе гьавизе,
Дир, бечIалеб букIараб,
РакI роххелалъ лъалъазе.

**Баркала дуй, дир гьудул,**
**Сахаватаб ракIалъухъ,**
**Гьал дуца дие кьолел**
**Лазатал лахIзатазухъ,**

**Аллагь, нижер гьудуллъи,**
**Даим кунчIизе гьабе,**
**Дунял тараб мехалъги**
**Пайда кьолеблъун гьабе!**

## АНА ГУРИЩ АБ Г1УМРУ

**Малайказ ва илбисаз**
**Цоцахъе вахъи гьавун,**
**Цо хIал ккун толарого**
**Ана гурищ аб гIумру.**

**ГIакълуги гIадаллъиги,**
**Цоцалъе къеркьолаго,**
**ЛъугIел гьечIеб кьалалда**
**Ана гурищ аб гIумру.**

**ТIадегIанасе тIагIат**
**ТIанкIгIанцин гьабичIого,**
**Анищал, хиялазда**
**Ана гурищ аб гIумру.**

**АскIор щванин кколаго**
**Кодоса боржун унеб**
**ТалихI балагьулаго**
**Ана гурищ аб гIумру.**

**Бицине лъаралщиназ**
**Махсароде кколаго,**
**Коммунизм гIуцIулебан,**
**Ана гурищ аб гIумру.**

**Алжан гьаб дунялалда**
**БукIунареб лъачIого,**
**Ахират кIочене тун,**
**Ана гурищ аб гIумру.**

**БоцIи-малалъул гуреб**
**МацI лъаларел чагIазе**
**ГIадада хIалтIилаго,**
**Ана гурищ аб гIумру.**

**РакI беццаз беццлъизавун,**
**РакI гIинкъаз гIинкълъизавун,**
**РакьулгIанхрил кинигин,**
**Ана гурищ аб гIумру.**

**Аллагь, щибха хутIулеб**
**Херлъараб заманаялъ?**
**Къабулаб тавбуялда**
**Ине гьабе хутIараб.**

**ТIагIаталъул гьуинлъи**
**РекIелъе лъугьинабун,**
**Мун разилъулеб хIалалъ**
**Ине гьабе хутIараб.**

**ГIолохъанаб мехалда**
**Гьарурал мунагьазул**
**ГIоралъ ине биччаге**
**ГIумруялъул хутIараб.**

**Хирияв Аллагь, Дургин**
**Дур илчи МухIаммадил**
**Амрабазда нахъ вилълъун**
**Ине тIаме хутIараб.**

## АЛЛАГЬАС Ц1УНАГИ

**МагIарул мацIалъул борхатаб мегIер**
**ГIасрабаз букIана Дагъистаналда,**
**Гьелъул къадруялъул къимат цIунизе**
**ЩIадар кIанцIулелги камичIо васал.**

**МагӀарул мацӀалъул мугӀрул тӀогьире**
**ГӀасрабаз ххарулел камун рукӀинчӀо,**
**КенчӀезаруна гьез мугӀрузул тӀогьал,**
**ТӀолго гӀаламалъе канлъи кьоледухъ.**

**МагӀарулаз гӀумру чодул кьолониб**
**Чилъи цӀунулаго ине гьабичӀищ?**
**Чанил сухъмахъалъан цӀумахъеги щун,**
**Гьезул мисалалда хьвадизе лъачӀищ?**

**МагӀарулаз гурищ гьудулзабазда,**
**Гьел хӀайранлъуледухъ, дандчӀвай гьабураб,**
**ЧӀухӀарав тушманас гӀорхъи бахани,**
**Надиршагь кинигин, щущазавурав?**

**Нилъ гьел бахӀарзазул наслу батани,**
**ХӀал лъазе биччаге, цӀуне рахьдал мацӀ!**
**Рохьор жанавараз хисулареб мацӀ**
**Хисани, нилъеда цӀар кинаб лъелеб?**

**Киназго шигӀрабалъ ахӀулел мугӀруз**
**Нилъ, нагӀанаги кьун, нахъе къотӀила,**
**Къиматаб хазина – магӀарул гӀамал,**
**Нужей хӀарамлъанин, нахъе бахъила.**

**Нилъерго бакънаlги рачине гьукъун,**
**Чияр бакъназухъе кьурдизе ккела,**
**Кьурабалъ ханлъуда рукӀарал чагӀаз**
**Чияй лагълъи гьаби хӀехьезе ккела.**

**Чияравин инжит гьавунгутӀизе,**
**МагӀарзулкъалал, куц хисизе ккела,**
**ВатӀа вахъизе лъан лъикӀ ккеларилан,**
**Къо гьоркьоб бахъун, рас белъине ккела.**

**Ле, магӀарул инсан, къабихӀлъана мун,**
**МагӀарул мацӀалъул гьуинлъи лъачӀев,**
**Умумузда цеве хилиплъана мун, -**
**ХвечӀониги, чӀвазе зани балагье!**

**Аллагьас цӀунаги магӀарул мацӀалъ**
**ВагӀза гьабулареб заманалдаса,**
**Заман мутӀигӀлъарал шагӀирзабазул**
**ЦӀарал кӀочон тараб гӀасруялдаса.**

## РАК1 ССУДУЛЕБ ДИР ГЬАРИ

**ЧваххунцӀадалъ ракьалъул
Гьумер чурулеб гӀадин,
Чуре, Аллагь, тӀолалго
Дихъан ккарал мунагьал.**

**Гьелъ гьаваялда бугеб
ХӀур тӀупулеб кинигин,
ТӀупун тӀагӀине гьаре
Гьарун ккарал гъалатӀал.**

**ГӀумруялъул саназул
Сипат сурукъ гьабураб,
Сурараб хьвада-чӀвади
БукӀинчӀилан те, Аллагь!**

**Илбисалда къвалги бан,
КъабихӀго араб заман,
Заманалъулъе рикӀкӀун,
РакӀ бекизе гьабуге.**

**БетӀергьан гурхӀулезулъ
ГурхӀел кӀудиявлъидал,
Лъан-лъачӀого дир ккарал
Мунагьал рахче, Аллагь!**

**Харадуниб гьабураб
Тавбу къвакӀулеб гьечӀин,
Тамахаб гьеб къвакӀизе
Къуват Дуца кье, Аллагь!**

**Унтараб напс даруялъ
Сахлъулеб хӀал дир гьечӀин,
Гьал сахал гӀадамазул
Баркат щвезабе, Аллагь!**

**Эзде бугеб рокьиялъ
Дир  цо-цо хьул кунчӀулин,
Керен-ракӀ дир сахлъизе
Сабаблъун гьаре, Аллагь!**

**ХӀур тамахалъув хьвадун,
Тату хун свакан вугин,
КьучӀаб нухда хьвадизе
Дие жигар кье, Аллагь!**

**Гьегьал кунчӀиязухъе
Вортанхъилев хутӀанин,
Камилаб нур бихьидал,
Гьелъухъе ваче, Аллагь!**

**Исламалъул ралъдалъе
Нух батун воххун вугин,
Лъедезе ругьун гьавун,
Гьелда тӀовитӀе,  Аллагь!**

**КиналъулгӀаги кверщел
Кодосев Мун вугелъул,
РакӀ ссудулеб дир гьари
Къабул гьабе, дир Аллагь!**

## УНТИЯЛТ1А ТАЖ ЛЪУНА

**Умумузул кьварриялъ
Кьварарал васалги кьун,
КьогӀав тушман нахъги чӀван,
ЩӀунараб дир Дагъистан,**

**Дугъдараб квар чучарал
Чилъи дагьал ирсилаз,
Борхьалги кӀалалъ хьихьун,
ХьуцӀалде сверун буго.**

**Бахьи бугеб къавмалъулъ
КъабихӀлъиги гӀемерлъун,
ГӀадлугин тадбиралда
Тохаб унти ккун буго.**

**"Толерантность" абураб
РагӀи баккаралдаса,
Тухьулабаз, вахьнабаз
ТӀадлъи босулеб буго.**

Кинавго чи цоцазде
Тударизе лъугьиналъ
Хъубаб хIацIул полпица
Вахчуларев чи гьечIо.

Чилъи тIокIав малаик
Ракьалда ватаниги,
Рокьукъаб ралIул чIораз
ЧIвазе роргулел руго.

ГIадлиял къануназул
Къуват гIарцуца бекун,
Мискинасде гурони,
Асарго кколеб гьечIо.

РитIухълъи, асир гьабун,
Туснахъалъубги тIамун,
Саяхъаб тIекълъи буго
Халкъалда малъарилеб.

Напс квегъизе кIвахIаллъун,
ХIалихьалъи цIикIкIиндал,
ХIал кIолев БетIергьанас
УнтиялтIа таж лъуна.

Лъиданиги лъаларел
Балагьал тIаде риччан,
ТIабигIат гIадамазул
Квегъулеб нух батана.

ГIантав цIодорлъиларо,
Гьеб лъаларев чи гьечIо,
Лъай-гIакълу бугезниги
Пикру гьабилародай.

Гьаб дунялалъул кверщел
Кодосев Аллагь вукIин
Беццал гурел ракIазда
БичIчIизе кIвелародай?!

Кодоб кквезе гIоркь гурел,
ГIодоб лъун, тIину гурел,
Цо-цояз жидеего
Кьолеб кIудияб къимат.

БотIролъ гIакълу тIирщичIез,
ЧIагояб пикру гьечIез,
ЧIухIун, суд къотIулеб куц
Къадруял гIадамазе.

ГIадамил лъимералъе
Хасиятаб батила
Бажари гьечIевгIан чи
РагIулдузлъун лъугьунев.

РекIкIав чияс киналго
РекIкIал ругин рикIкIуна,
Гьунаралда бугьтан лъей
БукIунареб жо гуро.

Иманалъ кунчIи чIвачIел,
Исламалъул махI чIвачIел,
ЧIухIухъаби ракьалда
Жегиги гIемер руго.

ГIадамал гъоркье ралел
Илбисал камуларо,
Аллагь, цIуне гьездаса,
Дунгоги дирщиналги.

Гьаб дуниялго цIуне,
Жидей боцIи щвезелъун,
ЩIа халкъазда бакулел,
ВахIщиял гIанграздаса.

Дуца рижарал лагъзал
ЧIухIиялъ чIвалел ругин,
ЧIаго ругел хваразухъ
Урхъулеб хIал биччаге!






РОССИЙСКАЯ АКАДЕМИЯ НАУК
ДАГЕСТАНСКИЙ НАУЧНЫЙ ЦЕНТР
БОЛМАЦ

Индекс годовой - 63333
Индекс полугодовой - ПМ962

# Гъудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гъудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гъудуллъун ккве* ***«Гъудуллъи».***

